**B.QUTLI'MURATOV, N.TA'JENOV,**
**B. QA'LIMBETOV**

# WOQI'W KITABI'

2-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi ta'repinen tasti'yi'qlang'an*

NO'KIS
«QARAQALPASTAN»
2016

УДК: 372.41(075)
ББК: 83.2Qar
Q-92

**B.Qutli'muratov, N.Ta'jenov, B.Qa'limbetov.** **«Woqi'w kitabi'».** 2-klass ushi'n sabaqli'q. No'kis: «Qaraqalpaqstan» 2016-ji'l, 192 bet.

**Respublikali'q maqsetli kitap qori' qarji'lari' yesabi'nan basi'p shi'g'ari'ldi'**

## *Sha'rtli belgiler:*

Sorawlar    Tapsi'rma    Soraw ha'm tapsi'rma

ISBN 978-9943-4624-6-5

©«O'zbekiston» BPDU', 2014
©«Qaraqalpaqstan» baspasi', 2016
© B.Qutli'muratov ha'm basqalar, 2016

# TUWI'LG'AN MA'KANI'M — GO'ZZAL BOSTANI'M.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' MA'MLEKETLIK GERBI



## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' MA'MLEKETLIK BAYRAG'I'



# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' MA'MLEKETLIK GIMNI.

*I. Yusupov so'zi.*
*N. Muhammeddinov namasi'.*

Ja'yhun jag'asi'nda wo'sken bayterek,
Tu'bi bir, shaqasi' mi'n' bolar demek,
Sen sonday sayali', quyashli' yelsen',
Ti'ni'shli'q ha'm i'g'bal sendegi tilek.

**Naqi'rati':**
Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qi'p, kiyik qashar sho'linde,
Qaraqalpaqstan degen ati'n'di',
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

Aydi'n keleshekke shaqi'rar zaman,
Ma'rtlik miynet, bilim jetkizer wog'an,
Xalqi'n' bar azamat, dos ha'm miyirban,
Yerkin jaynap-jasnap, ma'n'gi bol aman!

**Naqi'rati':**
Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qi'p, kiyik qashar sho'linde,
Qaraqalpaqstan degen ati'n'di',
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

# G’A’REZSIZ O’ZBEKISTANI’M, MA’N’GIGE JASA!



O’zbekistan Respublikasi’ — biyg’a’rez ma’mleket. O’zbekistanni’n’ paytaxti’ — Tashkent qalasi’. O’zbekistanda tu’rli millet xali’qlari’ jasaydi’. Wolar bir-biri menen dos.

1-sentyabr — O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ g’a’rezsizlik ku’ni. Xalqi’mi’z bul ku’ndi ha’r ji’li’ u’lken ko’terin’kilik penen bayramlaydi’.

## A'ziz O'zbekistani'm.

Gu'ller bag'i' da'stani'm,
Ti'ni'sh ashi'q aspani'm,
Baxti' ku'lgen bostani'm,
A'ziz O'zbekistani'm.

Balali'g'i'm da'wrani'm,
Toli' — tartqan ka'rwani'm,
Qi'zi'l — u'ygen qi'rmani'm,
A'ziz O'zbekistani'm.

Senin' menen baraman,
Men baxi'tli' balaman,
Sag'an sadi'q bolaman,
A'ziz O'zbekistani'm.

*N. Muwsaev.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'p ha'm yadlap ali'n'.



## Tashkent.

Tashkent — go'zzal, suli'w qala. Wol — O'zbekistanni'n' paytaxti'. O'zbekistan Respublikasi' bir mi'n' tog'i'z ju'z toqsan birinshi ji'li' birinshi sentyabrde wo'z g'a'rezsizligine iye boldi'. Tashkentte biyik-biyik ko'p qabatli' jaylar, miymanxanalar, «Tu'rkistan» ha'm «G'a'rezsizlik» saraylari', muzeyler, teatrlar, kitapxanalar, parkler bar.

Tashkentte du'ziw, suli'w ko'sheler, shi'rayli' bag'lar ko'p. Wolar qalani'n' ko'rkine ko'rik qosi'p tur. Tashkent qalasi'nda suli'w yetip sali'ng'an Metro bar. Wonda poezdlar ti'nbay qatnap tur. Tashkenttin' yen' suli'w jeri — G'a'rezsizlik maydani'. Wonda u'lkenler de, jaslar da, balalar da seyil yetip, ra'ha'tlenip dem aladi'.

1. Tashkent qanday qala?
2. Tashkentte neler bar?
3. G'a'rezsizlik maydani'nda kimler seyil yetedi?

# BIZIN' WATANI'MI'Z — QARAQALPAQSTAN.

## Qaraqalpaqstan — menin' Watani'm.

Watandi' su'yiw yen' da'slep ata-anan'di', wo'z u'yin'di, tuwg'an-tuwi'sqanlari'n'di' su'yiwden baslanadi'. Bizin' tuwi'lg'an jerimiz — Qaraqalpaqstan. Yelimiz wo'z aldi'na ilimli, ma'deniyatli' u'lkege aylandi'. Bizin' tuwg'an jerimizde bir neshe mi'n'lag'an xali'q jasaydi'. Qaraqalpaqstanda ko'p g'ana milletler bar. Wolar arasi'nda alawi'zli'q joq. Ha'r bir millet wo'z ana tilinde woqi'ydi', ten' huqi'qta miynet yetedi. Wolar birge jasap, birge toy beredi, quwani'shi'na, jetiskenligine birge quwanadi'. Qaraqalpaqstanni'n' ta'biyati' wog'ada bay. Woni'n' ko'pshilik jerin U'stirt ken'isligi ali'p jatadi'. Bul ken'islik mal sharwashi'li'g'i' ushi'n wog'ada jayli'. Wonda gaz bayli'qlari' bar. Bizde paxta, sali' ha'm tag'i' basqa yeginler yegiledi. Tawlari'nan quri'li's materiallari' ushi'n ko'p na'rse wo'ndiriledi. Gerbish, temir, beton

konstrukciyalari'n shi'g'aratug'i'n, avtomobil, awi'l xojali'q mashinalari'n won'laytug'i'n, tag'i' basqa wo'ndiris wori'nlari' bar. Taqi'yatas GRESi Respublikani' elektr energiyasi' menen toli'q ta'miyinleytug'i'n Worta Aziyali'q elektr ju'yesine qosi'ldi'. Qaraqalpaqstan temir jol, hawa jol qatnasi' arqali' yelimizdin' ko'pshilik qalalari' menen baylani'sqan. No'kiste baspaso'z worayi' bar. Bul baspada bizin' ku'ndelikli woqi'p ju'rgen sabaqli'qlari'mi'z basi'li'p shi'g'adi'. Qaraqalpaqstan radiotelevideniesinen yelimizde boli'p ati'rg'an jan'ali'qlardi' ko'remiz ha'm yesitemiz.

Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## No'kis — Qaraqalpaqstanni'n' worayi'.

No'kis — jan'adan sali'ng'an qala. Wonda bir neshe millet wa'killeri jasaydi'. Wolar bir-biri menen tati'w, dos turadi'.

Ha'zirgi No'kistin' turg'an jeri buri'n qali'n' tog'ayli'q bolg'an. Sol qali'n' tog'ayli'qlardi'n' worni'na jaylar sali'ni'p, ha'zir u'lken qalag'a aylandi'. Qalani'n' ko'sheleri ken', du'ziw, ha'zirgi zaman arxitekturasi' tiykari'nda to'rt ha'm tog'i'z qabatli' jaylar



sali'ng'an. Usi' ko'she boyi'na sali'ng'an jaylardi'n' qasi'ndag'i' jasi'l do'ngen ag'ashlar ha'm asfalt jollar qalani'n' ko'rkine ko'rik qosadi'. Qalada «A'mir Temur» parki bar. Wonda qalada jasawshi' miynetkeshler jumi'stan son' dem aladi'. Ko'p mi'n' adamli'q «Turan» stadioni'nda bir qansha sport jari'slari' wo'tkeriledi. Ko'p qabatli' «Tashkent» miymanxanasi'nda si'rttan kelgen doslari'mi'z miyman boladi'. Aerovokzal menen temir jol vokzallari'nan ku'nine bir neshe mi'n' jolawshi'lar qalami'zg'a kelip, ketip turadi'. No'kis — keleshegi u'lken qalalardi'n' biri.

1. No’kis qanday qala?
2. No’kis qalasi’ni’n’ ha’zirgi kelbeti qanday?
3. No’kis qalasi’ haqqi’nda so’ylep berin’.

## No’kisim.

Tuwi’li’p wo’sken jerim —
Ko’zlerime toti’ya.
Baslanadi’ wo’zin’nen,
Menin’ ushi’n ken’ du’nya.
Ashi’q yesigimsen’,
Alti’n besigimsen’,
No’kisim, Sen!

«Dosli’q»ta suwlari’n’,
Tolqi’nlani’p ag’adi’.
Quyash shashi’p nurlari’n’
Jaynati’p tur jag’ani’.
Shalg’i’n yesigimsen’,
Shiyrin jemisimsen’,
No’kisim, Sen!

Senin’ gu’l qushag’i’n’da,
Jaynag’an jasli’g’i’m bar.
Ha’r ko’she, jollari’n’da,
Da’wirim, da’stu’rim bar.
Ken’ paytaxt wo’risimsen’,
Ju’rekte jemisimsen’,
No’kisim, Sen!

*M. Qabulova.*

1. Qosi’qti’ ta’sirli woqi’n’.
2. No’kis qalasi’ tuwrali’ wo’zlerin’iz so’ylep berin’.
3. No’kis qalasi’ tuwrali’ qi’sqasha bayan jazi’n’.

## Watani’m bar.

Wo’z gerbi, gimni bar,
Ma’deniyati’, ilimi bar,
Bes qala — ken’ aymag’i’ bar,
Jelbiregen bayrag’i’ bar,
Suverenli Watani’m bar,
Qaraqalpaqstani’m bar.

Konstituciya — bas ni’zami’,
Huquqi’mdi’ qorg’ar mudami’.

Ana tilim — ar-nami'si'm,
Qa'sterleydi yel nami'si'n.
Menin' alti'n ma'kani'm bar,
Suverenli Watani'm bar.

Yel bop neshshe a'sir asqan,
Bayli'qlari' bar si'g'asqan,
Dosli'q dese jannan bezgen,
Asi'rasi'n jaman ko'zden.
Ti'ni'shli'qti' ku'ser bostan,
Suverenli Qaraqlapaqstan!

*Ya. A'jimov.*

Qosi'qti' woqi'p shi'g'i'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## Jumbaq.

Bir kese so'k,
Yerten' qarasam joq.

*(Juldi'z)*

Biz, biz yedik, biz yedik,
Biz mi'n'lag'an kisi yedik,
Tan' atqansha jayi'ldi'q,
Tan' atqan son' joyi'ldi'q.

*(Juldi'z)*

Jumbaqti' yadlap ali'n'.

## Qaraqalpaqti’n’.

Aq wotawi’ kewlin bezegen,
Basquri’ bar qaraqalpaqti’n’,
Jurtshi’li’qti’ nurg’a bo’legen,
Da’stu’ri bar qaraqalpaqti’n’.

U’yi bazar shadli’, wag’i’rli’,
Miymani’ ko’p qaraqalpaqti’n’.
Dayi’, bo’le, g’arg’a tami’rli’,
Tuwi’sqani’ ko’p qaraqalpaqti’n’.

Basqalardan menin’ ayi’rmam,
Aq ko’kirek bolg’an sag’ami’z,
Qawi’n yegip berip qayi’rg’a,
Alg’i’s alg’an diyqan babami’z.

*B. Seytaev.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’ ha’m yadlap ali’n’.

## Miynetkesh insan.



Allaniyaz ata Wo'teniyazov wo'zinin' miynet su'ygishligi menen xalqi'mi'zg'a belgili boldi'. Adamgershiliktin' yen' joqari' insani'yli'q pazi'yletleri, woni'n' qaharmanli'q islerinin' dan'qi' jurtshi'li'g'i'mi'zg'a ken'nen belgili. Allaniyaz atami'zg'a O'zbekistan Respublikasi'ni'n', g'a'rezsiz u'lkemizdin' yen' joqari' ni'shani' «Alti'n juldi'z» ordeni ha'm «O'zbekistan Qaharmani'» atag'i' berildi. Wol kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a, jalg'i'z basli' qari'yalarg'a turaq jaylar, mektepler ha'm bala baqshalar sali'p beriwde di'm ko'p ku'sh jumsadi'.

Woni'n' xali'qqa islegen hadal miyneti biz, jaslarg'a ha'mme waqi'tta u'lgi boladi'.

Miynet yetse sharshamag'an,
Boyda ku'shi zi'yat nardan,
Jerdin' ju'zin izlesen' de,
Tabi'lmaydi' bunday adam.

?

1. Allaniyaz ata qanday adam bolg'an?
2. Miynetkeshligi ushi'n Allaniyaz atag'a qanday ataqlar berildi?

## Bizin' mektep bag'i'nda.

A'yne jazdi'n' wag'i'nda,
Bizin' mektep bag'i'nda,
Uwi'lji'g'an jemisler,
La'zzet berer jani'ma.

Gu'llerdin' ju'z tu'ri bar,
Miywelerdin' ba'ri bar,
Ba'ri shiyrin, ba'ri pal,
Wo'zin' tan'lap, qa'lep al.

Qatar-qatar salmalar,
Yeki boyi' almazar,
Ju'zim, a'njir, a'nari',
Jesen' miyrin' qanadi'.

A'yne jazdi'n' wag'i'nda,
Mektebimiz bag'i'nda,
Biz wo'sirgen miyweler,
Ra'ha't berer jani'n'a.

*S. Abbazov.*

1. Qosi'qti' ta'sirli woqi'p shi'g'i'n'.
2. Qosi'qti'n' da'slepki yeki tobi'n yadlap ali'n'.

3. Mektebin'i'zdin' qi'ytag'i'nda qanday miyweler wo'siriledi, ayti'p berin'.

# ALTI'N GU'Z.

## Gu'z keldi.

Gu'z — ji'l ma'wsiminin' biri. Gu'zde yelimizdin' diyqanlari' jazi' menen yetken miynetinin' jemisin teredi. Yegilgen daqi'llar pisedi. A'sirese, gu'zde qawi'n-g'arbi'zlar, pomidor, kapusta, ju'zimler toli'q pisedi. Woni' ata-analari'mi'z ji'ynaydi'. Bizler de sabaqtan bos waqi'tlari' ata-analari'mi'zg'a ja'rdem beremiz. Gu'zde ku'n salqi'n boladi'.

Tereklerdin' japi'raqlari' sarg'ayi'p, tu'se baslaydi'. Bizler jerge tu'sken japi'raqlardi' ji'ynap, ko'shemizdin' tazali'g'i'n saqlaymi'z. Gu'zdin' birinshi ayi' bolg'an sentyabrde bizler mektepke barami'z. Wol bizlerdin' yen' quwani'shli' ku'nimiz boladi'.

?

Gu'zde diyqanlari'mi'z ati'zlardan neler ji'ynap aladi'?

Gu'zde ta'biyatta qanday wo'zgerisler boladi'?



## Gu'z.

A'jayi'p gu'z, ko'rkem gu'z,
Ko'pten ku'ttik seni biz.
Senin' menen abadan,
Qu'diretli yelimiz!

Ko'rdik bari'p jaqi'nda,
Bizin' awi'l bag'i'nda,
Uwi'lji'p pisken miyweler,
A'yne gu'zdin' wag'i'nda.

Solqi'm-solqi'm ju'zimler,
«Qa'ne, meni u'zin'» — der.

Qi’zari’p tur almalar,
Saylap-saylap u’zin’ler.

Degen ga’p bar, «ha’lekke»
Zor beredi pa’lekke.
Baqshami’zda qawi’n ko’p,
Qalmaysi’z izlep ha’lekke.

Ashi’li’pti’ «aq alti’n»,
Ten’i-tayi’ joq alti’n,
Ji’ynamaqqa bayli’g’i’n,
Atlani’pti’ ma’rt xalqi’m.

*K. Aymanov.*

Qosi’qti’ dawi’slap woqi’p shi’g’i’n’. Gu’zdegi ta’biyatta bolatug’i’n wo’zgerislerdi ayti’p berin’.
Gu’zde pisetug’i’n pali’z yeginleri menen miywelerdin’ ha’m awi’l xojali’q yeginlerinin’ atlari’n ayti’p berin’ ha’m wolardi’ so’zlik da’pterin’izge jazi’p ali’n’.

**Jumbaqlar.**

Duzsi’z pisken as ko’rdim,
Dumalag’an tas ko’rdim.

*(Qawi’n)*

Suwda wo'sedi,
Gu'zde pisedi.

*(Sali')*

Qardan aq, pa'rden jumsaq.

*(Paxta)*

Jumbaqlardi'n' sheshimin bilip ali'n'.

## Nan qa'diri.

Yen' jaqi'n qon'si'mi'z Aman atani'n' aytqan so'zleri yele yadi'ma tu'sedi.

— Sonda awi'r ji'llar yeken. Bala yekenmen. «Nan» dep ji'lay berippen. Si'pi'rada un joq yeken. Ag'am meni ko'terip jubatpaqshi' bolg'an, biraq ji'lag'ani'mdi' qoymag'anman.

Ne qi'lari'n bilmey woylani'p woti'rg'anda, yerigimizdin' shaqasi'na bir ha'kke qoni'pti'. Tumsi'g'i'nda bir na'rse bar yeken. Woni' pa'njesinin' asti'na basi'p shoqi'y baslapti'. Ag'am shan'g'alaq shi'g'ar dep quwani'p, meni a'ste-aqi'ri'n jerge woti'rg'i'zi'pti'. Ha'kkege qarap kesek ati'p jiberipti. Ayag'i'ndag'i'

na'rse jerge tu'sipti. Bari'p alsa bir bo'lek nan yeken. Woni' jep, ji'lag'ani'mdi' qoyg'an yekenmen. Sol ku'nlerdi yeske ali'p, nanni'n' usag'i'n ko'rsem su'yip, man'layi'ma tiygizip qoyaman. Sebebi, nan da nan, nanni'n' usag'i' da nan.

? Aman atani'n' so'zlerinde ne ayti'lg'an?

## NANDI' QA'DIRLEN'!

### Naqi'llar.

Ashli'qta jegen zag'arani'n'
Toqli'qta mazasi' ketpeydi.

Nanni'n' qa'dirin bilmegennin'
Asharshi'li'q berer sazasi'n.

### Gu'z qa'diri bir basqa.

Sarg'i'sh do'nip do'gerek,
Yesleter alti'n ren'in,
Diyqanlarg'a ne kerek,
Izler gu'zden deregin.

Gu'z qa'diri bir basqa,
Mektepke qa'dem taslaymi'z,
Ustaz benen klasta,
Woqi'w ji'li'n baslaymi'z.

Qi'rman, qi'rman zu'ra'a't,
Hadal miynet tabi'si',
Ba'ri' jang'a ra'ha't,
Xalqi'mni'n' ari'-nami'si'.

Kelgen ha'r bir gu'zimiz,
Bizler ushi'n baxi't bul,
Ba'rhama jaynar ju'zimiz,
Shadli'qqa toli' waqi't bul.

*S. Abbazov.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.

1. Gu'zgi ta'biyat ko'rinisi qanday?
2. Gu'zdegi miynet haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Diyqan so'zinin' ma'nisi ne?

## Ti'rnalar.

Toqtay turi'n', ti'rnalar,
Irkile turi'n', ti'rnalar,
Qay ma'nzilge barasi'z,
Ti'rri'wlap nama shalasi'z.
Ji'lli' jer izlep kettin' be?
Ali'sqa sapar shektin' be?
Sizlerdi turman uzati'p,
Dos ju'rekti si'zlati'p.
Doslarg'a sa'lem ayti'n'lar,
Tezirek bizge qayti'n'lar.
Ku'temen shalqar ko'limde,
Bag'-baqshali' jerimde,
Kelin'ler, tezden aylani'p,
Jan'a ilham-si'y ali'p.

*N. To'reshova.*

1. Qosi'qti' tu'sinip woqi'n'.
2. Gu'zde ti'rnalar nege qayti'p ketedi?
3. Sizler qayti'p barati'rg'an ti'rnalardi' ko'rdin'iz be?

## KITAPLARI'N'I'ZDI' TAZA USLAN'!

### Naqi'l.

Miynetten bezgenin',
Ar-nami'stan gu'der u'zgenin'.

### Jumbaq.

Aq jolg'a tu'sip,
A'ste jorg'alar.

*(Ruchka)*

## TA'BIYATTI' QORG'AW — A'DIWLI IS.

### Mektep jerinde.

Bizin' mektep xojali'q worayi'nda jaylasqan. Mektep ushi'n aji'rati'lg'an jer maydani' bar. Wog'an ha'r tu'rli miywe ag'ashlari' ha'm pali'z yeginleri, gu'ller yegilgen. Mektep woqi'wshi'lari' jazg'i' dem ali's ku'nlerinde usi' mektep jerine kelip turadi'. Wolar miywe ag'ashlari'n, yeginlerdi ta'rbiyalaydi', suwg'aradi', gu'llerge suw quyadi'.

Mine, gu'z boldi'. Woqi'wshi'lar ta'rbiyalag'an miywe ag'ashlari' wo'z jemisin berdi. A'sirese, almadan ko'p zu'ra'a't ali'ndi'. Ji'ynap ali'ng'an miyweler menen pali'z yeginleri: qawi'n-

g'arbi'zlar, piyazlar menen geshirler mektep asxanasi'na tapsi'ri'ldi'.

Woqi'w baslang'annan keyin aradan ko'p wo'tpey-aq mektepte ji'ynali's boldi'. Wonda mektep direktori' mektep jerinde islegen balalarg'a raxmet aytti', ayi'ri'mlari'na mektep ta'repinen si'yli'qlar berildi.

Gu'rrin'di woqi'p shi'g'i'n', woni'n' mazmuni'n wo'z tu'sinigin'iz boyi'nsha so'ylep berin'. Sizlerdin' mektebin'izde mektep qaptali' jeri bar ma? Wonda neler wo'sedi?

**Mektep, direktor** so'zlerin so'zlik da'pterin'izge ko'shirip jazi'n'.

## Naqi'llar.

Yen'bek yetsen' yemersen'.

Miynet penen yer ko'gerer,
Jamg'i'r menen jer ko'gerer.

## Yer ju'rek adam.

Gu'z keshelerinin' birinde qoy ha'm si'yi'rlar qoradan ti'm-ti'raqay qasha basladi'.

— Ne boli'p qaldi'? Wol jerde ne bar? — dep qi'shqi'rdi' ferma basli'g'i' Muratbay.

Juwap yesitilmedi. Qoy ha'm si'yi'rlardi'n'

qasi'nda hesh kim joq yedi. Muratbay haywanlardi' kimnin' quwi'p ati'rg'ani'n bilmekshi boli'p qorag'a kirdi. Wol jerde de hesh kim joq yeken. «Qaq» degen bir dawi's yesitildi. Muratbaydi'n' ko'kiregine bir haywan kelip jabi'sti'. Woni'n' uzi'n wo'tkir tisleri Muratbaydi'n' alqi'mi'na kire basladi'. Biraq, wol albi'rag'an joq. Haywanni'n' alqi'mi'nan uslap qi'lqi'ndi'ra basladi'.

— Woni'n' ayaqlari'n uslan'! — dep qi'shqi'rdi' wol ja'rdemge kelgen shopanlarg'a. Wolar solay isledi. Haywan tisin jazdi'ri'p jerge quladi'.

— Bul qanday haywan? — dep shopan jaqti'rt-qi'shi'n woni'n' ju'zine tutti'. Jerde bir jasar ku'-shiktey ma'lim pi'shi'q tawlani'p jati'r yeken. Mine, qoradan mallardi' quwg'an sol yeken.

— Sen, a'ytewir na'rseden wo'lip kete jazladi'n' g'oy, Muratbay. Men albi'rap, qulap qalar yedim, — dep tan'landi' shopanlardi'n' birewi. Ha'mme shopan Muratbaydi'n' yer ju'rekligine qayi'l qaldi'.

?

1. Qoy ha'm si'yi'rlar nege qashti'?
2. Muratbayg'a qarap ati'lg'an qanday haywan yeken?
3. Muratbay qanday yerlik isledi?

## Balali'qti' yeslew.

Tan' azannan ji'ynali'p,
Woynawshi' yedik qasharman,
Ji'n'g'i'ldi' mindik at yetip,
Biz benen wo'mir jasarg'an.

Jer qazi'p da'rya ag'i'zdi'q,
Qawi'nlardi' pisirip,
Si'zi'p islep ati'zli'q,
Bunkerden paxta tu'sirdik.

Ju'k tasi'p ali's jollardan,
Mashina boli'p zi'rladi'q,
Qobi'z islep tallardan,
Alpami'sti' ji'rladi'q.

Tirkesken ko'p vagonli',
Poezd boli'p zuwladi'q,
Ko'z uyqi'g'a ketkenshe,
Qullasi' ti'ni'm tappadi'q.

*N. To'reshova.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
Mazmuni'n wo'z so'zin'iz benen ayti'p berin'.

## Asqabaq.

Jaqsi' iske talpi'ng'an,
Teren' urdi'm ketpenin,
Shi'qti' bu'gin aldi'mnan,
Zor ta'rbiya yetkenim.

Wo'rmeledi qol jayi'p,
Gu'l shi'g'ardi' alti'nday,
Tu'ynek saldi' a'jayi'p,
Boldi' bug'an kewlim jay.

Na'zer sali'p qarasam,
Digirmanday qarami'n',
Mu'ta'jine jaraysan',
Asqabag'i'm adamni'n'.

Jerdin' bergen si'yi' bul,
Toldi' u'ydin' qazani',
Jegim kelse kespe mol,
Til u'yirer mazali'.

*X. Saparov.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Si'zler asqabaq yektin'iz be?
3. Asqabaqtan basqa qanday pali'z yeginlerin bilesiz?

# ANA-MEKTEBIM — ALTI'N BESIGIM.




## Mektebim.

Bilim nuri'n shashasan',
Kelsem qushaq ashasan',
Da'rya kibi tasaman,
Seni woylasam mektebim.

Shashlari'mdi' si'ypadi'n',
Xanama hesh si'ymadi'm,
Qushag'i'n'da jaynadi'm,
Woynap-ku'lip mektebim.

Aytsam ga'ptin' to'rkinin,
Shadli' wo'ter ha'r ku'nim,
Sag'i'naman ko'rkin'di,
Gu'l jaynag'an mektebim.

*Z. Yusupova.*

## Naqi'l.

Woqi'w — woy azi'g'i',
Bilim — yer azi'g'i'.

## Ustazi'ma.

«A'lipbe»ni u'yretip,
Ha'riplerdi tani'tti'n',
Jaqsi' so'zlerdi ayti'p,
Bilimimdi bayi'tti'n'.

U'yrengen son' ha'ripti.
Jazi'wdi' da u'yrendim.
Senin' ha'r bir so'zin'e,
Qulaq tu'rip u'lgerdim.

Sabaqlardan mudami',
«5» bahasi'n alaman.
Ustaz degen ati'n'di',
Ju'regime jazaman,

*G. Ju'ginisov.*

1. Qosi’qlardi’ ko’rkemlep woqi’p shi’g’i’n’.
2. «Mektebim» qosi’g’i’n yadlap ali’n’.

## Yelimizdin’ jaslari’mi’z.

Yelimizdin’ jaslari’mi’z —
Jaslari’mi’z jaynag’an.
Ulli’ baxi’t qushag’i’nda —
Qushag’i’nda woynag’an.

Anaw mektep, woqi’p bilim —
Woqi’p bilim alami’z.
Kim bolaman desek te biz —
Desek te biz bolami’z.

Bizge ashi’q wo’nerdin’ ken’ —
Wo’nerdin’ ken’ jollari’.
Quwani’shli’ yelimnin’ qi’z —
Yelimnin’ qi’z-ullari’.

*T. Jumamuratov.*

Qosi’qti’ yadlap ali’n’.

## Naqi’llar.

Bilimnin’ ko’pligi joq,
Wo’nerdin’ arti’qli’g’i’ joq.

## Jumbaq.

U’yrek yemes, g’az yemes,
Bali’q yemes suwdag’i’.
Wo’zi ju’ziw biledi,
Juwabi’n kim biledi?

*(Paroxod)*

## Quwani’p qaldi’...

Ha’mme ana mektebine qaray asi’qpaqta. Al, Asqar she...

Mine, bulardi’ woylag’anda, Asqardi’n’ ko’zine yeriksiz jas keledi.

Buyi’lg’i’ ji’li’ Asqar awi’ldag’i’ atasi’ni’n’ u’yinde jazg’i’ dem ali’si’n wo’tkerdi. Woni’ atasi’ da quwana-quwana qarsi’ aldi’. Dosti’ Baltabay menen de apaq-shapaq boli’p qaldi’. Keshte wo’risten mallardi’ ali’p keledi. Awi’ldi’n’ balalari’ menen qi’zi’qli’ woyi’nlar woynap, ko’lde shomi’li’p, taza hawada dem aladi’. Ha’r ku’ni quwani’shli’ ku’lkige toli’p wo’tti.

Bir ku’ni Baltabay menen yekewi shertektegi

ati’zdan qawi’n ali’p kelmekshi boldi’. Jolda atlari’n jari’sti’ri’p kiyati’ri’p, ku’tilmegende Asqardi’n’ ati’ su’rnigip, Asqar jerge ushi’p tu’sti. Ayag’i’ asti’nda qayri’li’p, worni’nan tura almadi’. Wozi’n’qi’rap ketken Baltabay da’rhal atti’n’ basi’n irkip, Asqardi’n’ jani’na keldi ha’m wog’an ja’rdemlesip, atqa woti’rg’i’zi’p awi’lg’a ali’p keldi.

Ha’p zamatta awi’l adamlari’ ji’ynali’p qaldi’. Doktor da jetip keldi.

Wol Asqardi’n’ ayag’i’n ko’rip:

— Si’ng’an yeken, yemlewxanag’a ali’p ketemiz, — dedi.

Bir jag’i’nan ayag’i’ni’n’ awi’rg’anli’g’i’n, bir jag’i’nan 1-sentyabrde doslari’ mektepke barsa, wol wo’zinin’ yemlewxanada jatatug’i’nli’g’i’n woylap, woni’n’ ko’zine yeriksiz jas keler yedi...

Aradan ku’nler wo’tti. Biraq, klaslas doslari’ Asqardi’n’ izinen kelip, wo’tilgen sabaqlardi’ u’yretip turdi’.

Wol bug’an ju’da’ quwani’shli’.

?

Asqar jazg’i’ dem ali’sta qayda bardi’?
Wol ne ushi’n qapa boldi’?
Asqardi’n’ doslari’ wog’an qanday ja’rdem berdi?

## Tazali'q qi'z Gu'layi'm.

Klasta tazali'q ag'zasi',
Woqi'wshi' qi'zdi'n' tazasi'.
Patas bolsa kimde-kim,
Keledi sog'an i'zasi'.

I'layi'q u'lgi ali'wg'a,
Shaqi'rar taza boli'wg'a,
— U'stin'de kirin' joq pa? — dep,
Qaraydi' shashi'-qoli'n'a.

Ti'rnag'i' wo'sken balani',
Ha' demey tawi'p aladi'.
Yeskertiw jasap Gu'layi'm,
Yadi'na woni'n' saladi'.

*X. Saparov.*

## Naqi'llar.

Densawli'qti'n' qa'dirin bil,
Qa'ste bolmastan buri'n.

As qa'dirin toq bilmeydi,
Awi'ri'w azabi'n saw bilmeydi.

## Men woqi'yman.

Yerte turi'p, tez juwi'ni'p,
Tez kiyinip, bel buwi'ni'p,
Bilimnin' joli'n quwi'ni'p,
I'qlas penen men woqi'yman.

Qolg'a kitap, da'pter ali'p,
Klasi'ma yerte bari'p,
Sabag'i'mdi' woqi'p qani'q,
I'qlas penen men woqi'yman.

Ko'pten artta hesh qalmayman,
Sabaqqa jalqaw bolmayman,
Ta'rtipsizlik is qi'lmayman,
I'qlas penen men woqi'yman.

Sabaqtan hesh qalmasli'qqa,
Uyqi'lap an'si'z bolmasli'qqa,
Jalqawg'a jol qoymasli'qqa,
At sali'si'p, men woqi'yman.

*D. Nazbergenov.*

Sizler sabaqtan qanday bahalarg'a woqi'ysi'z? Klasi'n'i'zda sabaqtan to'men woqi'ytug'i'nlar bar ma?
Qosi'qti'n' birinshi ha'm yekinshi tobi'n yadlap ali'n'.

## Na’psiqaw ari’slan.

*(Yertek)*

Qasqi’r, tu’lki, ari’slan u’shewi dos boli’pti’. Wolar u’shewi an’g’a shi’g’i’pti’. Wolar bir yeshki, bir tu’ye, bir qoyan uslap ali’pti’.

— Woljani’ bo’l, biraq a’dil bo’l, — dedi ari’slan qasqi’rg’a.

— Jaqsi’, ari’slan, yeshki — sag’an, qoyan — tu’lkige, tu’ye — mag’an, — dedi qasqi’r.

Sol waqi’tta ari’slan ashi’w menen qasqi’rdi’ wo’ltiripti.

— Yendi, tu’lki woljani’ sen bo’l! Biraq, tu’lki jora, a’dil bo’lesen’, ... — dedi ari’slan tu’lkige.

Sonda tu’lki ayti’pti’:

— Ari’slan, yeshki sag’an — sa’skelik, qoyan — tu’slik, tu’ye — keshki awqat bolsi’n.

— Mine, a’dillik! Bunday a’dillikti kim u’yretti? — dedi ari’slan tu’lkige.

— Bul a’dillikti mi’naw wo’lip jati’rg’an qasqi’r u’yretti, — dedi tu’lki.

Yertekti woqi’p shi’g’i’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

Yertekten juwmaq shi’g’ari’n’, qasqi’r ne ushi’n wo’lip ketken.

## Ķim bolsam?



A’rmanlari’m menin’ sheksiz,
Qaysi’ biri yeter nesip,
Vrash, ustaz, gezsem ten’iz,
Ha’mmesi de maqul ka’sip.

Ushqi’sh boli’p din’ hawada,
Samolyotta ushsam deymen,
Sapar yetip ali’slarg’a,
Ma’nzillerdi qushsam deymen.





Ustaz bolsam balalar menen,
Baxi’t gu’lin tere bilgen,
Si’r shertisip tomlar menen,
Ķeleshekti ko’re bilgen.

Diyqanshi’li’q ata ka’rim,
Woylanaman, diyqan bolsam,
Bosqa ketpey man’lay terim,
Watani’mnan alg’i’s alsam.

Berilemen woylarg'a ko'p,
Shofyor bolsam qalay bolar?!
Bul ka'sip te yemes qo'y shep,
Ku'ter seni aydi'n jollar!



Shayi'r boli'p shi'qsam yeger,
Qosi'q, da'stan jazar yedim.
Ha'mme tani'p sa'lem berer,
Qatari'mnan wozar yedim?!

Ya ilimpaz bolsam ba yeken,
Woylap tabar jan'ali'qti',
A'rman, tilek sheksiz yeken,
Ku'ser ba'rha «danali'qti'».



*V. Mayakovskiy.*



Bala kim bolmaqshi'?
Qosi'qti' woqi'p shi'g'i'p, balani'n' woyi'n ayti'p berin'.
Sizler qanday ka'sipti iyelegin'iz keledi?

## PARAXATSHI'LI'Q TA'REPDARI'MI'Z.

### Balama.

Ko'p woynama woyi'ndi',
Woqi'wg'a bo'l woyi'n'di'.
Jas gezin'nen jan balam,
Tan'lay bil ju'rer joli'n'di'.

Woq ati'spa bolmasi'n,
Paraxatshi'li'q wornasi'n.
Mine usi' su'rendi,
Du'nya xalqi' qollasi'n.

Nebir-nebir doslari'm,
Qurban yetti baslari'n,
Dushpannan qorg'ap qali'wg'a,
Keleshektin' jaslari'n.

Uri'sta miyim sharshag'an,
Talay dushpan qorshag'an,
Azabi'n shektim sawashti'n',
Tu'sin balam, sen wog'an.

Ma'n'gi ti'ni'sh jasayi'q,
Uri'sti' ko'rmey xalayi'q,

Paraxatshi’li’q da’wirdin’,
Jawi’ngeri biz bolayi’q.

*Q. Jumaniyazov.*

Qosi’qti’ woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

## Qi’rg’awi’l.

Bir ku’ni sa’skede dalag’a shi’qsam, awi’ldi’n’ arqasi’nda yeki atli’ ja’ne bes-alti’ jayaw adam bir qi’rg’awi’ldi’ qashardan ushi’ri’p arman-berman quwi’p ju’r yeken. Men de solardi’n’ qi’zi’g’i’na qarap, tamni’n’ basi’nda qi’rmanni’n’ qaraqshi’si’nday sileyip qarap tura berdim. U’ydegi kempir apamni’n’:

— Haw, shi’rag’i’m, suwi’qtan silen’ qatti’ g’oy, solar sag’an uslag’an qoyan-qi’rg’awi’li’nan bere me? — dep u’yden dalag’a ha’r shi’qqan sayi’n zi’n’ireyip turg’an mag’an baqi’ri’p ketedi.

Tu’ske taman atli’lar u’ydin’ jani’ndag’i’, ishi qami’sqa tirelgen go’ne i’lay qa’ndekten qi’rg’awi’ldi’ ushi’rdi’. Ayag’i’m ton’i’p ashi’g’anli’qtan ha’m de kempir apamni’n’ baqi’ra bergenine shi’damay yendi jerge tu’se qoyayi’n dep ati’r yedim, ushqan qi’rg’awi’l jan aybat penen kele arqa jag’i’ qulag’an seyisxanani’n’ ishine wo’zin tasladi’.

Jorg'alawi' menen soradan qi'spaqlap islengen tal qorag'a kirip ketti. Adamlar seyisxanag'a kirdi dep woylamasa kerek. Shamasi', usi' jerge tu'sti-aw — desip juwi'ri'si'p ju'ripti. Men wolarg'a bildirmey tamni'n' basi'na minerin minsem de, qollari'm paqsani' uslawg'a juwi'spay, zorg'a degende paqsani'n' kemtik jerinen jerge tu'stim. Juwi'ri'wi'm menen mal qorag'a kirsem, mu'yeshte qozg'ali'wg'a hali' joq, ko'zi ji'lti'rap, basi'n qorag'a ti'g'i'p jati'r yeken. Da'rhal usladi'm da qolti'g'i'ma qi'si'p, ku'ni menengi quwalag'an adamlarg'a pa'nt berip quwani'p u'yge kirip bardi'm.

Kempir apamni'n' ko'zi qoli'mdag'i' qi'rg'awi'ldi' ko'rmey, wotqa pisirgen ko'meshti:

— Ma', ash bolg'an shi'g'arsan' — dep mag'an usi'ndi'.

— Apa, buni' men usladi'm, men — dep wo'kpem ti'g'i'li'p so'yley almay apamni'n' qasi'na a'tashtang'a woti'ra kettim. Kempir apama bolg'an waqi'yani'n' usaq-tu'sigin qaldi'rmay aytti'm.

Wol qi'rg'awi'ldi' mennen beter ayap ketti. Qi'rg'awi'l bir-yeki ku'nnen keyin wo'zine kelip da'slep adamdi' ko'rse qashi'p, son'-son' mag'an azlap u'yrenise basladi'.

*T. To'remuratov.*

Qi'rg'awi'ldi' kimler uslamaqshi' yedi?
Qi'rg'awi'l adamlardan qalay quti'ldi'?
Qi'rg'awi'l adamlarg'a qalay u'yrendi?
Sizler quslarg'a qanday g'amxorli'q isleysizler?

## Watan qorg'ar a'jag'am.

Watan qorg'ar a'jag'am,
Men kishkene balaman,
Xat jazdi' wol mag'an,
Men de a'sker bolaman.

Pu'tin bolsi'n dep mudam,
Insanlardi'n' baxti' usi',
Watan qorg'ar a'jag'am,
Shad wo'mirdin' saqshi'si'.

Quyash ku'lip qarag'an,
Men soni'n'day balaman,
Watan qorg'ar a'jag'am,
Bolsi'n dep yel abadan.

Haq niyetli ha'r adam,
Ti'ni'shli'qti' qollaydi',
Sebep menin' a'jag'am,
Ba'rha woni' qorg'aydi'.

*S. Pirjanov.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.
Qosi’qta ne tuwrali’ ayti’lg’ani’n wo’z so’zin’iz benen ayti’p berin’.

## Xali’qlardi’n’ urani’.

Xali’qlardi’n’ urani’,
Apatqa salg’an a’lemdi,
Bolmasi’n uri’s qurali’,
Tu’rshiktirgen denen’di.

Du’nya xalqi’ bir boli’p,
Saxnasi’nda du’nyani’n’,
Uri’sqa qarsi’ turadi’,
Ko’rmeyik uri’s degendi.

Bolmasi’n uri’s tu’negi,
Dep sog’ar xali’qlar ju’regi,
Ti’ni’shli’q kerek du’nyag’a,
Adamzatti’n’ tilegi.

*X. Saparov.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’p shi’g’i’n’.

## Joyti'lg'an ko'z.

Elmira yekinshi klasta woqi'ydi'. Woqi'wdan kelip, woynag'i'si' kelse, da'rriw klaslasi' Gu'misaydi'n' u'yine baradi'. Elmira bu'gin de dosti'si'ni'n' u'yine ketip barati'rg'anda birden toqtap qaldi'.

— A'je, ne izlep ju'rsen'? — dedi diywal jag'alap ko'zlerin jerden ayi'rmay bir na'rse izlep ju'rgen kempirge.

— Ko'zimdi joytti'm, qi'zi'm, ko'zimdi, —dedi kempir jerge yen'keyiwi menen.

— Way, — dep jiberdi birden Elmira, — ko'zin'di joytti'n' ba?

— Wol yen'keyip kempirdin' ko'zine tigilip qaradi':

«Haw, yeki ko'zin' de bar g'oy, a'je? — dedi tan'lani'p,

Kempir ku'ldi ha'm boyi'n tikledi de:

— Sadag'an' keteyin-aw, menin' ko'zim — ko'za'ynegim, yendi tu'sindin' be?

Elmira tu'sindi. Sol waqi'tlari' woni'n' doslari', quwi'rshaq woyi'nlari' yadi'na tu'sse de, ketkisi kelmedi. Ko'za'ynekti sonsha izlese de taba almadi'. Gu'misaydi'n' u'yinen

doslari'ni'n' qosi'q aytqan dawi'slari' yesitilip turdi'. Ju'regi sha'wkildedi de, birese jerge, birese kempirge qarap, wahahalap ku'lip jiberdi.

— Minekey, minekey bul jaqta yeken g'oy, — dep Elmira kempirge ren'li woramali'ni'n' arti'na ilinip turg'an ko'za'ynekti ko'rsetti, — wo'zin'izde yeken g'oy!

— Sadag'an', keteyin-aw, — dedi quwani'p ketken kempir Elmirani' bawi'ri'na basi'p, — sizlerdin' ko'zin'iz ko'za'ynekten de ko'rgish-aw.

*R. Azizxanov.*

?

Elmira kempirge qalay ja'rdem berdi?
Kempir Elmirag'a ne dedi?
Sizler jasi' u'lkenlerge qanday ja'rdem beresizler?

## Da'rtke jarag'an bala.

Jap, ko'llerdegi suw qatqan waqi'tlari' Sa'yeke ko'lge bari'p shani'shqi' menen bali'q shanshi'p ali'p ju'rip yedi. Tog'i'z jasar balasi' Yelibek alg'an bali'qlardi' jipke dizip, ag'asi'ni'n' izinen su'yrep barati'r yedi.

Sa’yeke an’lamadi’, muzdi’n’ a’zzi boli’p qatqan jerin basi’p, woyi’li’p ketti.

Wo’rmelep, ti’rbani’p ko’rse de shi’g’a almadi’, tek qoli’ menen asi’ldi’ da turdi’.

Yelibek dizilgen bali’qlardi’ muzdi’n’ bekkem jerine qoydi’ da, jormal jipti’n’ ush jag’i’n sawmalap shuwmaqlap ag’asi’na tasladi’, ayag’i’n muzdi’n’ u’stine shi’g’i’p jatqan sen’ muzg’a tirep, jiptin’ ushi’n tarti’p turdi’.

Sa’yeke jiptin’ ushi’nan uslap wo’rmelep shi’qti’ da, «Meni wo’limnen qutqarg’an shi’rag’i’m» — dep betinen su’yip, awi’li’na qaytti’.

*S. Ma’jitov.*

Gu’rrin’di woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

## Maqal.

Jaqsi’ bala yesiktegi a’keni to’rge shi’g’aradi’.

Jaqsi’li’q ha’m jaqsi’ isler haqqi’nda wo’zlerin’iz neler bilesiz?

# ATA-ANANI' QA'DIRLE.

## Ata wa'siyati'.

Bir diyqan wo'lerinde balalari'n shaqi'ri'p wa'siyat qi'li'pti':

«Men wo'lgennen son' tari'qsan'i'z, bag'dag'i' miywe ag'ashlardi'n' tami'rlari'na zi'yan keltirmey, bag'di' qazarsi'z, wonda jasi'ri'lg'an g'a'ziyne bar» — degen yedi. Bir ku'ni balalari'na du'nya kerek boldi', tari'qti'. Bag'di'n' ishin qazi'p ko'rdi. G'a'ziyne tabi'lmag'annan son' bag'di'n' qazbag'an jerin qaldi'rmadi'. G'a'ziyne tappay «atami'z wo'tirik aytqan yeken» — dep qaytti'.

Sol ji'li' bag'di'n' miywesi zor boldi'. Ji'ldag'i'dan won yese arti'q aqshag'a miywe sati'p, ten'geni aldi'lari'na u'yip, u'sh ag'ayi'n ali'sqan waqi'tta g'ana atasi'ni'n' aytqan g'a'ziynesinin' ne yekenligine tu'sindi.

Wonnan son' jerdi islep, to'gin menen ku'sheytip yegetug'i'n boldi'. Tez arada bular da qurg'i'n diyqan boli'p, jaqsi' turmi's keshirdi.

*S. Ma'jitov.*

Diyqan balalari'na qanday aqi'l aytti'?
Balalar ne isledi?
Wolar atasi'ni'n' aqi'li'na qalay tu'sindi?
Ata wa'siyati' neden derek beredi?

## Bir awi'z so'z.

Klasi'mi'zg'a jan'adan kelgen Ziyada ha'mme waqi't birewlerden wo'kpelegeni-wo'kpelegen. Yeger de qi'zlardi'n' tuwi'lg'an ku'nine bari'p kelse de wo'kpelep keledi. Klasi'mi'zda birew sa'l qatti' so'ylese de, wog'an bari'p tiyedi. Wo'zin ha'mmeden joqari' qoyadi'. Klasi'mi'zdag'i'lardi'n' ba'ri de wonnan biyzar. Biraq, bir ku'ni wo'zi tu'siner dep ju'rmiz, lekin tu'sinetug'i'n wol joq. Bir ku'ni Ziyada qoli'n baylap keldi.

— Haw, Ziyada qoli'n'a ne boldi'? — dep soradi' wonnan Bekpolat.

— Sen menin' qoli'm menen ne jumi'si'n' bar, wo'zin'di bil, a'y, aqsaq, — dep jekirindi.

Bekpolat u'ndemey, bir shetke wo'tip ketti. Woni'n' ju'zlerinen qapa bolg'ani' bilinip turar yedi.

— Jaqsi' is qi'lmadi'n', — dedi Juldi'z.

— Sag'an ne, woni'n' ta'repin ali'p, — dep ton'qi'ldadi' Ziyada.

Klasi'mi'zda ha'mme Bekpolatti'n' ayag'i'ni'n' qalay mayi'p bolg'ani'n biler yedi. Woni'n' apasi'

yerterek wo’lip, ag’asi’ basqag’a u’ylendi. Wo’gey apasi’ wonsha jaqsi’ yemes yedi. Wol wo’geyligin ko’rsetti. Wog’an azap berer, u’y jumi’slari’ni’n’ ba’rin Bekpolat isler yedi. Biyshara Bekpolat hesh ti’nbaydi’. Geyde woqi’wda da u’lgere almas yedi. Wog’an klaslaslari’ ja’rdem berer yedi.

Bir ku’ni Bekpolat qawi’n jegisi kelip tamni’n’ basi’na shi’g’adi’. Buni’ ko’rip qali’p, apasi’ qatti’ uri’sadi’, son’ za’n’gini ali’p taslaydi’. Tamni’n’ basi’nda ju’re berip shi’dami’ tawsi’lg’an Bekpolat az g’ana qumi’ bar jerge, to’menge qaray sekiredi. Ayag’i’ sonda si’nadi’. Sol-sol, woni’n’ ayag’i’ mayi’p boli’p qaladi’ (bul wo’gey apasi’nan qalg’an yesten shi’qpaytug’i’n qa’stelik yedi). Biraq, Bekpolat aq ko’kirek, ha’rdayi’m adamlarg’a miyirman bala. Biraq, Ziyada wog’an tu’sinbegen bolsa kerek, yamasa tu’siniwdi de qa’lemegen shi’g’ar, Bekpolatti’ kemsitip woni’n’ mayi’pli’g’i’n betine basqani’ ku’ta’ wori’nsi’z boldi’. Bir awi’z abaylamay so’ylegen so’zi menen dosti’ni’n’ kewline tiydi. Aqi’ri’, so’z su’yekten wo’tedi g’oy...

?

1. Ziyadani’n’ minezi qanday?
2. Ziyada Bekpolatqa ne dedi?
3. Bekpolat qanday bala?
4. Klasi’n’i’zda Ziyadaday qi’zlar bar ma?

## Ata-ana aldi'nda.

Shi'n qa'lbimnen su'yemen,
So'zin woyg'a tu'yemen,
Diz bu'gip bas iyemen,
Ata-ana aldi'nda.

Juwi'raman, shabaman,
Qusti'n' su'tin' tabaman,
Nuri' boli'p janaman,
Ata-ana aldi'nda.

U'ndemeymen baqi'rsa,
La'bbay? — deymen shaqi'rsa,
Sharshamayman talpi'nsam,
Ata-anam aldi'nda.

Shi'n ju'rekten aytari'm,
So'ylemeymen biypari'q,
Ga'p aytpayman qaytari'p,
Ata-ana aldi'nda.

Ne buyi'rsa ba'ri saz,
Yetkim keler kewlin jaz.
Qansha xi'zmet yetsem az,
Ata-ana aldi'nda.

*X. Saparov.*

1. Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.
2. Qosi’qti’ yadlap ali’n’.

## Qu’diretli ku’sh nede?

Sizler bilesizler me, tu’ste, keshte, azanda barli’q qasi’q-tabaqlar i’las tu’rinde qaladi’. Al, bir qansha waqi’ttan keyin sol i’las tabaqlar ja’ne tap-taza boladi’. Bul qalay bolg’an yeken? Hayran qalasan’. Mu’mkin, tosi’nnan qu’diretli bir ku’sh islep ketken shi’g’ar?

Sizler stoldi’n’ u’stine qasi’q-tabaqlardi’ qoyi’p qarap turi’n’.Yeki-u’sh saat qarap woti’rsan’ da hesh qanday qu’diretli ku’sh tazalap ketpeydi. Qasi’q-tabaq sol patas hali’nda turadi’.

Yeger de sen stoldi’n’ asti’na kirip jasi’ri’ni’p bir qu’diretli ku’shti baqlap woti’rsan’... Yerteli-kesh apan’ asxanag’a kirip qazan-tabaq juwi’p ati’rg’ani’n ko’resiz. Bayag’i’ patas qazan-tabaq, qasi’qlar tap-taza boladi’. Demek, yen’ qu’diretli adam — anan’i’z yekenin bilesiz.

Sizler bi’lay islep ko’rin’. Apan’i’z tu’ste asxanadan shi’g’i’p ketkende qazan-tabaq, qasi’qlardi’ tez g’ana juwi’n’, biraq abaylan’, tarelkalardi’ si’ndi’ri’p qoyman’.

Apan'i'z asxanag'a kirip kelse, qazan-tabaqlardi'n' tap-taza boli'p turg'ani'n ko'rip:

— Qaran', qaran'. Bir qu'diretli na'rse kelipti. Tarelkalar patas yedi. Wolar tap-taza. Mu'mkin, u'yge bir qu'diretli na'rse kelgen shi'g'ar, — deydi.

Sonda sizler kishipeyillik penen apan'i'zg'a: «Apa, sol qu'diretli ku'sh men» — dep ayti'n'.

?

Balalarg'a qazan-tabaqlardi'n' taza turg'ani'n a'dep kim isledi dep aytadi'?
Son' woni' qalay tu'sinedi?
Sizler u'yde apan'i'zg'a qanday ja'rdem beresiz?

## I'rzaman men anama.

Jaman menen ju'rme der,
Jaman so'zge yerme der,
Jaqsi'dan qol u'zbe der,
I'rzaman men anama.

Dos-dushpandi' an'la der,
Miyman kelse si'yla der,
Jetimge bol qa'wender,
Degenine i'rzaman.

Si'ypap anam basi'mnan,
Кetpes yedi qasi'mnan,
Taza tur dep jasi'n'nan,
Aytqani'na i'rzaman.

Hadalli'qqa u'yretken,
Кishipeyillik ko'rsetken,
Ma'rtlik, yerlik si'y yetken,
I'rzaman men anama.

*Z. Zamatdinov.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'qti' yadlap ali'n'.
3. Wo'z anan'i'z tuwrali' so'ylep berin'.

## Кempir apam.

Кempir apam di'm qartayg'an,
Кu'shi ketip hali' tayg'an,
Ju'rse de wol zorg'a ju'rer,
Ju'rer joli'n zorg'a ko'rer.
Sonli'qtan da meni izler,
Aytar mag'an ji'lli' so'zler,
Yeki yetpeymen aytqan so'zin,
Deydi ba'rha: «qarar ko'zim,
Su'yenishim senin' wo'zin'.

Qanday jaqsi' senin' bari'n',
Sen bolmasan' qi'yi'n hali'm,
Sensen' g'oy tek jarti' jani'm,
Chayi'n mensiz baslamaydi'»,
Ha'rgiz meni taslamaydi'.
Sebebi, men «qarar ko'zi»,
Кempir apamni'n' usi' so'zi,
Mensiz qalay ju'rer wo'zi.

*J. Qayi'rbaev.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'qti'n' mazmuni'n ayti'p berin'.

## Кu'tilmegen hu'jim.

Avtobus ba'ndirgisine arqasi'nda qabi' bar aq saqalli' bir g'arri' keldi. Wol na'rse-qaralari'n jerge qoyi'p, tershigen man'layi'n beline baylag'an woramali'n ali'p si'pi'rdi'. Avtobus kele qoymadi'. Wo'zine zamanlas kisinin' qasi'ndag'i' wori'nli'qqa woti'rg'an g'a'rri' suwi'q demin aldi'. Woni'n' qasi'ndag'i' yegede kisi:

— Aqsaqal, wog'ada sho'llepsiz. Yernin'iz quwrap ketipti, — dedi wog'an qarap.

G'arri' u'nsiz gu'rsinip qoydi'. Son'i'nan:

— Sorama inim, tan' sa'ha'rde «Bekbaydan»

(Bekbay tog'ayi' degen so'z) shi'qqan yedim. Sonnan berli bir kese qaynag'an suw ishiwge pursat bolmadi'. Inimizdin' 12 jasar balasi'n porsi'q tislep, usi' jerdegi yemlewxanag'a jatqari'p kiyati'rg'ani'm, — dedi wol.

— Porsi'q? — Biytani's kisi g'arri'g'a tan'lani'wshi'li'q penen qaradi'.

— Awa, porsi'q ta adamg'a hu'jim jasaydi' yeken. Woylamag'an jerden jas na'resteni jaraqatladi' da ketti.

— Yapi'rmay-a'? Adamg'a iyt, qasqi'r, sag'al topi'ladi' dep yesitsek te, bunday waqi'yani' yesitpegen yekenbiz. «Yesitpegen yelde ko'p» degen usi'-da! — Biytani's kisi tan'lang'anli'g'i'n jasi'ra almadi'.

Bul waqi'yag'a wog'ada qi'zi'qsi'ni'p g'arri'g'a jaqi'nladi'm. A'tten', sorawg'a u'lgere almadi'm. Avtobus ba'ndirgide toqtap, wol tu'sip ketti. Bul wo'kinishli yedi. «Toqta, g'arri' balani' paytaxti'mi'zdag'i' yemlewxanani'n' birine ali'p kelgen g'oy? Woni' tawi'p ali'wi'm kerek. Qalayi'nsha?»

Bul soraw meni yeriksiz qi'ynay basladi'. Azanda yerte jumi's worni'ma keldim de, ati'-jo'ni' belgisiz sol balani' telefon arqali' izley basladi'm. Respublikali'q, qalali'q «Tez ja'rdem»

yemlewxanalari’ni’n’ hesh qaysi’si’na tu’spegen. Qayda boldi’ yeken? Mine, woni’ tapti’m. Wol respublikali’q balalar yemlewxanasi’nda yeken.

*«Jetkinshek» gazetasi’nan.*

Gu’rrin’di woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

## Qarli’g’ashlar.

Jaqi’n aralarda ku’nnin’ suwi’tatug’i’ni’n sezgen qarli’g’ashlar ushi’p ketken yedi. Wolardi’n’ tamni’n’ pa’tigine salg’an bos turg’an uyasi’n gu’zdin’ ku’nleri balani’n’ buzi’p taslag’i’si’ keldi.

— Uyag’a tiyme, — dedi balani’n’ a’kesi.

Ba’ha’rde qarli’g’ashlar tag’i’ qayti’p kelgen waqi’tta, wo’zlerinin’ u’yrenisken uyasi’n tawi’p ali’w wolarg’a da qolayli’ boladi’, aqi’ri’.

Bala a’kesinin’ aytqani’n ti’n’ladi’, uyag’a tiymedi.

Qi’s wo’tti. Aprel ayi’ni’n’ aqi’ri’na qanatlari’ qi’yqi’shlang’an , sup-suli’w, kewilli ha’m sayrag’i’sh bir jup qus keldi. Wol wo’tken ji’lg’i’ uyasi’ni’n’ a’tirapi’nda pa’rmana boli’p usha basladi’. Qarli’g’ashlar jaqi’n jerdegi jap-salmalardan tumsi’g’i’ menen saz i’lay tasi’p, jumi’sti’ janlandi’ri’p

jiberdi. Qi’si’ menen sa’l-pa’l go’nerin’kiregen uyasi’n so’ytip demde jan’alap aldi’. Bunnan son’ wolar uyasi’na geyde mami’q pa’r, geyde aji’ri’qti’n’ mayda qi’yqi’mlari’n a’kelip to’sedi.

Aradan bir neshe ku’nler wo’tkennen keyin, bala uyasi’nan tek bir qarli’g’ashti’n’ ushi’p ketip, al qalg’an bu’rewinin’ ti’rp yetpey jati’rg’ani’n an’ladi’.

«Shamasi’, wol yendi ma’yek tuwi’p, g’uri’q basi’p ati’rg’an qusaydi’» — dep woyladi’ bala.

Aytqani’nday u’sh ha’pteden keyin uyadan qi’zi’l shaqa kishkene palapanlardi’n’ baslari’ ko’rindi. Sonda g’ana bala uyani’ buzbag’ani’na quwandi’.

Palapanlari’na g’amxor bolg’an qarli’g’ashlardi’n’ aspanda ushi’p ju’rip shi’bi’n-shirkeylerdi qalay tuti’p alatug’i’ni’na wol u’ydin’ aldi’nda biraz waqi’tqa deyin qarap woti’ratug’i’n yedi. Wolar ga’ arti’na, ga’ aldi’na tezlik penen qaymi’g’i’p, palapanlari’ ushi’n sharshamastan shi’bi’n-shirkey awlaydi’.

*K. Ushinskiy.*

Gu’rrin’di woqi’p shi’g’i’p mazmuni’n so’ylep berin’.

Wo’zlerin’iz biletug’i’n quslardi’n’ su’wretlerin sali’n’.

## Saw bolsi'n jan atami'z.

Turmasaq xabar ali'p,
Ko'rmesek geyde bari'p,
Atam tez jetip keler,
Awi'ldan arqalani'p.

Bolg'an son' iship chayi'n,
Soraydi' u'ydin' jayi'n,
Barli'g'i'n bilip ali'p,
Aytadi' wo'z jag'dayi'n.

Baxi'tli' ha'm de tatli',
Jetiwge ku'nge shadli',
Aytadi' basi'p wo'tken,
Ku'nlerin mashaqatli'.

Ga' so'ylep woylanadi',
Wo'tkendi yadqa aladi',
Bul azat wo'mirge wol,
Shadlani'p quwanadi'.

Bizlerdi aqli'g'i'm der,
Kewilde shadli'g'i'm der,
Belime quwat bolg'an,
Artti'rg'an bayli'g'i'm der.

Bag'i'mni'n' almasi' der,
Baxti'mni'n' joldasi' der,
Yerten'gi keleshegim,
Wo'mirimnin' jalg'asi' der.

Biz wog'an quwanami'z,
Hu'rmetti molaytami'z,
Deymiz biz ha'mme waqi't,
Saw bolsi'n atami'z!

*J. Dilmuratov.*

## Naqi'llar.

Maldi' tapqang'a baqti'r,
Woti'ndi' shapqang'a jaqti'r.

Qanaat qari'n toydi'rar,
Biyqanaat mal soydi'rar.

## Jumbaqlar.

Kiyindirgen jurtti',
Bilesen' be qurtti'?

*(Pille)*

Qi’zi’l toni’ bar,
Ishinde uni’ bar.

*(Jiyde)*

## Ana tilim.

Ana tilim — ada bolmas bayli’g’i’m,
Maqtani’shi’m, wonnan tuwg’an ay, ku’nim.
Qi’ri’q mi’n’ qi’zi’l alti’ng’a da bermeymen,
Ha’tteki, bir ashi’wi’mni’n’ qayti’mi’n.

Jiyen ji’rawdi’n’ quwrag’an qi’l qobi’zi’,
Tiyeginde saqlag’an so’z ma’nisin.
Haqi’yqatti’ aytqannan son’ Ku’nxoja,
Xiywa xannan alg’an sarpay haqi’si’n...

Ana tilim ari’ boli’p — babamni’n’,
Ko’shin tarti’p kelgen neshshe zamanni’n’.
Yeger jolda wol da jazi’m bolg’anda,
Qari’zg’a til berip turar wog’an kim?

Ana tilim — menin’ ata-anam bul,
Ha’m tu’bi bir shayqati’lg’an shaqam bul,
Wolar menen birge wo’mir su’rmesem,
Kerek yemes mag’an jaqti’ ja’ha’n bul.

*T. Qabulov.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Mazmuni'n so'ylep berin'.

## Wo'mir nuri'.

Bizin' yelimiz — dosli'q ha'm tuwi'sqanli'qti'n', a'dillik penen bostanli'qti'n', baxi't ha'm abadanli'qti'n' yeli. Xalqi'mi'z ku'n sayi'n g'amxorli'qti'n' ken' qushag'i'nda. Bul g'amxorli'qti'n' barli'g'i'n Respublikami'zdi'n' Konstituciyasi'nan ko'rip woti'rmi'z. Yelimizdin' dan'qi' buri'ng'i'dan da artti'. Yerkinlik ali'p, wo'z aldi'na yel boldi'. Si'rt yeller menen wo'z ara sawda-sati'q, ma'deniy jaqtan qatnas jasap ati'r. Bul jag'day xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'n joqari' ko'teredi. G'a'rezsiz yel atandi'q.

Ata-babalari'mi'z a'sirler boyi' ku'tken a'dillik, ten'lik qoli'mi'zg'a tiydi. Yelimizdin' barli'q puqaralari' saylawg'a ha'm saylani'wg'a ten' huqi'qqa iye. Barli'q puqaralardi'n' miynet yetiw, dem ali'w, bilim ali'w, qartayg'an waqi'tlarda, awi'rg'anda materialli'q jaqtan ta'miyinleniw huqi'qlari' da ni'zamda ko'rsetilgen.

Woqi'wshi' ha'm jaslar! Respublikami'zdi'n' qu'diretin bekkemlewge belsene qatnasi'n', u'lkenlerdin' yen' jaqi'n ja'rdemshisi boli'n'!

Wo'zlerin'izge ko'rsetilgen g'amxorli'qqa xalqi'mi'zdi'n' kewli toli'p tassi'n. Konstituciyali'q Ni'zamlar wo'mirimizdin' nuri'. Konstituciya g'ana yerkinligimizge, baxi'tli' wo'mir su'riwimizge jol tawi'p beredi.

Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Adamlardi'n' huqi'qi' ne menen belgilenedi?

## Alti'n ni'zam.

Quwani'shqa toli' kewlim,
G'a'rezsizlik alg'an yelim.
Wori'nlanar u'mitlerim,
Ku'sh berer alti'n ni'zami'm.

Woqi'wg'a, bilim ali'wg'a,
Watang'a xi'zmet qi'li'wg'a,
Jetik insan boli'wg'a,
Shaqi'rar alti'n ni'zami'm.

Hesh insannan yemespen kem,
Bar wo'z yerkim huqi'qi'm ten',

Arqa su'yer tiregimsen',
Qorg'ani'm alti'n ni'zami'm.

Ku'limlep quyash nur shashqan,
Ashi'q bolg'ay bul ken' aspan,
Yerkin wo'sken men bir jaspan,
Baxi'ti'm — alti'n ni'zami'm.

*N. Ma'mbeti'rzaeva.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'q ne haqqi'nda jazi'lg'an.

# QI'S BASLANDI'.



## Qi's keldi.

Qi's. Bul ma'wsimnin' de wo'zine i'layi'q sa'ni bar. Qi's keliwden jazg'i' quslar i'ssi' jerlerge ketedi. Al, qi'sta ala g'arg'alar ushi'p keledi. Qi's boli'wdan terekler si'ydamlani'p japi'raqlari' tu'sedi. Qi'sta suwlar ton'i'p, muzg'a aylanadi'.

Usi' muzda balalar si'rg'anaq tebedi, shana aydaydi'. Wolar konkide ju'rip xokkey woyi'ni'n woynaydi'. Qi'sta ha'mme gu'zgi kiyimlerin taslap, qi'sqi' kiyimlerin kiyedi. Qi'sta qar jawadi'. Jer beti appaq qarg'a bo'lenedi. Usi'

da'slepki qardan balalar qar baba sog'adi'. Qi'sta yolka bayrami' boladi'. Wonda bizler «Yolka» qosi'g'i'n ayti'p, qi'sqi' dem ali'sti' kewilli wo'tkeremiz.

Qosi'q aytami'z. Bir-birimizdi jan'a ji'l bayrami' menen qutli'qlaymi'z. Qi'sqi' dem ali's waqti'nda sayaxatqa bari'p, ko'p qalalardi' ko'remiz, qi'zi'qli' kitaplar woqi'ymi'z.

Qi'sta ta'biyatta qanday wo'zgerisler boladi'? Sizler qi'sqi' dem ali'sta ne menen shug'i'llanasi'z?

## Quslarg'a da'n salami'z.

Quslardi'n' ko'bisi gu'zdin' ku'ni ji'lli' jaqqa ushi'p ketedi. Qara g'arg'a, ala g'arg'a, ha'kke, qi'rg'awi'l, shi'mshi'q, kepterler bizde qi'slap qaladi'. Qi'sti'n' suwi'q ku'nleri shi'mshi'qlar, g'arg'alar ton'i'p ta qaladi'. Balalar shi'mshi'qlardi' ayap, wolarg'a ha'r ku'ni yesiktin' aldi'n si'pi'ri'p, aynani'n' aldi'na qalaqsha du'zetip qag'i'p da'n saladi'. Qumi'ri'lar, kepterler da'ndi jep turadi'.

Balalar — quslardi'n' doslari'. Sonli'qtan wolar quslardi' ku'ta' jaqsi' ko'redi. Quslardi' uslap ta aladi'.

Quslardi'n' ha'r qaysi'si'na wo'zinshe ma'ni berip, jaqsi'-jamanli'g'i'n ayti'sadi'.

Qi's aylari'nda qanday quslar boladi'?
Balalar quslardi' qalay ku'tedi?

## Jumbaq.

Qa'lemeydi i'ssi'ni',
Keledi tek qi's ku'ni,
Suwi'q qa'ytip ton'di'rsi'n,
U'stinde ala posti'ni'.

*(Ala g'arg'a)*
*S. Nuri'mbetov.*

## Qi'l duzaqta tabi'sqan uri'lar.

Wol ji'llari' an' da, qus ta ko'p yedi.

Bir ku'ni duzaqlari'mdi' qarawg'a barsam, qanday da bir u'lken an' ju'rip wo'tip, bu'ldirip ketipti. Iyttin' izinen kishilew iz ayqi'sh-uyqi'sh. Duzaqqa tu'sken qoyandi' sol jerde jep, su'yeklerin qaldi'ri'p ketipti.

Sol ku'ni duzaqlari'mdi' qaytadan quri'p, u'yge bos qaytti'm. Yerten'ine kelsem duzaqqa

tu'sken bir qoyandi' tag'i' da keshegidey woyranlap ketipti. Buni' ko'rip u'yge ju'da' qapa boli'p qaytti'm. Yendi qasti'-g'a'rezim — menin' woljamdi' urlap ju'rgen uri'ni' uslaw boldi'.

Uri'dan hiyleni asi'ri'p, tap sol yeki qoyandi' jegen jerge aylandi'ri'p to'rt-bes duzaq quri'p, wo'zim tag'i' da bos qaytti'm. Yerten'ine hayran qalarli'q waqi'yani'n' u'stinen shi'qti'm. Arasi'n bir adi'mnan quri'p ketken qi'l duzag'i'ma yeki haywan tu'sip, wo'z ara qi'ri'li'si'p, talasi'p ati'r. Yekewi de duzaqta. Jaqi'nlap qarasam, woni'n' birewi tu'lki, yekinshisi sag'al! Ju'nleri juli'ni'p, tumsi'qlari' qanap qali'pti'. Meni ko'rip yekewi yeki jaqqa taslani'p, qashajaq boli'p talaplanadi'. Duzaq sag'aldi'n' moyni'na tu'sip, woni' birotala qi'lqi'ndi'ri'p taslapti'. Wolardi' birimlep uslap aldi'm.

*M. Qarabaev.*

?

Qoyandi' jegen uri'lardi' qalay usladi'?
Wolar qanday haywanlar yedi?

## Adam qoli' gu'l.

Tu'nde ayaz urlani'p,
Ayna aldi'nan wo'tipti,
Tu'r qa'lemli aq qi'raw,
Su'wret sali'p ketipti.

Su'wretine qarasam,
Japi'rag'i' ko'p gu'ldin',
Sheber yeken worasan,
U'yreniw kerek dep bildim.

Ha'r qi'yli' gu'ldin' su'wretin,
Da'pterge men de salg'anman.
Woqi'tqan mug'allimnen,
«Bes» bahasi'n alg'anman.

Uyasi'nan shi'g'i'p ku'n,
Shashqani' gu'mis nurlari'n.
Aynada qi'raw-su'wretten,
Ko'rmedim sira' qalg'ani'n.

Menin' salg'an su'wretim,
Jarqi'radi' ku'n menen.
Ras yeken balalar
Adam qoli' «gu'l» degen.

*X. Saparov.*

Aynadag'i' su'wretler nege tez ketip qaldi'? Adam qoli' menen sali'ng'an su'wret nege wo'shpedi?
Qi'stag'i' qubi'li'slardi' baqlan'.

## Qar.

Qar boradi' pa'ttelep,
Jerge tu'sti «pa'tpelek».
U'yge qaray juwi'ri'sti'q,
Shala qaldi' ha'kkelek.

Qardi' arti'p taslaymi'z,
Artpag'ansha baspaymi'z.
Apam isten kelgenshe,
U'lken jumi's baslaymi'z.

Apam isten kelgende,
Yesik aldi'n ko'rgende,
— Kim artti'? — dep tan'lani'p,
Ku'lip soraw bergende.

— Biz artti'q! — dep shalqayi'p,
Mardi'yi'p bir aytayi'q,

Keyin qarda juwi’ri’p,
Woynap-woynap qaytayi’q.

*Sh. Seytov.*

Qar ji’ldi’n’ qaysi’ ma’wsiminde jawadi’?
Sizler qarda qanday woyi’nlardi’ woynaysi’z?

## *Miyras.*
*(Yertek)*

Buri’ng’i’ wo’tken zamanda bir g’arri’ni’n’ u’sh balasi’ bolg’an yeken. G’arri’ni’n’ kempiri de qayti’s boli’pti’. G’arri’ du’nyalari’n balalari’na miyras yetip, bo’lip beripti. U’lken balasi’na tu’yelerin, wortanshi’ balasi’na qoylari’n, genje balasi’na ata-babasi’nan miyras boli’p qalg’an kitaplari’n u’lestiripti.

Aradan ko’p waqi’t wo’tpey g’arri’ du’nyadan wo’tipti. G’arri’ni’n’ u’lken balasi’ atasi’ bergen tu’yelerin sati’p, u’lken jayli’ boli’pti’. Wortanshi’ balasi’ da atasi’ bergen qoylari’n bazarg’a apari’p satadi’. Puli’na u’lken bir bo’lek jerdi sati’p aladi’.

Genje balasi’ bolsa atasi’ bergen kitaplardi’ woqi’p, ta’lim-wo’ner u’yrenip, son’i’nda ali’m

boli'p shi'g'adi'. U'lken, tun'g'i'sh balasi' ha'r tu'rli ishimlikler iship, woti'rg'an jayi'n da satadi'. Wortanshi' balasi' da alg'an jerin sati'p, woni'n' aqshasi'na ha'r tu'rli tag'amlar, sharaplar iship ma's boli'p ju'redi.

Kishi balasi' wo'z isinen kewli toli'p, yelge tani'ladi'. Ilim-wo'neri xali'qqa payda keltiredi. Wol atasi' miyras yetip qaldi'rg'an kitaplardi' ku'tip uslap, wonnan paydalani'p, wo'z ka'sibine sadi'q boli'p maqsetine jetipti.

*«Jetkinshek» gazetasi'nan.*

G'arri' balalari'na nelerdi u'lestirip berdi? G'arri'ni'n' u'lken ha'm wortanshi' balalari' g'arri'si'ni'n' bergen zatlari'na ne sati'p aldi'? G'arri'ni'n' genje balasi' ne ushi'n yelge tani'ldi'?

## Naqi'l.

Si'rlasari'n' bolmasa,
Dos qa'dirin bilersen'.

Jalg'i'z ju'rip zori'qsan',
Jol qa'dirin bilersen'.

## Qi’s.

Ulpa qarg’a mali’ndi’,
Da’rya, tog’ay, dalalar,
Shawqi’m sali’p awi’lda,
Woynadi’ ko’p balalar.

Shanalari’n su’yretip,
Do’n’nen pa’ske qulaydi’,
Ha’m qar baba du’zetip,
Tamashag’a qaraydi’.

Qi’zi’q yeken qi’s sa’ni,
Ko’zdin’ jawi’n alg’anday,
Balali’qti’n’ si’rlari’,
Ba’ri yeste qalg’anday.

*S. Yembergenov.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.
Qi’s ko’rinisin wo’z so’zin’iz benen ayti’p berin’.

## Ji'l kiyati'r.

Bi'lti'rg'i'dan bi'yi'l biyik,
To'besi aspang'a tiyip,
Bul ja'ha'nge zorg'a si'yi'p,
Bizin' jan'a ji'l kiyati'r.

Ji'l basi'na basshi' boli'p,
Won bir jigit qosshi' boli'p,
Nama sali'p sazshi' boli'p,
Yanvar ayi' bul kiyati'r.

Aspan asti'na nur to'gip,
Jer ju'zine shatrash toqi'p,
Aqsham bati'p, ku'ndiz shi'g'i'p,
U'sh ju'z alpi's ku'n kiyati'r.

*A. Dabi'lov.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## Yolka qosi'g'i'.



Bizin' yolka tamasha,
Qi'zi'g'i'na qarasa,
Woyi'nshi'qlari' tag'i'lg'an,
Neshew yeken sanasa?

Bala, bala, balalar!
Yolkani' kim sog'a alar?
Pilmen be, ya g'azban ba?
Meni kimler taba alar?

Aylan, aylan yolkani',
Ashi'n', ashi'n wortani'.

Ana birew kim yeken?
Tap wortada ju'r yeken.
Soni'n' ba'ri saqal ma,
Awzi'-basi' ju'n yeken.

Wol ma? — Ayaz babami'z,
Woni' qardan sog'ami'z.
Qol uslasi'p birigip,
Do'gereklep shabami'z.

Aylan, aylan yolkani',
Ashi'n', ashi'n' wortani',
Mi'na birew bala ma,
Bul da bizden bola ma?
Tani'madi'q kim yeken,
Woynap ju'rgen arada?

Bul ma? — Jan'a ji'li'mi'z,
Wo'zimizdin' birimiz,
Qosi'p woni' qatarg'a,
Tamashani' quri'n'i'z.

Di'm jas yeken desedi,
Tuwg'an bala keshegi,
Woyi'n woynap shi'ni'g'i'p,
Keshke shekem wo'sedi.

Aylan, aylan yolkani',
Ashi'n', ashi'n' wortani'.

*M. Seytniyazov.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## 14-YANVAR — WATAN QORG'AWSHI'LAR KU'NI.



## Qanatli’ qaharman.

Berlinge hu’jim baslandi’. 1945-ji’l 23-aprel ku’ni polk komandiri Plis Nurpeyisovtin’ ekipaji’na ma’mleketlik a’hmiyetke iye bolg’an juwapkerli wazi’ypa tapsi’ri’ldi’.

Diydilegen jerine kelgende, Plis su’wretke tu’siriw ushi’n jari’q beriwshi raketa tasladi’. Qa’pelimde qaran’g’i’ aspanda ku’shli shaqmaq jarqi’ldadi’. Bu’yirine bir na’rse soqqanday samolyot silkingende, woni’n’ aynasi’nan ku’shli salqi’n samal kabinag’a hu’wledi. Plis woni’ wo’z biyikligin saqlap qali’w ushi’n qansha jantalassa da, si’rg’i’wi’n dawam yetti ha’m tu’tin aralas jali’n kabinasi’na kirip, ko’zdi ashi’p-jumg’ansha woni’n’ betine urdi’.

Tu’tinge tunshi’qqan Plis radio arqali’ dushpan texnikasi’ni’n’ jaylasqan tu’yini tuwrali’ xabar berip u’lgerdi.

— Xosh watan — ana, tuwi’lg’an Qaraqalpaqstani’m, qatar-qurbi’ doslari’m!

Bul woni’n’ yen’ son’g’i’ so’zleri yedi. Yen’ son’g’i’ ku’shin ji’ynap jang’an «fakeldi» fashist samolyotleri jasi’ri’ni’p turg’an aerodromg’a qaray bag’darladi’.

1945-ji'li' 23-aprel ku'ni Plis Nurpeyisov Berlin u'stinde usi'layi'nsha qaza tapti'.

1945-ji'li' 18-avgust ku'ni Plis Nurpeyisovqa Qaharman atag'i' berildi.

*K. Aymanov.*

? Plis Nurpeyisov qanday qaharmanli'q ko'rsetti?

Woni'n' qaharmanli'g'i' qalay bahalandi'?

## Biz — ti'ni'shli'q gu'limiz.

Du'nya boylap gu'lleymiz,
Renjiwdi bilmeymiz,
Biz ti'ni'shli'q desemiz,
A'lemge nur tileymiz.

Ashi'q baxi't jollari',
Ashi'lami'z, solmaymi'z,
Planeta balalari',
Dos boli'wdi' woylaymi'z.

Wo'rt shalmasi'n hesh yeldi,
Ten'lik bolsi'n ja'ha'nde,
Aymalasi'n a'lemdi,
Mehriybanli' bir ana.

Yeldin' dosli'q joli'nda,
Biz ti'ni'shli'q gu'li bop,
Sol anani'n' qoli'nda,
Turayi'q ta boli'p shoq.

Soldi'rman'lar bizlerdi,
Mehriybanli' tilimiz.
Qa'sterlen'ler gu'llerdi,
Biz — ti'ni'shli'q gu'limiz.

*Wo'. Sa'rsenbaev.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.

## A'deplilik ha'm adamgershilik.

### U'lkenlerdi hu'rmetle.

Jasi' u'lkenlerge ji'lli' ju'z benen sa'lem ber. U'lkenlerdin' qoli'n qos-qollap al. Bir qoli'n'di' berip sa'lemlesken uyat boladi'. Wolardi'n' sorawlari'na toli'q ha'm si'payi' juwap ber. U'lken adamlardi'n' aytqan so'zlerin di'qqat penen ti'n'la. U'lkenler aqi'l aytsa, woni' i'qlas penen qabi'l yet.

Jasi' u'lkenler aldi'nda kelisse de, kelispese de so'yley berme. Ha'r bir so'zin'di woylani'p so'yle. U'lkenlerdin' so'zin bo'lme, wolardi' si'yla, kishipeyil bol. U'lkenlerdin' aldi'nan kes-kesleme. Mudami' wolarg'a jol ber.

## Naqi'l.

Jaqsi' menen ju'rdim, jettim muratqa,
Jaman menen ju'rdim, qaldi'm uyatqa.

## A'deplilik.

Sabaqlari'mdi' tayarlap boli'p a'debiy kitap woqi'wg'a woti'rg'ani'm da sol yedi, qasi'ma qoli'na «Woqi'w kitabi'»n uslag'an u'kem keldi.

— A'jag'a, bilesen' be? Bizler bu'gin mug'allimnen bir a'depli qi'z haqqi'nda qi'zi'qli' gu'rrin' yesittik.

— A'depli!.. — Tan'lani'p, u'keme qaradi'm.

— Awa, a'jag'a wo'zi sonday a'depli qi'z yeken.

A'depli bolg'anda da bar g'oy tap wonday qi'z bizler turg'an bul ko'shede de joq shi'g'ar. Mug'allimimizden usi' gu'rrin'di yesitkeli berli bizler birbirimiz benen jari'si'p, kim a'depli bolar yeken — desip te ju'rmiz. Kesheden beri anaw Jamiyla barg'oy, ba'rimizden de buri'n a'depli boli'w ushi'n

ko'p na'rselerdi islepti. Ko'shesindegi adamlar da, ha'tteki klastag'i' balalar da Jamiylani' ju'da' jaqsi' ko'redi. Rasi'n aytsam menin' de Jamiyladay bolg'i'm keledi. Bul ushi'n yen' da'slep nelerdi islewim kerek? — dedi u'kem ku'limsirep.

— Bul ushi'n ba? Sen de qoli'n'nan keletug'i'n ko'p na'rselerdi islewin' kerek. Ani'g'i'n aytsam u'lkenlerdi hu'rmetle, kishkenelerge g'amxorli'q yet, a'depliliktin' wo'zi mine usi'lardan baslanadi', — dedim.

Wol, «raxmet a'jag'a, men aytqanlari'n'i'zdi'n' ha'mmesin isleymen» — dedi de, quwani'wi' menen si'rtqa qaray juwi'ri'p ketti. Men de azi'raqtan son' si'rtqa shi'qti'm. Ku'tpegende Jamiylani'n' kishkene yeki balani'n' wortasi'nda turg'ani'n ko'rdim. Wol shi'r-pi'r boli'p jan'ag'i' yeki balag'a bir na'rseler haqqi'nda ayti'p ati'r. Jaqi'nlan'qi'rap bari'p ti'n'lasam: — a'depli balalar bir-biri menen uri'spaydi', qaytama biri-birine g'amxorli'q yetedi, — dep ati'r yeken. Shamasi', jan'ag'i' yeki bala bir-biri menen ja'njellesip qalsa kerek.

U'lkenlerden yesitken bir awi'z ji'lli' so'zdin' wo'zi kishkeneler ushi'n u'lken quwani'sh yekenligin sonda g'ana bildim.

Mug’allim balalarg’a ne tuwrali’ so’ylep bergen?
A’jag’asi’ u’kesine qanday na’siyat aytti’?
Jamiylani’ ne ushi’n a’depli qi’z dep atadi’?
Jamiyla balalarg’a ne haqqi’nda ayti’p turg’an yedi?

## Puldi’ kim urladi’?

Bul waqi’ya wo’tken ji’li’ jazg’i’ dem ali’sta lagerge barg’ani’mda bolg’an yedi. Wol jerde men Nargiza degen qi’z benen til tabi’si’p, tez arada doslasi’p kettim.

Dem ali’s lagerindegi ha’r bir ku’nimiz bir-birinen qi’zi’qli’ boli’p wo’tti. Ha’tteki, u’yge qaytatug’i’n ku’n jaqi’nlasi’p qalg’ani’n sezbey de qali’ppi’z. Usi’nday ku’nlerdin’ birinde Nargiza yekewimiz u’yge qayti’wg’a tayarli’q ko’rip, zatlari’mi’zdi’ taqlasti’ra basladi’q. Bir waqi’tlari’ Nargiza shi’r-pi’ri’ shi’g’i’p, sumkasi’n ti’ntkiley basladi’.

— Sumkamdag’i’ puli’m joq. Ku’ni keshe bar yedi, — dedi wo’zin naqolay sezip.

Nargizani’n’ u’yi dem ali’s lagerinen uzaqta bolg’anli’qtan jol kirey ushi’n sumkasi’na pul sali’p ju’retug’i’nli’g’i’nan xabari’m bar yedi.

Joyti'lg'an puldi yekewlep izley basladi'q. Biraq, hesh jerden tappadi'q. Ju'z bergen bul waqi'yani' topar jetekshisine aytti'q. Topar jetekshisi qi'zlardan sorasti'ra basladi'. Qi'zlardi'n' birewi Dilbar degen qi'zdi'n' Nargizani'n' sumkasi'n qarap ati'rg'ani'n ko'rgenin aytti'. Dilbardi'n' sumkasi'n tekserip yedi, sumkasi'nan Nargizani'n' joyti'lg'an puli' shi'qti'. Dilbar doslari'ni'n' betine tik qaray almay, sol ku'ni-aq u'yine qayti'p ketti.

*Kamila.*

## Naqi'l.

Jalg'i'z taydi' u'yretken,
Seyis boli'p atalmas.
Jalg'i'z terek ko'gertken,
Bag'man boli'p atalmas.

## Jumbaq.

Uzi'n boyli' sari'lar
Qolti'g'i'nda nani' bar.

*(Buwday)*

## Qozi'.

Yerte ba'ha'r. Da'wlet penen Ha'sen woqi'wdan kiyati'r yedi. Yeki bala qumli'qti'n' yetegine kelgende, bir turi'p, bir ji'g'i'li'p ju'rgen aq qozi'ni' ko'rdi. Yekewi de shopanni'n' balalari' yedi. Wolar woni'n' qoyan yemes, qozi' yekenin birden bildi.

— Ne bolsa da, anasi' suw ishiwge ketken shi'g'ar. Ku'te turayi'q, — dedi Da'wlet.

— Qasqi'r jep qoymadi' ma yeken? — dedi Ha'sen dawi'si' dirildep.

— Qaydag'i' qasqi'r. Anasi'n jegen qasqi'r qozi'si'n aman qaldi'ra ma? — dedi Da'wlet.

Anasi' keler dep, yeki bala ko'p ku'tti. Kelmedi.

Ku'n awa basladi'. Balalar ash boldi'. «Qoy, bolmas», — dep yekewi de awi'lg'a qaytqandi' maqul ko'rdi.

— Qozi'ni' ne qi'li'w kerek? Yekewi de birden ali'p ketemiz, dep kelisti. Biraq, jan'a ayaqlang'an a'lji'waz qozi' wo'zi ju're almaydi'. Alg'a atlamaq boli'p talpi'ng'an sayi'n aldi'ng'i' yeki jilinshigi bu'gilip, qozi' wo'z-wo'zinen qulap-su'rine berdi. Murni'ni'n' ushi'na deyin terlegen Da'wlet:

— Yendi bir zaman sen ko'ter, — dep qozi'ni' Ha'senge berdi. Bul yekewi usi'lay yetip

qozi'ni' gezekpe-gezek ko'terisip ko'p ju'rdi. Awi'ldi'n' qarasi' ko'riner yemes.

Yekewi de qatti' sharshadi'. Qozi'ni' usi' jerge taslap, awi'lg'a bari'p u'lkenlerge aytsaq qalay boladi'.

— Wonda buni' sag'al jep ketedi g'oy, — dedi Da'wlet birden. Wolay bolsa, qozi'ni'n' qasi'nda men qalayi'n, sen bari'p awi'lg'a xabar ber.

— Bir wo'zim ju'riwge qorqaman, — dep Ha'sen shi'ni'n aytti'.

— Wonda sen qal.

— Qalay qalaman. Qasqi'r, sag'al kelse yekewimizdi de jep qoymay ma?

Ha'zirshe shi'da. Qansha ju'rsek te, qozi'ni' taslamaymi'z, — dep Da'wlet kesip aytti'.

Yekewi qozi'ni' alma-gezek ko'terip, yeki bala ilgeri ju'rdi.

Qozi'ni' gezek penen ko'tergen Da'wlet penen Ha'sen sharshap boldi'rdi'. Aqi'ri'nda ku'n awa u'ylerinin' de to'besin ko'rdi. Qozi'ni' aman-saw awi'lg'a jetkerdi.

Malg'a jani' ashi'g'an bala jaman bolmaydi'. Tu'binde jaqsi' azamat boli'p wo'sedi, — dep ag'a shopan yekewinin' de man'layi'nan si'ypap, arqalari'nan qaqti'.

Balalar jolda neni ko'rdi?
Wolar qozi'ni' qalay a'keldi?
Ag'a shopan wolarg'a ne aytti'?

## A'DEPLILIK HA'MMEGE KEREK.

### A'kesi menen balalari'.

A'kesi balalari'na mudami' tati'wli'qta jasan'lar, — dep aytadi' yeken, al balalari' woni' ti'n'lamapti'. Solay yetip, wol balalari'na tal shi'bi'q a'keliwdi buyi'ri'pti' ha'm woni' balalari'ni'n' qoli'na uslati'p:

— Si'ndi'ri'n'! — depti.

Wolar qansha ha'reket yetse de, si'ndi'ra almapti'. Sonda a'kesi tal shi'bi'qti' jazdi'ri'p, woni' bir taldan si'ndi'ri'wdi' buyi'ri'pti'. Wolar tal shi'bi'qti' bir tallap, demde si'ndi'ri'pti'. Sonda a'kesi:

— Mine, sizler de sondaysi'z, yeger sizler tati'wli'qta, birlikte jasasan'lar, sizlerdi hesh kim bassi'na almaydi'. Yeger ja'njellese bersen'iz ha'm tum-tusqa tarasi'p ketsen'iz, kim bolsa sol sizlerge u'stemlik yetedi, ma'tibiy boladi', — depti.

*L. N. Tolstoy.*

? Balalari’ tal shi’bi’qti’ ne ushi’n si’ndi’ra almadi’?

## Xali’qti’n’ danali’q so’zleri.

Jaqsi’ kitap woqi’g’ani’n’ —
Jaqsi’ dosqa ushi’rag’ani’n’.

* * *

Kitaptan ha’rip yemes,
Aqi’l menen woy izle.

* * *

Alti’n jerde —
Bilim kitapta.

* * *

Kitap qa’lem menen yemes,
Aqi’l menen jazi’ladi’.

* * *

Aqi’lli’ qon’si’n’ bolmasa,
Kitap penen si’rlas.

* * *

Bilim uyat yemes, woqi’maw uyat.

* * *

Ne woqi’g’ani’n’di’ yemes,
Ne bilgenin’di ayt.

* * *

Кitap – bilim bulag’i’.

## Jeti g’arri’.

Bahram jetige kelgenshe atasi’ni’n’ arqasi’nan tu’spey toyg’a bari’p, awi’ldi’n’ g’arri’lari’ni’n’ arasi’nda wo’sti. Aqsaqal g’arri’lardi’n’ ba’rin birge woynap ju’rgen joldaslari’nday jaqsi’ biledi.

Sol Bahram bi’yi’l atasi’ni’n’ arqasi’nan tu’sip, mektepke barg’an.

Bir ku’ni sabaqtan Bahram shashi’ jelkildep, tanawi’ jari’li’p, su’rnigip-qami’li’p keldi de:

— Ata, — dedi mi’lti’q penen atqanday.

— Haw, wol ne? — dedi Sa’rsen ata hapli’g’i’p, kelgen aqli’g’i’na qarap.

— Bizin’ mug’allim sabaqqa jeti g’arri’ shaqi’ratug’i’n boldi’. Ishinde siz de barsi’z, — dedi Bahram bir so’zi birine birikpey.

Asi’g’i’p-hapli’g’i’p so’ylep kelgen aqli’g’i’ni’n’ so’zine atasi’ duri’slap tu’sine almay:

— Balam-aw, so'zin'di ani'qlap ayt, — dedi g'arri' Bahramni'n' man'layi'nan su'yip.

Bahram atasi'na:

— Mug'allim apay mektepke birinshi ku'n Du'yshembi boladi', yekinshi ku'n Shiyshembi boladi', u'shinshi ku'n siz, Sa'rshembi, Juma, Yekshembi atalari'm keletug'i'n boldi'. Siz kelesiz be? Sa'rsen ata mushtay balasi'ni'n' arqasi'nan qag'i'p, yeriksiz ku'ldi.

— Wo, an'qaw balam, duri'slap tu'sinbegensen' g'oy.

Du'yshembi degen g'arri'ni'n' ati' yemes, ku'nnin' ati'.

Shiyshembi — yekinshi ku'n.

Sa'rsembi men yemes, wol da ku'nnin' ati'.

Menin' Sa'rsen boli'p ju'rgenim — usi' sa'rsembi ku'ni tuwi'lg'anman, basqa g'arri'lar da usi'nday.

Ku'lkisine shaqalg'an g'arri', aqli'g'i'na jeti ku'nnin' ati'-jo'nin zorg'a tu'sindirdi.

Bahram tun'g'i'sh ret qaraqalpaqsha ku'n atlari'n usi'lay u'yrendi.

?

Bahram atasi'na ne haqqi'nda aytti'?

Wol ku'n atlari'n qalay u'yrendi?

## Bilip aldi'm.

Qarap jiber dedi apam,
Qaynap turma chaynik balam.
Qarap turman men chaynikke,
Suw pi'qi'rlap so'ylemekte.

Qaynag'ani' usi'meken,
Ya azg'antay ku'tsembeken,
Apam aytqan ku'limsirep,
Jan'i'li'spaysan' yendigi ret.

Sonnan berli, sonnan berli,
U'yrendim men chay demlewdi.
Suwdi' quyi'p qoysam chaynik,
Plitag'a qarayman tek.

Paqi'rlasa suwli' chaynik,
Qaynag'ani' bolar demek.

*Sh. Atamuratova.*

? Sizler chay demlewdi bilesiz be?

## A'depsiz.

Da'lizdin' mu'yeshinde suw shelek,
Turg'an jerge jetip keldi bir bala,
Woni'n' tu'ri basqalardan bir bo'lek,
U'sti patas, shashi' u'rpeygen wol bala.

Bas kiyimi yen'sesinde ju'ripti,
Ilinbegen zorg'a turg'an ilgegi,
Shalbari'ni'n' bir balag'i'n tu'ripti,
Ju'da' won'i'p turg'an da joq ju'rgeni.

Juli'p aldi' iship turg'an sarqi'mdi',
Bir kishkene qi'zdi'n' da'rriw qoli'nan,
Urtlag'an suw buwi'p qaldi' alqi'mdi',
Joldaslari' ku'ldi won'li'-soli'nan.

Biraq, si'yi' woni'n' menen pitpedi,
Ko'rgen bala ba'ri wog'an tan' qaldi'.
Ta'rtip saqlap wol gezegin ku'tpedi,
Sonli'qtan qi'z «a'depsizsen'» dep saldi'.

*M. Seytniyazov.*

? Balag'a ne ushi'n «a'depsizsen'» dedi?

## Naqi'l.

Jaqsi'ni'n' barsan' qasi'na,
Beri kel dep shaqi'rar.
Jamanni'n' barsan' qasi'na,
Ash jolbari'stay aqi'rar.

## Mal fermasi'nda.

Joldasbay ag'a fermani'n' qara mallari'n bag'adi'. Woni'n' qarawi'ndag'i' si'yi'rlar ha'r ji'li' tegis buzawlaydi'. Fermag'a bara qoysan', buzawlardi'n' mo'n'iresken dawi'slari'na, sekirip-sekirip woynawlari'na di'm qi'zi'g'i'p ketesen'. Ha'tte, ku'nnin' qalay wo'tkenligin de bilmey qalasan'.

Joldasbay ag'ani'n' balasi' Medetbay buzawlardi' ju'da' jaqsi' ko'redi. A'sirese, anaw qon'i'r si'yi'rdi'n' buzawi'n sonday a'lpeshleydi. Woni'n' ha'wkelerin si'ypalaydi'. Wolar bosani'wdan qorani'n' ishinde arman-berman shapqi'lap ketedi.

Bulardi'n' barli'g'i' da kishkene Medetbaydi' tag'i' da kewillendirip jiberedi, wolardi'n' bir-biri menen shapqi'lasi'p woynag'anlari'na qi'zi'qsi'ni'p qaraydi'.

Ferma degen di’m tamasha-aw wo’zi. A’sirese, kesh bolg’andag’i’si’n aytpaysan’ ba? Wo’risten qaytqan si’yi’rlar jerdi shan’g’i’ti’p, mo’n’irep buzawlari’na jetkenshe asi’g’adi’. Bul waqi’tlarda Medetbay ag’asi’ menen apasi’na ko’meklesedi. Si’yi’rlardi’ qorag’a kirgizedi. Wolardi’n’ aldi’lari’na wot a’kelip sali’sadi’. Si’yi’rlar menen buzawlardi’n’ wot jegenlerine qi’zi’qsi’nadi’.

Medetbay ku’ndizgi ko’rgen qi’zi’qlari’n yerten’ine wo’zi menen birge woqi’ytug’i’n klaslas doslari’na ayti’p berdi. Wolar da Medetbaydi’n’ islerine quwani’si’p qaldi’.

*«Jetkinshek» gazetasi’nan.*

Medetbay ag’asi’ menen apasi’na qanday ja’rdem beredi?
Sizler mal fermasi’na bardi’n’lar ma?

## Kishipeyil bala.

Yeki kempir qudi’qtan suw aldi’. Wolardi’n’ u’shinshisi keldi. Wolar bir biyik jerge bari’p dem ali’p woti’rdi’.

So’ytip, kempirler wo’z ara: — Menin’ balam

wog'ada ku'shli, wog'an hesh kim ba's kele almaydi'.

— Menin' balam qosi'q aytqanda bu'lbu'ldey sayraydi'. Woni'n' dawi'si'nday dawi's joq, — dedi yekinshisi.

— Ne, wo'zin'nin' balan' tuwrali' hesh na'rse aytpaysan'? — dep soradi' qasi'nda woti'rg'an kempir.

— Ne aytasan'? — dedi kempir. Woni'n' hayran qalarli'q wo'zinsheligi joq.

So'ytip, kempirler sheleklerin tolti'ri'p ko'terip ketti. Al, wolardi'n' son'i'nan u'shinshi kempir de ju'rdi. Kempirler dem ali'w ushi'n toqtadi'. Qollari' awi'rdi'.

Wolardi'n' aldi'nan u'sh bala qarsi' shi'qti'.

Birewi basi'n to'men sali'p, do'n'gelek aydaydi'.

Yekinshisinin' bu'lbu'ldey sayrag'ani'n hayallar yesitti.

Al, u'shinshisi kempirge jaqi'nlap kelip, woni'n' qoli'ndag'i' awi'r shelekti ali'p, iynine sali'p ali'p ju'rdi.

Kempirler jan'ag'i' kempirden:

— Bildin' be bizlerdin' balalari'mi'z qanday? – dep soradi'.

— Wolar qayaqta? — Men bir balani' g'ana ko'rip turman — dep juwap berdi.

*V. Oseev.*

Gu'rrin'di woqi'p shi'g'i'n'.
Kempirler ne tuwrali' so'ylesti?
Kempir qaysi' balani' maqtadi'?
Sizler jasi' u'lkenlerge qanday ja'rdem beresiz?

## Jaqsi' bala atansan'.

Men kishkene balaman,
Wo'zimshe bir danaman.
Qay iste de wo'rnekti,
U'lkenlerden alaman.

Jasi' u'lkenlerdi si'ylayman,
Aytqan so'zin ti'n'layman.
Apam jumi'stan kelgenshe,
U'kemler menen woynayman.

Turi'p yerte azanda,
Shi'ni'g'aman taza hawada,
Juwi'ni'p bet-qoli'mdi',
Ju'remen ba'rha azada.

Woqi’wdan hesh qalmayman,
To’men baha almayman,
Ruqsatsi’z apamnan,
Kinog’a da barmayman.

Jumsag’an jerge baraman,
Tawi’qqa da’n salaman,
Til alg’i’sh dep maqtasa,
Di’m quwani’p qalaman.

*A. A’bdimuratov.*

? Bala qanday bolg’i’si’ keledi?

## Naqi’l.

Ali’m bolsan’ — a’lem seniki.

## Alg’i’s al!

Sa’lem ber balam, sa’lem ber,
Barli’q ata-anag’a!
Si’yla jasi’ u’lkendi,
Hesh kimdi jasqa sanama!

Sawatsi’z dep qarama,
Tani’mag’an adamdi’,

Senin’ bergen sa’lemin’,
Du’zetedi nadandi’.

A’dep penen ikram,
Bolsi’n wo’mir joldasi’n’!
Seni ha’mme jaqsi’ dep,
Minezin’di qollasi’n!

A’depsizlik is yetip,
Betin’e jaqpa ko’mirdi,
Su’ygil balam miynetti,
Jani’n’day su’y wo’mirdi!

*J. Aymurzaev.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.

Yesikten kirsen’ de,
Sa’lem berip kir.

# WO'Z SHAN'ARAG'I'M — WO'Z UYAM.



## Razi'man a'keme.

Razi'man a'keme,
Bolago'r qi'zi'm haq deydi.
Is son'i'na baq deydi.
Razi'man a'keme.

Qatari'n'nan qalma der,
Bir wo'zin' iske barma der,
Dosti'n'di' da'rtke salma der,
Razi'man a'keme.

Der: «Joqshi'li'q basi'mda,
Sawatsi'z qaldi'm jasi'mda,
Iyele ilim hasi'ldi'»,
Minnetdarman a'keme.

Insanli'qqa u'yretken,
Wo'mirdi mag'an biyletken,
Ma'rtliktin' gu'li'n si'y yetken.
Razi'man a'keme.

*N. To'reshova.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## G'arri' ha'm bala.

Bala: — Bali'qshi' ata, bati'r ata.
Ko'lge shati'r qurg'an ata.
Ten'iz nege tolqi'nlasi'p,
Tayday tuwlap jati'r ata?

G'arri': — Ten'iz ten'izben dep ati'r,
Tolqi'ni'mdi' ko'r dep ati'r.
Su'zip ali'p bayli'g'i'mdi'.
Watang'a tez ber dep ati'r.

Bala: — Bali'qshi' ata, bati'r ata,
Ko'lge shati'r qurg'an ata,
Quslar nege qi'yqi'wlasi'p,
Ushi'p-qoni'p ati'r ata?

G'arri':— Quslar yerkin quspan deydi,
Adamzatqa dospan deydi.
Alti'n sazan anda qashti',
Kel, bali'qshi' uslan' deydi.

Bala: — Bali'qshi' ata, bati'r ata,
Ko'lge shati'r qurg'an ata.
Bultlar nege buldi'rasi'p,
Ko'kte ko'ship ati'r ata?

G'arri':— Quslar ushi'p qoni'p ati'r,
Quwani'shqa toli'p ati'r.
Ten'izdin' xosh ta'biyati'na,
Wolar bende boli'p ati'r.

*X. U'bbiniyazov.*

1. Qosi'qti' woqi'n'.
2. Sizler Aral haqqi'nda neler bilesiz, ayti'p berin'.

## Кimler awi'radi'?

Aytjan kempir apasi'na wog'ada g'amxor. Кo'legeylep ju'rip qasi'nan shi'qpaydi'. Кempir apasi' usi' ku'ni jiyi-jiyi wonlag'an ku'nlep to'sek tarti'p jati'p qaladi'. Aytjan bolsa, kempir apasi' usi'nday yetip awi'ri'p qala qoysa da'rriw shi'pakerge juwi'radi', da'rixanadan kerekli da'ri-da'rmaqlardi' a'keledi. Sonli'qtan ba Aytjanni'n' kempir apasi' usi' kishkene aqli'g'i'n, Aytjandi' jani'nday jaqsi' ko'redi.

— Sen bolmasan' shi'rag'i'm, men wo'lip qalg'an bolar yedim. Qanday aqi'lli'san', — deydi barqulla.

Bug'an Aytjan marapatlanbaydi'.

— Menin' bul isimdi ha'mme de isley aladi' g'oy, — dep te qoyadi'.

Aytjanni'n' densawli'g'i' wog'ada ku'shli. Wol qi'sti'n' ku'nleri azanda qar menen denesin i'sqi'lap ati'rg'ani'n ko'resen'. Wo'mirinshe awi'ri'p ko'rgen joq.

Tosi'nnan awi'ri'p jumi'stan bu'gin yerte qaytti'm. Denem ku'yip-jani'p, shi'datar yemes. Кele sala to'sekke jatti'm. Menin' izimnen balam Aytjan da jetip keldi.

— Ag'a, ne boldi' sizge?

— Awi’ri’p turman. Shi’paker shaqi’rsan’ qalay bolar yeken? Wol tan’lani’p turi’p qaldi’. Do’n’gelek ko’zi de kem-kemnen u’lkeyip barati’r. Kishkene awzi’ sa’l g’ana ashi’li’n’qi’rap qali’pti’. Men yeriksiz ku’lip jiberdim.

— Aytjan-aw, nesine tan’lani’p tursan’? Yamasa awi’rg’an adamdi’ birinshi ret ko’riwin’ be?

Aytjan yesin ji’ynap aldi’ da, bati’l so’yledi:

— Awi’rg’andi’ ko’rip ju’rmen g’oy. Usi’ waqi’tqa shekem tek qartayg’an adamlar g’ana awi’ratug’i’n shi’g’ar dep woylaytug’i’n yedim.

## Densawli’q — teren’ bayli’q.

Denenin’ salamatli’g’i’n saqlawda to’mendegilerdi yadtan shi’g’armag’an maqul. Bunda ko’p jewden, ko’p uyqi’lawdan, ko’p so’ylewden saqlang’an maqul. Yegerde kimde-kim ko’p jewdi a’det yetse, woni’n’ asqazani’ buzi’ladi’. Asqazanda awi’ri’w payda boli’wi’ mu’mkin. Ko’p uyqi’lag’an adamni’n’ ju’zi sarg’ayi’p isedi. Wo’miri qi’sqaradi’. Kimde-kim ko’p so’ylewge a’detlense, denedegi organikali’q zatlar ha’dden ti’s i’si’rap boladi’.

Demek solay yeken, az so’ylep, az jep, az uyqi’lag’an adamni’n’ salamatli’g’i’ mudami’ jaqsi’ boladi’.

Ha'r ha'ptede yen' bolmag'anda yeki ret monshag'a tu'sip, deneni i'ssi' suw menen juwi'p turi'w kerek.

Ba'ha'r ma'wsiminde birdeyine qurg'aq, salqi'n ha'm i'ssi' awqat, shireli suw ishken maqul. Jazda taza, salqi'n awqat ha'm shireli suw ishiw paydali'. Qi'sta bolsa, qurg'aq i'ssi' awqat, shireli suw ishíp ju'riw za'ru'r.

*(Ha'kim Uli'qpanni'n' wo'z balasi'na aytqan na'siyatlari'nan)*

Bul na'siyatlardi' woqi'p, mazmuni'n tu'sinip ali'n'.

## U'mbettin' u'lesi.

U'mbet mektepten kelse, ag'asi' jaydi'n' qaptali'ndag'i' bir jerden topi'raqti' awdari'p ati'r yeken. Wol papkasi'n jaydi'n' ishine qoydi' da, kiyimlerin de sheshpey tuwri' ag'asi'ni'n' jani'na bardi'.

— Harman' ag'a, — dedi.

— Kel balam! Sheshinbedin' be?

— Sheshinermen. Ti'ni'shli'q pa ag'a?

— Gerbish ushi'n i'lay tayarlap ati'rman.

— Gerbish?

— Awa. Mine, sen mekteptesen’, u’kelerin’ de mektepke baradi’. Sizlerge sabaq tayarlaytug’i’n wo’jire quri’p bermekshimen.

— Ur-ra, yashasi’n! — U’mbet quwani’p ketti. «Ur-ra» dep boli’p u’yge juwi’ri’p kirdi. Kiyimlerin almasti’rdi’. Dasturxannan bir bo’lek nandi’ ali’p jedi de, ja’ne ag’asi’na keldi.

— Ag’a, men de gerbish quyaman, — dedi.

— Ba’rekella, bir zaman demin’di ali’p tur, i’lay tayi’n bolsa shaqi’raman.

U’mbet nan jewi menen arman ketip qaldi’. Wol ko’shege shi’g’i’p balalar menen woynadi’, qansha waqi’t woynag’ani’n da bilmey qaldi’. Bir waqi’tta ha’wlige kirse, ag’asi’ i’laydi’ to’n’kerilgen qazanday yetip u’yip qoyg’an yeken. Shaqqan ju’rip gerbish quyi’p ati’r. U’mbet te asi’g’i’s ag’asi’ni’n’ jani’na bari’p, i’laydan zuwala islep beriw ushi’n qoli’n i’layg’a urdi’. Bir neshe zuwala islep, ag’asi’na berdi.

— Ha’ ba’rekella, — dedi ag’asi’. – Duri’s, bul da bola beredi.

Wolar bir ha’pte usi’nday yetip, gerbish quydi’.

Bir ku'ni wolardi'n' u'yine bir topar adam ko'mekke keldi...

«Gerbish wo'redi yeken», dep woyladi'. Shi'ni'nda da solay boldi'. Birewi i'lay tasi'di', birewi gerbish wo'rdi. Gerbish wo'rip ati'rg'an usta ja'rdem berip ati'rg'anlarg'a:

— Mushtay kesek bolsa, tabi'n'lar. Gerbishtin' aralari'na qoyar yedik, — dedi. Gerbish tasi'p ati'rg'anlar alan'lasti'. Birden wolardi'n' ko'zi U'mbettin' quyg'an gerbishine tu'sti.

— Haw zor-g'o, degendey gerbish tasi'g'anlar quwani'sti'.

— U'mbetjan quyg'an yedi, — dedi Raxim ag'a bir shette turg'an balasi'na qarap.

— Jaqsi' yetken yeken, qaran', kewildegidey. Qoldi' irkpeydi, bul bolmag'anda isimiz wo'mirinde wo'nbeytug'i'n yedi.

— U'mbet wo'zi quyg'an gerbishlerdi tasi'y basladi'. Woni'n' woyi'nda u'y tez pitetug'i'nday, ha'mmenin' di'qqati' is bilgish U'mbetke qarati'lg'anday boli'p ko'rindi.

*M. Niyazov.*

?

U'mbetke ag'asi' ne dedi?

U'mbet ag'asi' menen ne isledi?

U'mbettin' tiykarg'i' woyi' nede yedi?

## Jumbaq.

Yesik bette birew tur,
Uzaq ku'nge talmaydi',
Qay waqi'tta qa'lesen',
Wonnan kewlin' qalmaydi'.

Jasi' kishi bolsan'da,
Xi'zmet yeter mudami',
U'yin'izdin' ishinin',
Aq ko'kirek «adami'».

*(qol juwg'i'sh)*
*M. Seytniyazov.*

Jumbaqti' yadlap ali'n'.

## Ba'rimizge unaydi'.

Tazali'g'i' Gu'laydi'n',
Ba'rimizge unaydi'.
Qay kiyimin kiyse de
Suli'w ha'm de shi'rayli'.

Kiyim kiyse yegerde,
Mintazday yetip kiyedi,
Nege desen' wol mudam,
Tazali'qti' su'yedi.

Shashlari'n da asi'qpay,
Wo'zi si'ypap taraydi',
Bantikti de shashi'na,
Wo'zi baylap tag'adi'.

Sonli'qtan da Gu'laydi',
Mug'allim de soraydi'.
Apasi' da maqtani'p,
Der: Gu'layjan unaydi'.

*T. Yeshanov.*

Qosi'qti' ta'sirli woqi'p shi'g'i'n'.

## Muratti'n' atasi'.

Muratti'n' atasi' bar. Wol a'jayi'p adam. G'arri' ju'zge shi'qti', woni'n' qali'n' saqali' ha'm basi'ndag'i' shashi' quwday appaq, al wonnan jasi'n'i'z neshede dep sorap ko'rin', g'arri' «men aqli'g'i'm menen qurdaspan» — dep juwap beredi.

Mine sonday tan' qalarli'q adam, Muratti'n' atasi'! Wol hesh qashan da jumi'ssi'z woti'rmaydi'. Wol ag'ash ustasi', gerbish wo'riwshi, temirshi. Jurt woni'n' qollari'

«alti’n» dep ataydi’. Barli’q balalarg’a shana, ha’r qi’yli’ woyi’nshi’qlar sog’i’p beredi.

Murat atasi’n wog’ada jaqsi’ ko’redi, atasi’n-day sheber usta bolg’i’si’ keledi. Mine ha’zirde wol atasi’ni’n’ balg’asi’n ha’m shegelerin ali’p birneme islep ju’r.

— Ju’r, woynayi’q, Murat, — dep shaqi’rdi’ woni’ Idiris.

— Menin’ waqti’m joq, men jumi’s islep ati’rman, — deydi wol.

— Al sen ne na’rse islep ati’rsan’?

— Atama woti’rg’i’sh islep ati’rman.

— Yele senin’ atan’ wo’zine woti’rg’i’sh sog’i’p ala almag’an ba?

— Menin’ atam barli’g’i’n isley aladi’. Biraq wol soqqan na’rselerinin’ barli’g’i’n adamlarg’a sawg’a yetedi, al bul woti’rg’i’shti’ men wog’an sawg’a yetemen.

Woti’rg’i’sh tayar bolg’anda Murat atasi’ni’n’ wo’zine aytqan ga’plerin yadi’na tu’sirdi:

— «Jumi’si’n’di’ basqag’a ko’rsetpesten buri’n, barli’g’i’ jaqsi’ islendi me, soni’ tekser». Murat woti’rg’i’shqa woti’ri’p ko’rdi. Shi’yqi’ldi’ yesitildi. Woti’rg’i’shti’n’ tuyaqlari’ qi’ysayi’p, wol jerge jalp yetti. Qi’rsi’g’i’na tap sol

waqi'tta atasi' wol turg'an jerge jetip keldi. Wol qi'si'ni'p qalg'an aqli'g'i'n worni'nan turg'i'zdi' da, bi'lay dedi:

— Qapalanba, usta. Sen tuyaqlari'n duri's qati'rmapsan', sonli'qtan wolar qi'ysayi'p ketken. Hesh ga'p, ha'zir bizler barli'g'i'n du'zetemiz.

Ko'p uzamay taza woti'rg'i'sh ta tayar boldi'. Atasi' woni'n' u'stine woti'ri'p dizesine Muratti' mingizgende de, woti'rg'i'sh si'qi'rlag'an joq.

1. Muratti'n' atasi' qanday adam?
2. Murat atasi'na neni sawg'a yetti?

## Jaman a'det.

Woqi'wdan keliwden,
Woyi'ng'a berildi.
Sabaq tayarlawg'a,
Bala yerindi.

Hesh ko'mek bermedi,
U'y-ishine de.
Awqati'n shala-pula ishti,
Woyi'nnan keldi de.

U'n'ildi televizorg'a,
Jatarg'a deyin.
Arqayi'n uyqi'ladi',
Al wonnan keyin...

Juwi'rdi' azanda,
Wol da mektepke,
Woti'ri'pti' to'men qarap,
Bala bir shette.

Sabaq sorap yedi,
Ko'p da'lil aytti',
Bala so'ytip u'yine,
«Yeki» ali'p qaytti'.

*A'. Seytjanov.*

## Jan'i'ltpash.

Bazardan alma sati'p aldi'm,
Aldi'm da qaltama saldi'm,
Almani' almayi'n desem,
Almash alma degen son' aldi'm.

## Ko'shemizdin' balalari'.

Bir jag'i' da'rya, bir jag'i' suli'w tereklerge bu'rkelgen a'jayi'p ko'rinisli wori'ng'a keldik.

Usi’ jerde Maqset ha’m Bazarbayg’a u’lken juwapkerli is tapsi’ri’ldi’. Wol da bolsa, wo’zinen kishkene won bes balani’ bizler kelgenshe woynati’p, jaqi’n jerlerge qi’di’rti’w yedi.

— Adasi’p ketpen’.

— Uri’spa.

— Qarmaq salsan’i’z mi’na japqa salarsi’z.

Jaypawi’tlaw jer tawi’p ali’p, A’jibay yekewimiz degdi tartti’q, Da’ryabay menen Sa’rsenbay qarmaq saldi’. Biraq yeki ko’zimiz arti’mi’zda «Balalarg’a bir is boli’p qalmasa bolar yedi». Qi’zi’q-qi’zi’q penen waqi’tti’n’ wo’tkenin de bilmey ash boli’p ha’m sho’llep bag’anag’i’ kelgen jerimizge qaytti’q.

Kelsek balalardi’n’ ko’pshiligi joq. Ju’reklerimiz «suw» yetti.

— Qalg’anlari’n’i’z qayaqta?

— Usi’ jerde, qori’qpay-aq qoyi’n’i’z, — dep juwap berdi Bazarbay. — Quwraq sho’p teriwge jiberdik. Chay qaynayi’n dep tur. Sho’llegen shi’g’arsi’z.

— Mine, g’amxorli’q. Yele bular bizlerdi sho’llep qaladi’, — dep qayg’i’ri’p ta ju’r yeken. Ha’mmemiz aylana do’gerek chayg’a woti’rdi’q. Du’zdegi chaydi’n’ sonsha mazali’si’n-ay!

— Qa’ne, kishkene jigitler qanday qi’zi’q ko’rdin’iz? — dedik chay u’stinde.

— Men ko’p shi’mshi’q ko’rdim, — dedi Ken’esbay, — qara shi’mshi’qlar ko’p yeken.

A’ne, anaw ushi’p barati’rg’an qara shi’mshi’qlar. Ken’esbay ushi’p barati’rg’an qara g’arg’ani’ ko’rsetti. Ken’esbay barli’q ushi’p ju’rgen quslardi’ shi’mshi’q dep biledi yeken. Wo’ytkeni, wol wo’mirinin’ ishinde tek shi’mshi’qti’ ko’rgen, basqalari’ni’n’ ati’n bilmeydi. Al, Ken’esbayg’a ku’lip woti’rg’an Da’wletnazar aq shi’mshi’q ko’rgen boli’p shi’qti’. Woni’n’ ko’rgen aq shi’mshi’g’i’ — shag’ala yeken.

Balalar tog’ayg’a bari’p shag’ala, qi’rg’awi’l, bu’lbu’l, torg’ay qusag’an quslardi’n’ ati’n bilip aldi’ ha’m wolardi’ wo’z ko’zi menen ko’rdi. Maqset penen Bazarbay bolsa, usi’ ku’ni bizlerge ko’p ja’rdem ko’rsetti.

*Q. Bekjanov.*

*Degdi — bali’q uslaw ushi’n taslang’an u’lken tor.*

Balalar qayaqqa bardi’?

Wol jerde neni u’yrendi?

Sizler de usi’nday sayaxatqa bardi’n’i’z ba?

Barsan’i’z nelerdi ko’rgenlerin’izdi ayti’p berin’.

# BA'HA'R BASLANDI'.



## Ba'ha'r.

Ba'ha'r ayi' ma'wsimlerdin' ishinde ayri'qsha ta'sir yetetug'i'n waqi't. Ba'ha'r boli'wdan qi'si' menen uyqi'da jatqan qurt-qumi'rsqalar woyani'p, ha'reketke keledi. Ba'ha'rde qi's kiyimlerin taslaysan'. Ton'lar

yeriydi. Diyqanlari'mi'z yegin yegiw ushi'n tayarli'qlari'n ko'redi. Ba'ha'r ayi'nda jawi'n-shashi'n ko'p boladi'. Bul jawi'n-shashi'nlar ko'gereyin dep kiyati'rg'an wo'simliklerge ko'p ja'rdem beredi. Ba'ha'rde kanallarda suwlar toli'p ag'i'p, wonnan paxta ati'zlari' suwg'ari'ladi'. Ba'ha'rde quslar qayti'p kelip, yelimizge u'lken ko'rk beredi. Ba'ha'rde bizler mektep qaptali' jerine bari'p isleymiz.

Gu'rrin'di ta'sirli yetip woqi'n'.
Ba'ha'r ko'rinisin wo'z so'zin'iz benen ayti'p berin'.

## Quslar qayti'p keledi yeken.

«Qurbanbay kishkene usta»
Dep aytadi' bizin' klasta.
Suli'wlap ha'r ji'li' ba'ha'rde,
Uya sog'adi' qusqa.

Bi'lti'r woni'n' bul uyasi'n,
Qarli'g'ashlar ma'kan yetti.
Bergennen son' ta'rbiyasi'n,
Wo'ni'p-wo'sip ushi'p ketti.

Ayag'i'na birewinin',
Ko'k jipekten saldi' belgi.
Uyasi'na sol qarli'g'ash,
Bi'yi'l ja'ne qayti'p keldi.

Wolar da tap adamlarday,
Jaqsi'li'qti' biledi yeken.
Jayli' bolg'an uyasi'na,
Quslar qayti'p keledi yeken.

*S. Abbazov.*

Qurbanbay ha'r ji'li' quslar ushi'n ne isledi?
Quslar uyasi'na ne ushi'n qayti'p keledi?

## Ba'ha'r keldi.

Qaqaman qi's qali'p artta,
Sag'i'ni'si'p jettik martqa.
Bizlerdi bo'lep shadli'qqa,
Ba'ha'r keldi, ba'ha'r keldi.

Quslar ushti' qanat qag'a,
Sa'n qosi'p kelgen jag'i'na,
Mektebimizdin' bag'i'na,
Ba'ha'r keldi, ba'ha'r keldi.

Aynala suli'w ko'ringen,
Quwani'sh toli' kewilde,
Ju'r dosti'm terek yegiwge,
Ba'ha'r keldi, ba'ha'r keldi.

*A'. Seytjanov.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.

## Naqi'l.

Ba'ha'r — qi'sti'n' azi'g'i'.

## Jurtti'n' ba'ri jumi'sta.

Burxanetdin:

— Men bu'gin sabaqqa barmay-aq qoyayi'n, woni'n' worni'na ko'k sho'pte woynasam bolmay ma? — dep yesikten juwi'ri'p shi'g'i'p ketti.

Burxanetdin dalada ju'rgen bir atti' ko'rdi. Atti'n' jani'na juwi'ri'p bardi' da:

— Kel, Baxbay, yekewimiz woynayi'q, — dedi bala.

— Joq, qarag'i'm woynawg'a menin' waqti'm joq. Menin' jer aydawi'm kerek, xojayi'-

ni’ma xi’zmet yetip i’ri’sqi’ tabi’wi’m kerek, sen wo’zin’-aq woynay ber, — dep juwap berdi.

Bala bunnan keyin pal ha’rresin ko’rdi, woni’n’ jani’na bari’p:

— Hay, pal ha’rresi! Ju’r yekewimiz woynayi’q, — dedi. Pal ha’rresi:

— Joq, menin’ jumi’si’m bar, jaz aylari’ tez wo’tip ketedi. Gu’zge deyin ha’r tu’rli gu’llerden tezirek pal ji’ynap ali’wi’m kerek. Wo’zin’-aq woynay ber, — dedi. Keyin Burxanetdin bir qusti’n’ jani’na bari’p:

— Birge woynayi’q, — dep jali’ndi’.

Qus ta Burxanetdinnin’ tilegin xosh ko’rmedi.

— Joq, bala menin’ woynawg’a waqti’m joq. «Kishkene palapanlari’mni’n’ jemine shi’bi’n-shirkey uslawi’m kerek», — dedi

Bunnan da hesh na’rse shi’qpag’an son’, Burxanetdin woyg’a shu’mip qaldi’. Azdan son’ mektepke qaray tura juwi’rdi’.

?

Burxanetdin’ woynaw ushi’n qayda bardi’?
Balani’n’ sorawi’na at, pal ha’rresi ha’m qus ne juwap aytti’?
Bala qayda ketti?

## Naqi'l.

Bu'gingi isti yerten'ge qoyma!

## Sag'i'ndi'm.

Shag'alalar shan'qi'ldasqan,
U'yrek-g'azlar g'an'qi'ldasqan.
Uya sali'p ma'kan basqan,
Quslari'mdi' sag'i'ndi'm.

Panalag'an quslar, an'lar,
Wo'nip-wo'sip talay ji'llar,
Ko'zin' jetpes aydi'n shalqar,
Ten'izimdi' sag'i'ndi'm.

Birikse ku'sh, birikse qol,
Qa'ddin tiklep toladi' wol,
Isenemen, u'mitim mol,
Arali'mdi' sag'i'ndi'm.

*X. Saparov.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'p, mazmuni'n ayti'p berin'.

## Jaylawda

Ko’z jiberdim jaylawg’a,
Mol tabi’slar jaylawda,
Anasi’na yerkelep,
Jas qozi’lar woynawda.
Jaylaw sa’ni bir bo’lek,
Jasi’l sho’pler jaynawda,
Buzawlari’m semirip,
Ko’k maysani’ toylawda,
Sharwalari’m yertelep,
Mal wotlari’n saylawda,
Qi’zi’qti’rdi’ meni ko’p,
Jaylawdag’i’ bay sawg’a,
Jali’qpayman hesh waqta,
Jaylaw ji’ri’n ji’rlawg’a.

*S. Nuri’mbetov.*

Qosi’qti’ woqi’p shi’g’i’p, mazmuni’n so’ylep berin’.

# 8-MART — HAYAL-QI'ZLAR BAYRAMI'.




**Bizin' bayrami'mi'z keldi.**

*(Yestelikten)*

8-mart — hayal-qi'zlar bayrami'. Bul ku'ndi wo'tkeriw ushi'n ko'plegen hayal-qi'zlar sarayg'a ji'ynaldi'. Wolar wo'tkendegi qi'yi'n awhallari'n bir-birine so'ylep berdi. Bulardi'n' ishinde Mi'rzagu'l apaydi'n' so'zi ha'mmenin' kewlin wo'zine awdardi'. Mi'rzagu'l apay so'zin bi'lay basladi':

— Buri'ng'i' waqi'tlari' turmi'si'mi'z to'men

boldi’. Ku’n ko’riw qi’yi’n yedi. Ha’mmenin’ woyi’ qalay yetip tirishilik yetiwde bolatug’i’n yedi. Kewil ko’terip, woynap-ku’liw joq yedi. Wol da’wirlerde ku’n ko’riw tek g’ana hayal-qi’zlar ushi’n yemes, al barli’q miynetkeshler ushi’n da awi’r boldi’. Bunnan buri’ng’i’ awhal menen ha’zirgi awhaldi’ sali’sti’ri’p bolmaydi’. Ha’zir hayal-qi’zlardi’n’ woqi’wi’ ushi’n barli’q woqi’w wori’nlari’ ashi’q. Wolar yerler menen ten’ huqi’qqa iye. Ha’zir ma’deniy, qurg’i’n turmi’sta jasaymi’z. Ha’r ku’ni gazeta ha’m jurnallar ali’p, woqi’p turami’z.

Men islep ati’rg’an awi’lda balalar ushi’n baqsha bar. Barli’q hayal-qi’zlari’mi’z sawatli’, wolar arasi’nda siyasiy-ta’rbiya isleri duri’s jolg’a qoyi’lg’an.

Bizler ne ushi’n 8-mart ku’nin bayramlaymi’z?
Buri’n hayal-qi’zlar qanday turmi’sta jasag’an?
Mi’rzagu’l apay wol tuwrali’ ne aytti’?

## Men anaman.

Men — anaman, juldi’z boli’p janaman,
Perzent joli’n nur jaynati’p turaman,

Men — anaman, jas a'wladti' bu'gingi,
Ji'lli' ju'rek sezimine worag'an.

Men — anaman, aq su't berip a'diwlep,
Wo'mir gu'lin wo'sirgenmen ha'yyiwlep,
Yelin' ushi'n azamat bol perzentim,
Sonda menin' wori'nlanar u'mitim.

Men — anaman, haqi'yqatli'q aytarman,
Sen ku'lgende men de ku'lip jaynarman,
Aqi'l-woyi'm, ju'rek yoshi'm, g'ayrati'm,
Jetile ber yerkin ushar qanati'm.

*U. Ka'rimullaeva.*

## Naqi'l.

Anani'n' su'ti — shiyrin,
Balani'n' tili — shiyrin.

Qosi'qti'n' da'slepki kupletin yadlap ali'n'.

## Ana.

*(Qi'sqarti'li'p ali'ndi')*

Bul waqi'ya ba'ha'r ku'nlerinin' birinde bolg'an yedi. Ha'wlide so'ylesip woti'r yedik. Sol ba'ha'r ku'nin sira' yadi'mnan shi'g'ara almayman.

Qarli'g'ash u'yimizdin' to'besine uya saldi'. Wol

ha'r ji'li' gu'zde ushi'p ketip, ba'ha'rde qayti'p keler yedi.

Uya u'ydin' to'besine jaylasqani' menen saqlani'p qala berdi.

Mine, ba'ha'rdin' keliwi menen qarli'g'ash tag'i' wo'z uyasi'na qayti'p keldi. Quri'q basi'p, palapan shi'g'ardi'. Wol wo'zinin' kishkentay palapanlari'na quwana-quwana awqat tawi'p kele basladi'. Menin' ayti'p woti'rg'an waqi'yam bolg'an ku'ni qarli'g'ash tumsi'g'i' menen qurt a'kelgen yedi.

Qarli'g'ashti'n' palapanlari' shu'ykildesip sari' tumsi'qlari'n uyadan shi'g'ari'sti'. Sol waqi'tta wolardan birewi qurtqa umti'laman dep, jerge tu'sip ketti.

Ana qarli'g'ash shi'r-pi'ri' shi'g'i'wi' menen palapanni'n' izinen tasladi'. Bir sekund wo'tpey-aq, birden kelip qalg'an pi'shi'g'i'mi'z bir sekirdi de, qarli'g'ashti'n' palapani'n tislep aldi'.

Bizler «pi'sh-pi'sh» — dep baqi'ri'wi'mi'z benen qala berdik. Ana qarli'g'ash bolsa, pi'shi'qti' shoqi'p taslamaqshi' bolg'anday, shi'r gu'belek aylani'p ushi'p ju'rdi.

Bi'yshara qarli'g'ashti'n' ha'reketi biykarg'a ketti. Pi'shi'q arti'na buri'lmay mal qorag'a qaray qashi'p ketti. Woni'n' tezligi sonshelli, pi'shi'qti'

uslawg'a u'lgere almay qaldi'q. Qarli'g'ash shi'r-pi'ri' shi'g'i'p, u'ydin' u'stinde aylani'p ushi'p ju'rdi. Bizler bolsaq, pi'shi'qti'n' jasi'ri'ng'an jerin tayaq penen tu'rtkiledik. Yen' aqi'ri'nda pi'shi'q shi'g'i'p, yerinlerin jalawi' menen da'nxanag'a kirip ketti.

Pi'shi'qti'n' awzi'nda palapanni'n' joqli'g'i'n ko'r-gen qarli'g'ash ayani'shli' dawi's penen shi'ri'ldap jiberdi. So'ytip ha'wlidegi terektin' quwrag'an shaqasi'na qondi'. Wol jerde i'ndemey turi'p qaldi'. Son' birden tas i'laqti'rg'anday to'menge domalap tu'sti. Bari'p qarasaq, wo'lip qalg'an yeken.

Bul waqi'yani'n' bolg'ani'na ko'p ji'llar wo'tti. Biraq, men sol ba'ha'r ku'nin si'ra' umi'ta almayman. Sonda men quslarda da anali'q miyrimni'n' bunshelli ku'shli boli'wi'n wo'mirimde birinshi ret tu'singen yedim.

*O. Tumanyan.*

?

Qarli'g'ash ha'r ji'li' ba'ha'rde ne isleytug'i'n yedi?

Qarli'g'ashti'n' palapani' jerge qalay tu'sip ketti?

Qarli'g'ashti'n' palapani' qanday waqi'yag'a ushi'radi'?

Ana qarli'g'ash ne ushi'n wo'ldi?



## Jaqsi' qi'z.

Qonaq boli'p woti'rmi'z,
Si'ylar ko'rdik ta'wir biz,
Yekinshi klass A'miyna,
Xi'zmet yetti qali'wsi'z.

Bolsa da wo'zi kishkentay,
Xi'zmeti u'lken adamday,
Ko'meklesip qoyi'p ju'r,
Mine pal, su't, sari' may.

*S. Nuri'mbetov.*



Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.

## Gu'ldi kimge bersem yeken?

Bayrambay bi'yi'l 2-klasta woqi'ydi'. Wol yele kishkene boli'wi'na qaramastan diyqanshi'li'qqa wog'ada i'qlasli'. Jazg'i' dem ali's ku'nlerin gu'l wo'sirip ta'rbiyalawg'a bag'i'shladi'. Salmani'n' boyi'ndag'i' kishkene qi'ytaqshalarg'a gu'nji, piyaz ha'm buri'sh yegip qoyi'pti'. Yen' tiykarg'i'si' qi'ytaqshani'n' u'lken bo'legine gu'l tuqi'mlari'n sewgen yedi. Bug'an wog'ada jaqsi' ta'rbiya berdi. Wo'z waqti'nda suwg'ardi', jabayi' sho'plerden tazaladi'. Avgust ayi'nda da'slepki g'umshadan gu'ller ashi'la basladi'. Al qi'zi'l ha'm ashi'q qi'zi'l gu'l japi'raqlari' kimni'n' bolsa da ko'zin qi'zi'qti'rg'anday yedi. Bayrambay birinshi ashi'lg'an gu'lin hesh woylanbastan apasi'na sawg'a yetti.

— Miynet su'ygish qollari'n'nan aynalayi'n! — dep apasi' wog'an su'ysinip qaradi'.

Bayrambay bolsa, yekinshi gu'ldi qi'z apasi' Ja'miylani'n' tuwi'lg'an ku'nine sawg'a ushi'n ali'p berdi. Al, u'shinshi gu'l japi'rag'i' alaqan jayg'anda wol woylani'p qaldi'.

— Buni' kimge arnasam yeken?

Wol biraz woylani'p turdi' da, qoli'na qi'rmi'zi' gu'l da'stelerin uslawi' menen japti'n'

yekinshi ta'repinde jasaytug'i'n jalg'i'z basli' Jumaxan apani'n' u'yine qaray juwi'ri'p ketti.

? Bala gu'ldi kimge bermekshi boldi'?
Sizin' u'ylerin'izde gu'ller bar ma?

## Besik ji'ri'.

Ha'yyiw, ha'yyiw jan balam,
Jigerbentim gu'l balam,
Shiyrin-sheker pal g'anam,
Uyi'qlay g'oy jani'm, uyi'qlay g'oy,
Ha'yyiw aytar bul anan'.

Quli'ni'm aqqan ji'rmi'san',
Jani'mni'n' jani' nurmi'san',
Anan'a kewlin' piter me,
Ja'ha'nnin' ju'zin gu'l qi'lsam?

Aylanayi'n ay balam,
Kewilin' pa'k jan balam,
Anani'n' tilin al balam,
Kim bolsan'da wo'z yerkin',
Bolago'r jani'm tek adam.

Sarqi'rap aqqan sayi'msan',
Kishkene, yerketayi'msan',
Ha'yyiw, ha'yyiw appag'i'm,
Toli'si'p tuwg'an ayi'msan'.

*N. To'reshova.*

1. Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
2. Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## Ana.

Ana minsiz, ana mu'sin,
Ba'rin woylap teren' tu'sin.
Minnetdarman woni'n' ushi'n,
Qansha xi'zmet qi'lsan' da az.

Meyli joli'nda ju'r ku'ni-tu'ni,
Meyli wo'mirin'di sarp yet pu'tin.
Meyli alaqanda ku'tin',
Qansha hu'rmet qi'lsan' da az.

Ana ku'shli, ana bati'r,
Ana yesli, ana aqi'l.
Ana qi'mbat, ana jaqi'n,
Ana ushi'n jansan' da az.

Anasi'n ba'rha' si'ylag'an,
Anag'a hesh kim toymag'an.
Anasi'n ha'mme woylag'an,
Ana ushi'n wo'lsen' de az.

Ana — Watan ayi'ri'm yemes,
Kim Watani'n ana demes.
Ana ushi'n qaytpay gu'res,
Sen bawi'rman a'diwli jan.

*S. Nuri'mbetov.*

Qosi'qti'n' son'g'i' kupletin yadlap ali'n'.
Shayi'r anani' nege ten'eydi?
Sizler anan'i'zg'a qanday hu'rmet ko'rsetesiz?

## Yen' jaqsi' sawg'a.

Kishkentay Bazargu'l apasi'ni'n' tuwi'lg'an ku'nine u'y ishindegi wo'zinen basqalardi'n' jaqsi' tayarli'q ko'rip ati'rg'ani'n sezip qaldi'. A'japalari'ni'n' birewi aq tawarg'a nag'i's sali'p, apasi'na sawg'a yetti. U'lkenlewi qashshan-aq ko'ylek tigip mardi'yi'p ju'r. Wolar u'lken bolg'anli'qtan, ne sawg'a tayarlayman dese de qoli'nan keledi. Tek

Bazargu'l g'ana ha'zirshe heshten'e tayarlag'an joq. Wo'zinen kishi inisi de ba'le yeken, apasi'na sawg'a alaman dep aqsha ji'ynap ju'r yeken. Wol apama konfeta sawg'a yetemen, dep Bazargu'lge maqtanadi'.

Bulardi' ko'rgen ha'm yesitken Bazargu'l ji'lawg'a sa'l qaldi'. Nege deysiz-g'oy, wol tiyin da ji'ynamag'an yedi. Kiyim tige almaydi'. Aq tawarg'a nag'i's sali'w da qoli'nan kelmeydi. Wol keshte u'y ishin mintazday yetip si'pi'rdi'. Qasi'qlardi', i'di'slardi' juwdi'. Yendi wol ne islew kerekligin bildi. Azanda ha'mmeden buri'n turi'p wo'zinin' ko'rpe-to'seklerin ji'ynadi', juwi'ndi'. Yele basqalar woyang'an joq yedi. Ja'ne u'y ishin si'pi'rdi', buri'nlari' bunday jumi'slardi' apasi' isleytug'i'n yedi.

Tawi'qlarg'a da'n sali'p, la'gendi juwdi'. Ha'mme do'gereklep chay ishetug'i'n do'n'gelek stoldi'n' u'stin de tazalap qoydi'. Stolg'a dasturxandi' jaydi'. Qant, konfeta sali'ng'an i'di'slardi' u'stine qoydi'. Wol ba'rin tayar yetkende, basqalar woyandi'. U'ydin' bunshelli azadali'g'i'na wolar ishlerinen tan'lani'si'p, buni' kim islegen, dep bir-birine qaradi'.

Mine, a’japalari’ apasi’na sawg’alardi’ tapsi’ra basladi’. Inisi bir quti’ konfeta berdi. Al, Bazargu’l ti’m-ti’ri’s woti’ra berdi. Qalayda bawi’rman ana sezimtal g’oy. Wol quwani’sh-tan toli’p-tasi’p:

— Sawg’alari’n’i’zdi’n’ ba’ri de jaqsi’. Biraq menin’ tuwi’lg’an ku’nime menin’ worni’ma jumi’s islegenge ku’ta’ kewilim toli’p ati’r, — dedi.

Bazargu’ldi’n’ ko’zi ku’limlep qoya berdi.

— Islegen men apa. Ja’ne sho’jelerge de da’n saldi’m. Son’ suw quyaman.

— A’ne, bul yen’ jaqsi’ sawg’a, — dedi apasi’.

A’japalari’ kishkentay sin’lisinin’ tapqi’rli’-g’i’na hayran qali’sti’.

?

Bazargu’l apasi’ni’n’ tuwi’lg’an ku’nine qanday sawg’a isledi?

Bazargu’ldin’ a’japalari’ she?

# NAWRI'Z ҚELDI.



## 21-mart — Nawri'z bayrami'.

Nawri'z — bul musi'lman xali'qlari'ni'n' jan'a ji'li'ni'n' baslani'wi'. Bul ku'nnen ta'biyat qi'sqi' toqsannan woyani'p, barli'q janli' maqluqlarg'a jan yene baslaydi'. Xalqi'mi'z bul ku'ni u'lken u'mitler menen jerge da'n tuqi'mi'n sebedi. Bul bayram xalqi'mi'zg'a molshi'li'q, bereket ali'p keledi. Ta'biyat ta wo'zgerip, jerimiz ko'kke bo'lenedi.

Bayram ku'nleri xalqi'mi'zdi'n' dasturxanlari' milliy tag'amlari'mi'z bolg'an pa'tir, aqsawlaq, ma'yek bo'rek, zag'ara, ju'weri gu'rtik, tuwrama ha'm basqa da awqatlar menen tolti'ri'ladi'. Ha'mme jerde Nawri'zli'q go'je, su'melek pisiriledi.

Xalqi'mi'z Nawri'z bayrami'n u'lken saltanat penen bayramlaydi'. Baqsi'lar menen ji'rawlar, sazendeler menen qosi'qshi'lar, woyi'nshi'lar wo'z wo'nerleri menen xali'qqa xi'zmet yetedi. Bul ku'ni i'laq woynaw, at shabi'w, qoshqar du'gistiriw, qoraz uri'sti'ri'w, arqan tarti'si'w, a'tkonshekte ushi'w, «qasharman top» woyi'nlari' wo'tkeriledi.

Mekteplerde sho'lkemlestirilgen ha'weskerler do'gereginin' ag'zalari', mektep mug'allimleri menen woqi'wshi'larg'a, ata-analari'na wo'zleri-

nin’ yen’ jaqsi’ qosi’qlari’n ayti’p, ayaq woyi’n-lari’n woynaydi’.

Bul bayramda apalari’mi’z benen ag’alari’mi’z, mektep woqi’wshi’lari’ xalqi’mi’zdi’n’ milliy kiyimleri bolg’an jag’asi’ nag’i’sli’ ko’yleklerin, taqi’yalari’ menen jen’siz ha’m jen’li besh-pentlerin kiyip shi’g’adi’. Bul kiyimler hayal-qi’zlari’mi’zg’a ne degen jarasadi’ deysen’.

Nawri’z — bayrami’ bul adamlar arasi’ndag’i’ bir-birewge bolg’an tati’wli’qti’, adamgershilikti bekkemleydi, bir-birewimizge bolg’an miymandos-li’qti’ artti’radi’, kewillerge shadli’q bag’i’sh-laydi’, wo’z u’rp-a’detlerimizge sadi’q boli’wg’a ta’rbiyalaydi’.

Demek, Nawri’z — shadli’q bayrami’ boli’p qala beredi.

Gu’rrin’di woqi’p, mazmuni’n so’ylep berin’. Sizler Nawri’z bayrami’n qanday tayarli’qlar menen ku’tip alasi’z?

## Nawri’z — ji’ldi’n’ basi’, ba’ha’r bayrami’.

Tobaladi’ qi’s toqsanni’n’ qa’ha’ri,
Ta’biyat woyani’p, qozg’aldi’ ba’ri,
Sa’lem Nawri’z — jasi’l ma’wsim jan’a ji’l,
Yasha! «Biybirawshan» — wo’mir ba’ha’ri,

Seni ji'l basi' — dep, xalqi'm ardaqlap,
Kewil-keypin quwani'shqa qundaqlap,
Shag'atay tilinde u'sh mi'n' ji'l saqlap,
Milliy miyras yetken Nawri'z bayrami'.

*A'. A'jiniyazov.*

## Nawri'z keldi bizin' mektepke.

Kelin' doslar, miyman boli'n'lar,
Nawri'z keldi bizin' mektepke,
Aqqan suwday tasi'p-toli'n'lar,
Nawri'z keldi bizin' mektepke.

Da'm tati'n'lar Nawri'z go'jeden,
Bunnan tatli' tag'am bar demen',
Ken' jayi'wli' dasturxan degen,
Nawri'z keldi bizin' mektepke.

Nawri'z degen shi'n dosli'q yeken,
Ji'ldi'n' basi' — nur jasli'q yeken,
Tati'w boldi'q ba'rimiz bekkem,
Nawri'z keldi bizin' mektepke.

*T. Seytjanov.*

Qosi'qlardi' ko'rkemlep woqi'n' ha'm mazmuni'n so'ylep berin'.

## MIYNET TU'BI — RA'HA'T.

### Nan iyisi.

*(xali'q ra'wiyati')*

Bir ku'ni Sultan Xusayn Bayqara:

— Du'nyada yen' jag'i'mli' iyisli zatti' tawi'p a'kelin', — depti. Wog'an da'ste-da'ste gu'l a'kelip beripti. Sultan:

— Joq, kerek yemes, — depti.

Yezilmegen qara buri'sh a'kelip beripti. Sultan bolsa: — Menin' aytqan zati'm bul yemes, — depti wolarg'a.

— U'sh ku'nlik ma'wlet ishinde tapsan'lar tapqani'n'i'z, yeger tappasan'lar ha'mmen'izdi jazag'a buyi'raman, — dedi.

Wa'zirler ne islerin bilmey, woylana-woylana baslari' qati'pti'. Aqi'ri' bolmag'an son' Nawayi'ni'n' aldi'na bari'pti'.

— Sultan aytqan iyisli zatti' tawi'p, bizlerdi qayg'i'-uwayi'mnan qutqari'n', — desipti. Nawayi' ko'p woylani'p turi'p, son'i'nan diyqan atadan ken'es sorapti'.

— Tandi'rg'a jan'a jabi'lg'an nandi' ali'p bara g'oyi'n', — depti diyqan ata.

Nawayi'ni'n' waqti' xosh boli'p, bir sebet nan menen sarayg'a jetip kelipti. Sol zamatta saraydi'n' ishinde nan iyisi an'qi'p ketipti. Ha'mmenin' kewil xoshi'n jasnati'p jiberipti.

— Raxmet dosti'm, — depti Xusayn Bayqara nandi' ko'rip, — kewlim jan'a japqan nan iyisin yeslep turg'an yedi, tawi'p a'kelipsiz. Du'nyada jan'a jabi'lg'an nanni'n' iyisinen beter jag'i'mli' iyis joq yeken.

— Sultani'm, raxmetti mag'an yemes, diyqan babag'a ayti'n', sizin' kewlin'izdegi zatti' sol kisi tapti', — dep juwap beripti Nawayi'. Xusayn Bayqara diyqang'a at, ton, sarpay inam yetipti.

*«Jetkinshek» gazetasi'nan.*

Woqi'p shi'g'i'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## Siz bilesiz be?

Boyi' yen' kishkene ji'lqi' Argentinada jasaydi'. Woni'n' boyi' tu'ye qustan sa'l g'ana pa's. Salmag'i' 36 kilogramm.

## Wo’nerli bolg’i’m keledi.

«Wo’nerlinin’ qoli’ alti’n»,
Degen xali’qta naqi’l bar,
Qollansan’ soni’ turmi’sta,
Sende de balam aqi’l bar.

Dep aytqani’ ag’amni’n’,
Saqlandi’ ba’rha yadi’mda,
Ha’tteki woni’ yeske aldi’m,
Atlag’an ha’r bir adi’mda.

Waqi’t wo’tti birazdan,
Boyi’ma jiger keneldi.
U’yrendim ha’m de mektepte,
Ag’am aytqan wo’nerdi.

Wo’lshep kesip taqtaydan,
Tegislep woyaq-buyag’i’n,
Shegeledim puxtalap,
Wornalasti’ri’p tuyag’i’n.

Demek stul-woti’rdi’m,
Buni’n’ da mine pitkeni,
Ag’amni’n’ da usi’ yeken,
A’welden mennen ku’tkeni.

*S. Pirjanov.*

Qosi'qti' dawi'slap woqi'p shi'g'i'n' ha'm mazmuni'n so'ylep berin'.
Sizler qanday wo'nerdi jaqsi' ko'resiz?

## Naqi'l.

Jamannan qash,
Jaqsi'g'a jantas.

Alti'n jerden shi'g'adi',
Bati'r yelden shi'g'adi'.

## Umi'tpan', sizler mi'nani'.

Woyi'ng'a a'bden berilip,
Ko'p turi'p ku'nde kerilip,
Ju're ko'rmen' balalar,
Xosh jaqpas boli'p yerinip.

Umi'tpan', sizler mi'nani',
Hu'rmetlen' ata-anani',
A'lpeshlep kishi u'ken'di,
Hu'rmetlen' ag'a-apani'.

Hesh waqta sira' woylaman',
Dem ali'p ti'ni'sh jatsam dep,

Kereksiz woyi'n woylamay,
Qi'zi'qlarg'a batsam dep.

*S. Pirjanov.*

Qosi'qti' tu'sinip woqi'n'.
Woyi'ng'a ko'p berile berme.

## Buzawi'm.

Jarq-jurq yetip bultli' aspan,
Jawi'n jawdi' ti'nbastan,
Jasi'l sho'pler ho'l boldi',
Say-salalar sel boldi'.

Jaylaw betke shapti'm men,
Buzawi'mdi' tapti'm men,
A'kelip tez awi'lg'a,
Panalatti'm jawi'nnan.

Jawi'n ti'ndi', ku'n ku'ldi,
Buzawi'm bir silkindi,
Sheship yedim qazi'qtan,
Woynaqlap ketti jari'qqa...

*T. Matmuratov.*

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.
Sizler buzaw bag'asi'z ba?

## Naqi’l-maqallar.

Miynet tu’bi ra’ha’t,
Yekewi de barabar.

Miynettin’ ko’zin tapqan,
Baxi’tti’n’ wo’zin tabadi’.

Jalqaw wo’z u’yine wo’zi qonaq,
Jalqaw qarap woti’ri’p sharshaydi’,
Yerinshek yetegine su’rinedi.

## Qoylar menen iytler.

Shopanlar qoylardi’ dalag’a aydadi’. Shopanlar menen birge iytler de yerip ketti. Qoylar ko’p yedi. Wolardi’ iymek shaqli’, uzi’n buyra ju’nli u’lken qoshqar baslap kiyati’r.

Jol boyi’na ti’ni’sh kiyati’r yedi. Biraq, dalag’a kelgennen son’ jayi’li’p, ha’r tu’rli sho’plerdi jep toyi’p ali’p, ja’n-jaqqa qasha basladi’. Shopanlar qoylardi’n’ izinen juwi’rdi’. Wolardi’ bir jerge ji’ynag’i’si’ kelip yedi. Biraq, qoylar wolardi’ ti’n’lamadi’. Bunnan

son' shopanlar iytlerdi shaqi'rdi'. Iytler qashqan qoylarg'a topi'ldi' ha'm shawlap u'rdi. Qoylar iytlerden u'rkip tezirek padag'a juwi'rdi'.

Tu'nde shopanlar dalada qoni'p qaldi'. Wolar wot jaqti' ha'm wotti'n' tu'binde woti'rdi', tamaq jedi, so'ylesti. Iytler wolardi'n' qatari'nda jatti'.

Tu'n wortasi'nda qoy u'yirine qasqi'r jasi'ri'ni'p kelip, bir qoydi' ali'p ketpekshi boldi'. Qasqi'r aqi'ri'nlap kiyati'r yedi. Biraq, iytler woni' sezip qaldi' ha'm qasqi'rdi' quwi'p jiberdi.

*(«U'y haywanlari'» kitabi'nan).*

Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Sizlerdin' u'ylerin'izde iyt bar ma?

## Men atamday bolajaqpan.

Jap boyi'nda qatar gu'jim,
Bir jag'i'nda wo'sken ju'zim,
Yekken buni' atam bizin',
Men atamday bolajaqpan.

Sayasi'nan la'zzet tapqan,
Miywasi'ni'n' da'min tatqan,

Atama ko'p alg'i's aytqan,
Men de alg'i's alajaqpan.

Sheber diyqan bolg'an atam,
Jer qa'dirin bilgen atam,
Miynet yetsen' su'yer Watan,
Men de diyqan bolajaqpan.

*S. Abbazov.*

Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## Miynet Qaharmani'.

Iske kirisken ku'nnen baslap wo'zinin' su'yikli jumi'si'na pu'tkilley berilgen Jaqsi'murat Aydaniyazovti'n' baylani's bo'limindegi xi'zmeti xali'qqa tani'la basladi'. Wol qaysi' telefon bolsa da, won'lawg'a barsa, demde tetigin tawi'p so'yletip jiberedi. Wog'an qosi'msha ha'r bir shan'araqtag'i' radioni' du'zetiw, ko'binese Jaqsi'muratqa tapsi'ri'ladi'.

«Yerinbegen yetikshi bolar» deydi xali'q. Qay iste de yerinbesen' barli'q i'qlas-intan'di' jumsasan' tilge ali'nasan', ko'pshiliktin' alg'i'si'na bo'lenesen'.

So'ylesip woti'rg'ani'mi'zda wol mag'an:

— Sha'kirtlerim ko'p, birazi'ni'n' atlari' da yadi'ma tu'spey woti'r. A'weli montyor boli'p islep, son'i'nan baylani's boyi'nsha arnawli' woqi'w wori'nlari'n pitkerip, injenerlik qa'nigelikti iyelegenleri de bir talay, — dedi maqtani'shli'.

Bir ka'sipte qi'ri'q ji'ldan berli islep kiyati'rg'an baylani's tarawi'ni'n' belgili mamani' Jaqsi'murat Aydaniyazov jumi'stag'i' tapsi'rmalardi' wo'z waqti'nda wori'nlawg'a yeriskeni ushi'n «Miynet Qaharmani'» atag'i'n aldi'.

Qaharmanni'n' yerjetken qi'zlari' menen balalari' da wo'zlerinin' qa'legen ka'siplerinde miynet yetip ati'r. Jaqsi'muratti'n' wo'mir joli', woni'n' yelewli yerlikleri a'wladlardan-a'wladlarg'a ayta ju'rgendey u'lgi.

*K. Nazbergenov.*

Gu'rrin'di ta'sirli yetip woqi'n'.
Gu'rrin'nin' mazmuni'n so'ylep berin'.

# YERTEKLER.

## Tu'lki menen yeshki.

Bir tu'lki jolda barati'ri'p, bilmesten qudi'qqa tu'sip ketti. Bir jaqsi' jeri, qudi'qta suw az yeken. Qudi'q teren' yemes yeken. Solay bolsa da, tu'lkinin' wonnan shi'g'i'wi' mu'mkin bolmadi'. Qudi'qti'n' jani'nda bir yeshki suw ishpekshi boli'p, suw izlep ju'rgen yeken. Yeshki qudi'qti'n' ishindegi tu'lkini ko'rdi. Wonnan:

— Ne qi'li'p tursan'? — dep soradi'.

— Ku'n ku'ta' i'ssi', bul jerge tu'sip, suw iship, dem ali'p woti'ri'ppan, — dedi tu'lki.

— Men de i'ssi'dan biyzar boli'p, suw izlep ju'rippen, — dedi yeshki.

— Kel, bul jerge tu's, toyg'ani'n'sha ish, bul jerde ha'z yetesen' — dedi tu'lki.

Yeshki qudi'qqa sekirip tu'sti. Tu'lki bunnan paydalani'p, yeshkinin' shaqi'na tez g'ana mindi de, joqari' shi'g'i'p quti'ldi'. Yeshki qudi'qtan shi'g'ari'wdi' tu'lkiden sorandi'. Tu'lki:

— Senin' saqali'n' quraqi'm aqi'li'n' bolsa yedi, sen qudi'qqa tu'spesten buri'n shi'g'a

jag'i'n'di' da woylag'an bolap yedin', — dep wo'z joli'na kete berdi.

Iyesi yeshkini izlep ju'rip, man'i'rag'an sestin yesitip, qudi'qtan tawi'p aldi'. Shaqi'nan tarti'p shi'g'ardi'. Bunnan son' yeshkini dalag'a jibermesten, baylap qoydi'.

Tu'lki qudi'qqa qalay tu'sti?
Yeshki bul jerge nege kelgen yedi?
Tu'lki yeshkini qalay aldadi'?
Yeshkini qudi'qtan kim shi'g'ari'p aldi'?

## Quw qoraz.

*(Yertek)*

Bo'ribay degen balani'n' qi'zi'l ren'li, uzi'n bel, woraq kekilli bir qorazi' boli'pti'. Wol ha'mme tawi'qti' baslap ju'redi yeken. Wolar ko'birek sho'p-shardi'n' arasi'nda boli'p, qurt-qumi'rsqalardi' uslap jeydi. Wo'zi ju'da' hiyleker bolg'anli'qtan, hesh adam uslay almaydi' yeken. Keshte basqa tawi'qlarg'a qosi'lmay, yesiktin' aldi'ndag'i' jiydenin' shaqasi'na qonaqlap shi'g'adi'. Soni'n' ushi'n Bo'ribay woni' quw qoraz dep atapti'.

Bir ku'ni tamaq izlep ju'rgen tu'lki tan'-ni'n' aldi'nda jiydenin' shaqasi'nda qonaqlap

turg'an qorazdi' ko'rip qali'pti' da: — «Ko'kten tilep ju'rgenimdi jerden bergenine qara!» — dep quwani'p, woni'n' jepge tu'siwin ku'tipti. Qoraz uyqi'si'nan woyani'p to'men qarasa, to'mende an'li'p turg'an tu'lkini ko'rip qali'pti'.

— Ha, bul sum tu'lki meni an'li'p turg'an yeken. To'menge tu'ssem uslap jeydi. Joq, senin' qoli'n'a an'satli'q penen tu'spespen. Senin' awlap ju'rgenin' basqa shi'g'ar, — dep quw qoraz to'men tu'spewge qarar yetipti.

Wolar bir-birin ko'pke shekem an'li'pti'. Tan' ati'p, ku'n shi'g'i'pti'. Sa'ske boli'pti'. Sonda quw qorazdi'n' quwli'g'i' tuti'p, ku'tilmegen jerde qanatlari'n qag'i'p, shaqi'ra baslapti'.

— G'o, g'o, g'o, g'oq!

— Sag'an ne boldi' dosti'm? Sen nege bunshama kewillisen'? — dep sorapti' tu'lki.

— Sa'ske boldi', menin' xojayi'ni'm yendi sa'skeligimdi ali'p kelip beredi, — depti quw qoraz.

— Xojayi'ni'n' kim? — depti tu'lki.

— Kim bolatug'i'n yedi. Xojayi'ni'm an'shi'. Woni'n' mi'lti'g'i' bar. Wol mag'an sa'skeligimdi ali'p kelip, keyninen tu'lki awlawg'a

shi'g'adi', — depti quw qoraz. Sa'ske boli'p qalg'ani' duri's yeken, men de bari'p sa'skeligimdi ishpesem bolmas, — dep tu'lki qashi'p ketedi.

Quw qoraz wo'zinin' hiylesi menen wo'liminen aman qali'pti'.

*J. Seytnazarov.*

## Duzaqshi' g'arri'.

Buri'ng'i' zamanda bir g'arri' bar yeken, duzaq sali'p, an' awlap ju'redi yeken. Sol tog'ayda g'arri'ni'n' qorqatug'i'n bir tu'lkisi bar yeken, shi'ni'nda g'arri' ku'ta qorqaq g'arri' yeken.

Ku'nlerdin' bir ku'ninde duzaq sali'p ju'rse, g'arri'ni'n' qasi'na u'sh da'w keledi. Duzaqshi' g'arri'ni'n' qorqi'p za'rresi qalmaydi'.

Da'wler:

— Ne qi'li'p ju'rgen g'arri'san'? — deydi.

— Men usi' tog'aydi'n' xojayi'ni'man, — dep juwap beripti g'arri'. Da'wler duzaqshi' g'arri'ni'n' u'yine baradi', bari'p woti'rg'annan keyin g'arri' kempirine:

— Kempir, tamaq as, — deydi, kempir u'ndemeydi. Birazdan keyin tag'i' da «Kempir, tamaq as» deydi. Kempir:

— Ne asaman, u'yde heshten'e joq, — deydi. Sonda g'arri' turi'p:

— To'rdegi da'wdin' to'sin as, sandi'qtag'i' da'wdi'n' basi'n as, mina da'wdin' wo'zin as, yen' jetpese yesiktegi da'wdin' basi'n qosi'p as, — deydi. Sol waqi'tta da'wler qori'qqani'nan shan'araqti' moyni'na ildire qashadi'. Qashi'p barati'rsa aldi'nan bir tu'lki shi'g'adi'. Wol da'wlerge:

— Qayda qashi'p barati'rsi'z, bunsha yentigip, — deydi.

— Bizler bir g'arri'dan qorqi'p kiyati'rmi'z, — deydi. Sonda tu'lki:

— Sol qorqaq g'arri'dan qorqi'p kiyati'rg'ani'n'i'z ba? Ju'rin', birge barayi'q, wol ju'da qorqaq g'arri' g'oy, — deydi.

— Joq, bizler bari'wg'a qorqami'z, — deydi da'wler.

— Wolay bolsa u'shewin' de menin' quyri'g'i'ma asi'li'n' — deydi tu'lki. So'ytip, u'shewi tu'lkinin' quyri'g'i'nan uslap, duzaqshi' g'arri'ni'n' u'yine qayti'p baradi'. Wolar jaqi'nlap kele bergende g'arri' u'yinen shi'g'i'p:

— Sen tu'lki, a'ken'degi sonsha qari'z ushi'n u'sh da'wdi bergen menen quti'la almaysan' — dep, ta'p bergende da'wler tu'lkinin' quyri'g'i'nan su'yrey jo'neydi. Tu'lkini shen'gelden-shen'gelge, tog'aydan-to'g'ayg'a su'yreydi. Tu'lki wo'ler halg'a kelgende zordan quti'li'p qaladi'.

Bir ku'ni tu'lkinin' qatti' i'zasi' kelip, duzaqshi' g'arri'ni'n' u'yine keledi. G'arri'g'a qa'ha'rlenip:

— Senin' bul qi'lg'an qorli'g'i'n'a men shi'-damayman, senin' bergen i'za-qorli'g'i'n' ushi'n seni jeymen, — dep g'arri'ni' jewge qolaylasi'p ati'rg'anda, duzaqshi' g'arri'ni'n' ishi jug'i'r yete qaladi'. Tu'lki «bul ne?...» dep soraydi'.

Sonda g'arri':

— Wo'tken ji'li' qatti' qa'ste boli'p awi'ri'p yedim, sonda ta'wip yem bolsi'n dep yeki ku'shikti jutqi'zi'p yedi, sol ha'zir u'lken iyt boldi', sol shi'g'aman dep ati'rg'an shi'g'ar, — deydi. Sol waqi'tta tu'lkinin' jani' qalmay qorqi'p g'arri'g'a:

— Iytlerdi ishin'nen shi'g'ara ko'rme, ishi qurg'i'ri'n'di' qatti' qi'si'n'qi'rap tur, — dep qashi'p ketedi.

Yertekti woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## Bo'ri menen iyt.

Bir bo'ri menen iyt yekewi bir ku'ni ushi'rasi'p qali'p so'ylesipti. Bo'ri ju'da' ari'q, ju'nleri sabalaq-sabalaq, zordan so'yley alatug'i'n hali' bar yeken. Iyt bolsa birewdin' ta'rbiyasi'nda bolg'an, wo'zi

semiz, ko'zleri masaladay jani'p, ju'nleri jilti'ldap turadi' yeken. Bulardi'n' arasi'ndag'i' so'z de sol bo'rinin' ari'qli'g'i' menen iyttin' semizligi haqqi'nda boladi'.

Iyt bo'rige qarap: — Sen wo'zin' g'ayrati'n' bar ha'm shaqqansan', tislerin' wo'tkir, ne sebepten bunshelli ari'q boldi'n'? — dese, bo'ri: — Jurt saq, an'li'p alayi'n dep turg'an an'i'n'di' da aldi'rmaydi', qayta izin'e tu'sip quwadi', zordan quti'lasan', ara-tura birewin ala qoysan', qi'zi'l tumsi'q bolg'anda ayi'ri'p aladi'. Solay yetip, ku'nde quwg'i'ng'a tu'sip, awi'zg'a maza bergendey bir tamaqqa jari'may su'rginnin' ishinde ju'rmen. Sonda men ari'q bolmay kim ari'q bolsi'n. Al, sen qalay semiz bo'ldin'? — deydi wol iytke.

— Birewdin' yesigindemen, wo'zi ne jese, mag'an soni' beredi. Tamag'i'm toq, qayg'i'm joq, men semiz bolmay kim semiz bolsi'n, — deydi iyt.

— Sen wo'ytip wog'an ne xi'zmet qi'lasan'?

— Tek yesigin qori'yman, basqa qi'lar isim joq.

— Men qori'ssam mag'an da tamaq bere me yeken?

— Beredi, seni ko'rgende iyt ten' kele almas, paydan' ko'p tiyer, qayta sag'an ko'p berer.

— Wolay bolsa meni de ali’p bar? — deydi bo’ri.

— Jaqsi’, birge ju’re g’oy. — Birge ju’retug’i’n boli’p jaqi’n kelip qarasa, iyttin’ moyni’nda qarg’i’si’ bar yeken. Sonda bo’ri:

— Moyni’n’dag’i’ ne?

— Qarg’i’.

— Woni’ ne qi’ladi’?

— Ku’ndiz baylap qoyi’p, tu’nde g’ana bosatadi’.

— Ba’ntte turi’p, bende boli’p semiz bolg’ansha, wo’z ayag’i’mda arqayi’n ju’rip, ari’q bolg’ani’m abzal, — dep bo’ri wo’z jo’nine ketedi. Biraq, ko’p uzamay ashtan wo’lipti.

## Tu’lki menen qoyanni’n’ quyri’q almasi’wi’.

Buri’n tu’lkinin’ quyri’g’i’ joq bolg’an. Qasqi’r menen tu’lki bir ku’ni uri’si’p qali’pti’. Qasqi’r qayda bolsa da tu’lkinin’ izinen an’li’p, keyninen qalmapti’. Jolda uslap ali’p talay beripti. Inin jasi’ra almag’an tu’lki awi’r azap shegipti.

Bir ku’ni qasqi’r tag’i’ da tu’lkinin’ izine tu’sipti. Tu’lki qashi’p bari’p inine ti’g’i’li’pti’. Sol waqi’tta qasqi’r da jetip kelip tu’lkinin’ inin qaza baslapti’. Usi’nday qa’wiptin’ aldi’n ali’wdi’ woylag’an tu’lki ininen yeki awi’z

ashqan yeken. Qasqi'r innin' bir awzi'n qazi'p ati'rg'anda, tu'lki yekinshi awzi'nan bildirmey si'rtqa shi'g'i'p ketipti.

Sol qashi'wi' menen qali'n' tog'ayg'a kelip ti'g'i'ladi'. Wol tog'aydi'n' ishinde jayi'li'p ju'rgen qoyang'a joli'g'adi'. Wol zamanda qoyanni'n' quyri'g'i' shubati'lg'an uzi'n bolg'an yeken. Woni'n' sol uzi'n quyri'g'i' jawi'n jawg'anda qatti' juwi'ri'wi'na kesent berip, adi'mi'n ashti'rmaydi' yeken.

Tu'lki tog'ayda uzi'n quyri'g'i' bi'lg'an'lap ju'rgen qoyandi' uslap ali'pti'. Solay yetip, wog'an jan'a awi'z sala bergende, qoyan zar yen'irep ji'lap jiberipti.

— Tu'lkijan, meni wo'ltirme?

Mi'na u'lken suli'w quyri'g'i'mdi' sag'an bereyin. Ko'rdin' be qanday suli'w! Sag'an di'm jarasadi', — depti.

Bi'lg'an'lag'an quyri'qqa tu'lki de qi'zi'g'i'p qali'pti'. Sipse qusag'an mi'na quyri'q penen keynimde qalg'an izimdi wo'shirip kete beriwime de boladi' yeken. Sonda qasqi'r da, basqa quwg'i'nshi'lar da izimnen adasi'p qalmay ma, dep woylapti'. Usi' maqset penen:

— Wonda a'kel quyri'g'i'n'di', — dep qoyanni'n' sha'rtine ko'nipti. Qoyan bi'lg'an'lag'an

wo'zinin' quyri'g'i'n tu'lkige beripti. Tu'lki wo'zinin' woymaqtay quyri'g'i'n juli'p taslap, qoyanni'n' quyri'g'i'n wo'zine ali'pti'. Solay yetip, uzi'n quyri'g'i'n bi'lg'an'lati'p kete beripti. Qoyan Tu'lkinin' taslap ketken alaqanday quyri'g'i'na iye boli'p qali'pti'. Na'tiyjede, qoyan menen tu'lki quyri'qlari'n almasti'ri'pti'.

*«Jetkinshek» gazetasi'nan.*

?

Tu'lki qasqi'rdan qalay quti'ldi'?
Qoyan tu'lkini qalay aldadi'?
Tu'lki qoyanni'n' quyri'g'i'n ne ushi'n aldi'?

## Atag'a hu'rmet.

Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir kisinin' u'sh balasi' boli'pti'.

Bir ku'ni wolardi'n' u'yine atasi'ni'n' jaqi'n dosti' miymang'a kelipti. Wolar so'ylesip woti'ri'p, miyman wo'z balalari'ni'n' aytqani'n ti'n'lamaytug'i'nli'g'i'n ayti'p nali'pti'. Al, u'y iyesi kerisinshe, balalari'n maqtap, balalari'm ha'r bir aytqan so'zimdi jerde qaldi'rmaydi', da'rhal wori'nlaydi' dep maqtani'pti'.

Wol so'zin da'lillemekshi boli'p, u'lken uli' Ikramdi' shaqi'ri'pti' ha'm tamni'n' basi'ndag'i' mori'ni' tazalap taslawdi' buyi'ri'pti'. U'lken uli':

— Ata, ha'zir menin' jumi'slari'm ko'p, bul jumi'sti' Abrarg'a tapsi'ri'n', — dep ketip qali'pti'. Atasi' qi'si'ni'spag'a tu'sipti ha'm wortanshi' uli' Abrardi' shaqi'ri'pti'. Wol da atasi'ni'n' aytqani'n qi'lmapti'. «Yen' kishkene, genjetayi'm Womar menin' so'zimdi ji'qpaydi'», degen atasi'ni'n' son'g'i' u'miti de pushqa shi'g'i'pti'. Womar da atasi'ni'n' aytqani'n wori'nlamapti'.

Sonda miyman mi'yi'g'i'nan ku'lip:

— Dosti'm, senin' de balalari'n' aytqanlari'n'di' ti'n'lamaydi' yeken g'oy, — depti.

Miyman qonaq asi'n jep boli'p qayti'wg'a i'n'g'aylasi'pti'. Dalag'a shi'qsa u'sh bala tamni'n' basi'na kim minetug'i'nli'g'i'n kelise almay ja'njellesip ati'rg'an yeken. Sonda miyman ne ushi'n bular atasi'ni'n' aytqanlari'n waqti'nda wori'nlamay yendi u'shewi de sol jumi'sti' islew ushi'n talasi'p ati'rg'ani'na hayran qali'pti'. Buni'n' sebebi, atasi' u'yinde woti'rg'ani'nda balalari' wonnan joqari' ko'terilip, tamni'n' basi'na shi'qsa atag'a hu'rmetsizlik yetken boli'p yesaplanadi' yeken. Sol ushi'n da balalari' atasi' u'yinde woti'rg'ani'nda woni'n' buyi'rg'an isin isley almag'an yeken.

Miyman waqi'yani'n' to'rkinin tu'sinip, atasi'n hu'rmetlegen balalarg'a ta'siyin qali'pti'.

## Hiyleker qoraz.

*(Xali'q yertegi)*

Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir qoraz ag'ashti'n' basi'nda tan' ala gewgimde shaqi'ri'p turg'an yeken. Buni'n' dawi'si'n bir sag'al yesitip, qorazdi'n' qasi'na kelipti:

— Haw, qoraz jora, siz yerte turi'p qi'yqi'wlap kimlerdi shaqi'ri'p turi'psi'z? — depti qorazg'a sag'al. Sonda qoraz:

— Joldaslari'mdi' awqamlasi'p jumi's islewge shaqi'ri'p ati'rman — depti.

— Wolay bolsa, to'menge tu's, yekewimiz birge joldas boli'p barayi'q — depti sag'al qorazg'a.

— Ha'zir menin' jerge tu'siwge qoli'm tiymeydi. Usi' shaqi'ri'wi'm menen uyqi'da jatqan joldasları'mdi' woyati'wi'm kerek. Yeger senin'de awqamg'a qosi'li'p, jumi's islegin' kelse, anaw aldi'n'da ko'ringen jaydi'n' qasi'nda basshi'mi'z tawi'qlardi' ku'tip woti'r. Sen de sol jerge bara ber. Men de sizin' izin'izden baraman depti. Sag'al qorazdi'n' siltewine quwani'p: «Ko'p tawi'qti'n' u'stinen shi'g'atug'i'n boldi'm» — degen u'mit penen qorazdi'n' siltegen jerine baradi'. Sag'al tawi'qlardi'n' qasi'nda shon'qayi'p woti'rg'an bir tazi'ni'

ko'rip, birden tapi'raqlap qashi'pti'. Sag'aldi'n' qashi'p barati'rg'ani'n ko'rgen tazi' bas sali'p quwi'p, sag'aldi' tuti'p ali'pti'. Sonda sag'al tazi'g'a:

— Bir awi'z aytatug'i'n arzi'm bar, — depti.

— Arzi'n' bolsa tez ayt! — dep tazi' sag'aldi' jazdi'ri'pti'.

— Meni mi'na qon'si'n'i'zdi'n' qorazi' keshe awqamlasi'p jumi's islewge shaqi'ri'p yedi. Qorazg'a xabarlassam, sen ko'p keshigip qali'psan', basshi'mi'zg'a tezirek jet, — dedi. Soni'n' menen asi'g'i'p kiyati'rg'ani'm yedi, iymanli' bolg'aysi'z, meni jiberin'iz, — dep jali'ni'pti'. Sonda tazi' sag'alg'a:

— Sizdi jibergen qorazg'a raxmet, menin' to'segimnin' tozi'p ju'rgenin bilip, sizdi bizge jibergen yeken. Sol tawi'qlardi' ba'rha qorg'ap ju'riwshi basshi'si' biz bolami'z, — dep sag'aldi'n' bel womi'rtqasi'n u'zip, woni' wo'ltirip, terisin to'sek yetip alg'an yeken. Hiyleker qorazg'a ha'm tazi'g'a tawi'qlardi'n' ba'ri de raxmet ayti'pti'.

## Gedey ha'm dani'shpan.

Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir gedey boli'pti'. Sol gedeydin' a'kesinen qalg'an jalg'i'z g'ana si'yi'ri' ha'm i'lashi'g'i' bolg'an yeken. Gedey si'yi'ri'na mehir menen qarap, ha'r ku'ni woni'

jaylawg'a jiberedi. Si'yi'ri' bolsa kesh boli'wdan u'yine qayti'p keledi yeken.

Bir ku'nleri gedeydin' si'yi'ri' u'yine qayti'p kelmepti. Gedey tu'ni menen awi'ldi' aylani'p si'yi'ri'n izlep shi'g'i'pti'. Tan' da ati'pti'. Hesh bir na'tiyje shi'qpag'anli'qtan aqi'ri' qon'si' awi'ldag'i' bir dani'shpan adamg'a bari'p, waqi'yani' tu'sindiripti. Dani'shpan gedeydin' so'zlerin yesitip boli'p, wog'an bi'lay depti:

— Tan' azanda u'lken do'n'lik taman jol al, aldi'n'nan yeki jolawshi' shi'g'adi'. Wolardan hasla mali'n'di' sorama. Wonnan son' joli'n'nan bir jolawshi' shi'g'adi', wonnan si'yi'ri'n'di' sora, wol si'yi'ri'n'ni'n' qay jerde yekenligin aytadi'. Biraq ta, «si'yi'ri'n'ni'n' birewi wo'li, al birewi tiri» — depti. Sonda gedey: «si'yi'ri'm birew bolsa, qalayi'nsha woni'n' birewi tiri, birewi wo'li boli'wi' mu'mkin?» — dep ko'p woylani'pti'.

Yerten'ine gedey tan' azanda «ta'wekel» dep jolg'a shi'g'i'pti'. U'yinin' shi'g'i's ta'repinde buri'nnan qalg'an u'lken do'n'lik ta'repke jol ali'pti'. Biraz waqi'ttan keyin, aldi'nan dani'shpan aytqanday yeki jolawshi' shi'g'i'pti'. Gedey wolardan si'yi'ri'n soramapti' ha'm joli'n dawam yetipti.

Aradan az g'ana waqi't wo'ter-wo'tpesten aldi'nan bir jolawshi' shi'g'i'pti'. Jolawshi'dan si'yi'ri'n ko'rgen, ko'rmegenligin sorasa, jolawshi' gedeyge bi'lay depti: — Mi'na don'likti'n' arti'nda bir si'yi'rdi' ko'rdim, qasi'nda buzawi' bar, — depti. Gedey bari'p qarasa i'rasi'nda da si'yi'ri'ni'n' qaptali'nda tuwg'an buzawi' wo'li'p jati'rg'an yeken. Sol waqi'tta g'ana gedey dani'shpan kisinin' so'zlerinin' duri'sli'g'i'na isenipti. Sol waqi'yadan keyin dani'shpan danalardi'n' danasi' retinde xali'q arasi'nda an'i'zg'a aylani'pti'.

## 9-MAY — YESKE TU'SIRIW HA'M QA'DIRLEW KU'NI!



— Bu'gin 9-may. Bul ku'n — yeske tu'siriw ha'm qa'dirlew ku'ni! Bir mi'n' tog'i'z ju'z qi'ri'q birinshi ji'li' nemis-fashist basqi'nshi'lari' bizin' yelimizge uri's ashti'. Ko'p jerlerimizdi basi'p aldi'. Qala, awi'l, mektep, zavod, fabrikalari'mi'zdi' qi'yratti'. Balalar menen u'lkenlerdi, ata-analari'mi'zdi' ati'p wo'ltirdi.

Armiyami'z xali'q quwatlawi' asti'nda yelimizdin' azatli'g'i' ushi'n dushpang'a qarsi' gu'reske atlandi'. Dushpan ta'repinen basi'p ali'ng'an jerler azat yetildi. Bir mi'n' tog'i'z ju'z qi'ri'q besinshi ji'ldi'n' 9-mayi'nda nemis-fashist basqi'nshi'lari'n jen'ip shi'qti'q. Bul uri'sta kishkene balalar da ten'i-tayi' joq bati'rli'q ko'rsetti. Bu'gin biz uri'sta qayti's bolg'anlardi' yeske alami'z.

?

9-may qanday ku'n?
Yekinshi du'nya ju'zi'lik uri'sqa qatnasqan qaharmanlardan kimlerdi bilesiz?

## Belgisiz jawi'nger qa'biri.

Woni' hesh kim bilmeydi,
Yerligi biraq wo'lmeydi,

Qa’birinin’ u’stinde,
Man’gilik woti’ so’nbeydi,

Ziyaratlaydi’ ko’p adam,
Qa’birinin’ basi’nda.
U’lken kishi iyilip,
Qamsi’g’i’p qayg’i’ jasi’na,

Tiri gu’ller da’stesi,
Kelip tur ku’nde ji’yi’li’p,
Ruwxi’na bati’rdi’n’,
Turg’anday ma’n’gi si’yi’ni’p.

*J. Qayi’rbaev.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.

## Men uri’sti’ ko’rgenmen.

Men uri’sti’ ko’rgenmen doslar,
Bo’bek boli’p jatsam da besikte,
Mun’-qayg’i’da apam da bozlar,
Ha’yyiwi de tolg’an ha’siretke.

Men uri’sti’ ko’rgenmen doslar,
Woq dawi’si’nan bolsam da ali’s,

Azaplari’n ko’p ko’rdi ko’zler,
Ju’reklerde wornadi’ nali’sh.

Men uri’sti’ ko’rdim usi’lay,
Ashli’q woti’ jalmadi’ jurtti’,
Aza tutqan ha’r u’yde «way-way»,
Yezildirip jardi’ qulaqti’.

Bala boli’p woynaw worni’na,
Azi’q ushi’n jiyde tergenbiz,
Yerkelemey apa bawi’ri’nda,
Ku’n uzaqqa miynet yetkenbiz.

Balali’g’i’mda wo’tse de uri’s,
Iz qaldi’ri’p ketti mudami’,
Ha’zir jaqsi’ qursaqta turmi’s,
Ko’z aldi’mda turar udayi’.

*G. Nuri’llaeva.*

1. Qosi’qti’ ta’sirli yetip woqi’n’.
2. Qosi’qti’n’ mazmuni’n tu’sinip ali’n’.

## JAZ — WO'TEDI SAZ.



### Jaz ma'wsimi.

*(u'zindi)*

Jaz ma'wsimin ko'rsen' qalmas a'rmani'n',
Jemislerdin' baqshalarda turg'ani'n,
Ko'rgen adam ishpey-jemey toyadi',
Arpa, jazli'q, aq biydaydi'n' qi'rmani'n.

Uzaqtan ko'riner biyik shi'narlar,
A'njir, badam, piste, alma, a'narlar,
Qol uzati'p, u'zip ali'p miyweni,
Sali'p tur awzi'na jemis qurmalar.

Qara tal, aq terek, na’rwan aq tali’m,
Tarti’p tur sayasi’ ja’ha’n samali’n.
Torsi’ldap asti’na tu’sip turi’pti’,
Solqi’m ju’zim, yerik penen shabdali’m.

Aq paxta ag’arti’p saldi’ gu’l-g’umsha,
Aq qi’zi’lg’a do’ner paxta bolg’ansha.
G’arbi’z targ’i’llandi’, pisti qawi’nlar,
Qawi’nlar tor basi’p, shi’qti’ jambi’lsha.

*A. Dabi’lov.*

?

Jaz ku’nleri qanday wo’zgerisler boladi’?
Jazda qanday miyweler pisedi?
Sizlerdin’ mektep qaptali’ jerin’izde qanday miyweler bar?

## Tay

Tay, tay, tay yeken,
Wotlag’ani’ say yeken.
Man’laydag’i’ qasqasi’,
Ayni’mag’an ay yeken.

Taylar yele jas yeken,
Boylari’ da pa’s yeken.
Arg’i’maq shapqan ha’z yeken,
Minip shapqan ha’z yeken.

Tay, tay, tay yeken,
Tayg'a jaylaw jay yeken,
Shapqi'lasqan taylarg'a,
Awi'li'mi'z bay yeken.

Taylar ha'zir tag'asi'z,
Wo'sse tag'a qag'ami'z,
Qanazat at bolg'ansha,
A'lpeshleymiz, bag'ami'z.

*Sh. Seytov.*

Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## Pillekeshler.

Nawqan qurtlardi'n' ko'k-ko'n'bek tut japi'raqlari'n pi'ti'r-pi'ti'r yetkizip jep ati'rg'ani'n ko'rsen' di'qqati'n'i'zdi' awdaradi'. Awi'ldi'n' qasi'nda paxta ati'zlari'ni'n' do'gereginde uzi'ni'na ketken salmalar bar. Usi' salmalardi'n' yeki boyi'na tut ag'ashlari' yegilgen. Wolardi'n' jasi'l japi'raqlari' ko'zin'di qi'zdi'ri'p, miynet yetiwge i'qlasi'n'di' artti'radi'. Bul jerge ha'r ku'ni jas pillekeshler keledi.

Apa, mine yendi jazg'i' demali's baslandi'. Sag'an qalay ko'mek bersem yeken? — dedi

Jumagu'l apasi'na. Qi'zi'ni'n' bul so'zin yesitken Jan'i'l apay woylani'p turdi' da:

— Wonday bolsa ba'rekella shi'rag'i'm, suw a'kelersen', mal jayg'asti'rarsan', qa'lesen', anaw nawqan qurtlari'na tut japi'raqlari'n juli'sarsan', — dedi.

Jumagu'ldin' apasi'nan ku'tkeni de usi' yedi. Wol sol ku'nnen baslap Jan'i'l apay jumi'stan kelgenshe u'y jumi'slari'ni'n' ha'mmesin tap-tuynaqtay yetip islep qoyatug'i'n boldi'. Jumagu'l a'sirese nawqan qurtlari'n ta'rbiya-lawg'a qi'zi'g'i'p qaldi'. Wol wo'zinin' qurdasi' Roza menen nawqan qurtlari'na japi'raq a'ketiwge keldi. Bir ma'ha'lde Jumagu'l qasi'ndag'i' tut japi'raqlari'n ali'p ju'rgen Rozag'a:

— Sen qati'n'qi'rap ketken japi'raqlardi' alma, — dedi.

— Wol jag'i'n men de bilemen. Nawqan qurtlardi'n' awqatlani'wi'na zi'yani' tiyedi, — dep woni'n' so'zin maqulladi'. Wol ku'nine 4-5 ret tut japi'raqlari'n juli'p a'keledi. U'yde nawqan qurtlardi' waqti'nda awqatlandi'ri'p, jaydi'n' hawasi'n wo'zgertip, jaydi' tazalap turi'wg'a ko'mek beredi. Qurtlar iygennen keyin,

wolardi' terip ji'ynawg'a ja'rdemlesedi. Woni'n' bunday xi'zmetine ata-anasi' da su'ysinedi. Mine usi'lay yetip Jumagu'l wo'z anasi'na ja'rdem berdi.

*«Jetkinshek» gazetasi'nan.*

? Jumagu'l apasi'na ne dedi?
Apasi' wog'an ne aytti'?
Jumagu'l apasi'na qanday ja'rdem berdi?
Sizler ata-anan'i'zg'a qanday ja'rdem beresizler?

## Jumbaq.

Ha'mmege belgili ja'niwar,
Jeytug'i'n bir tali' bar,
Soni'n' menen toyi'ni'p,
U'stine jipek woranar.

*(Pille).*

## Paxta.

Qaraqalpaqstan yeli — paxta ka'ni. Ma'mleketimizge paxta zu'ra'a'tin qansha bersek, ma'mleketimiz sonsha abadan, xalqi'mi'z qurg'i'n boladi'. Hu'kimetimiz paxtakeshlerimizge u'lken ja'rdem bermekte. Sonli'qtan,

Qaraqalpaqstanni'n' paxtakeshleri paxta zu'ra'a'tin artti'ri'wg'a barli'q ku'sh-jigerin salmaqta.

Paxtakeshlerimiz saylandi' sort shigit yegedi. Paxta ko'gerip shi'g'i'wi' menen-aq, ta'rbiya isin baslaydi'. Paxta ati'zlari' jabayi' sho'pten tazalanadi'. 4-5 ma'rtebe kultivaciyalaw ta'rbiyasi' ju'rgiziledi, azi'qlandi'ri'ladi' ha'm birneshe ma'rtebe suwg'ari'ladi'. Paxta da'slep g'umshalap, son'i'nan gu'lleydi. Gu'li aq, qi'zi'l, sari' tu'ste boladi'. G'o'rekler ashi'l-g'annan keyin, paxtani' teriw ku'ta' kewilli boladi'. Paxtani' mashina menen de teremiz.

?

Qaraqalpaqstanda ko'binese ne yegiledi?
Paxtadan mol zu'ra'a't ali'w ushi'n qanday ta'rbiya beriledi?

## Jaz keldi.

Tag'i' bizin' yellerge,
Alti'n jaz keldi,
Da'ryalarg'a, ko'llerge
Qashshan g'az keldi.

Kanallarda na’wpir suw,
Ag’ar japlarg’a,
Toran’g’i’llar uwda-shuw,
Bi’jnag’an g’arg’a.

Qi’rlar toli’p sheshekke,
An’qi’ydi’ juwsan,
Shontan’lasqan go’jekler,
Tutti’rmas quwsan’.

Sonli’qtan biz quwmaymi’z,
Shati’r qurami’z,
Mo’ldir ko’ldin’ boyi’na,
Qarmaq salami’z.

*Sh. Seyitov.*

Qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’n’.

## G’azdi’n’ palapani’.

Ku’n i’si’ni’p jaz kelgende,
Jerdin’ beti qulpi’ do’ndi.
Usi’ ku’nleri Baltabay,
«Yerkin»nin’ boyi’na keldi.

A'miwden aqqan suw menen,
«Yerkin»nin' suwi' da tasqan.
Jag'adag'i' woypatli'qti',
Xosh iyisli ko'kler basqan.

Sayran yetken gu'l u'stinde,
Ushi'p-qoni'p gu'belekler.
Japi'raqlari' qayshi'day,
Ko'rinedi ko'k su'yrikler.

Bes qarmaqti' quri'p boldi',
Saplari'n baylap jag'ag'a.
Wo'rden i'g'i'p kiyati'rg'an,
Ko'zi tu'sti bir qarag'a.

Ne yekenin jan'a bildi,
Palapan yeken ko'ringen.
Jalqi'z wo'zi kiyati'r,
Topari'nan wol bo'lingen.

Qosi'qti' ko'rkemlep woqi'n'.

## Ҡlastan ti’s woqi’w ushi’n qosi’msha materiallar.

### Mektebim.

Jaz qi’zi’g’i’ sonday tamasha,
Bilmey qaldi’m qalay wo’tkenin.
Woqi’w ji’li’ keler dep qashan,
Asi’g’aman sag’an mektebim.

Sentyabr keldi tag’i’ da,
Quwani’shqa bo’ler jani’mdi’.
Jetelegen bilim bag’i’na,
Sag’i’ndi’m men ustazlari’mdi’.

*X. Saparov.*

?

Jazda qanday wo’zgerisler boladi’?
Sizler jazdi’ qayda wo’tkerdin’iz?
Dem ali’sta qanday jumi’slar menen shug’i’l-landi’n’i’z?

### Naqi’l.

Woqi’w — woy azi’g’i’,
Bilim — yer azi’g’i’.

## Wo’jetlik.

Si’zba desen’ diywalg’a,
Baji’rayti’p si’zadi’.
Jazba desen’ kitapqa,
U’yken’kirep jazadi’.

Jubat desen’ u’ken’di,
Qayta uri’p qashadi’.
Jawi’p kel desen’ yesikti,
An’qayti’p qayta ashadi’.

Ji’ynatsan’ shashqan woti’ndi’,
Jol boyi’na shashadi’.
Ju’rme desen’ batpaqtan,
Qoyi’w jerin basadi’.

Ti’n’lamadi’ aytqandi’,
Wo’jetlenip bir ku’ni.
Qoli’na ali’p baltani’,
Da’ryadan woydi’ u’kini.

Qaqsap jatqan qali’n’ muz,
Woyi’lmadi’ juwi’qta.
Si’rg’anap ketip ay balta,
Woti’rdi’ kelip tobi’qqa.

Balta kesip ayag'i'n,
Bir ay ju'rdi yemletip.
Yendi bildim dedi wol, —
Payda yemes yeken wo'jetlik.

*A. A'bdimuratov.*

Qosi'qti' woqi'p shi'g'i'n', mazmuni'n so'ylep berin'.
Wo'jetlik payda bere me?

## Yeki qi'zdi'n' dawi'.



Dilbar menen Gu'listan,
Apa-sin'li tuwi'sqan.
Qashan ko'rsen' yekewi,
Uri'sqani'-uri'sqan.

Wortag'a sawal taslanar:
— Tazalar kim asxana?
Sen isle de, men isle,
Sonnan ayti's baslanar.

— U'ydi keshe men ji'ydi'm,
Gu'lge suwdi' men quydi'm,—
Dep doq urar Gu'listan,—
Yerkesimisen' sen u'ydin'.

— Tawi'qqa kim jem salg'an,
Qozi'g'a kim wot worg'an, —
Dep daw salar Dilbar da:
— Men be qarap woti'rg'an?

Ti'n'lasan' duri's ba'ri de,
Ya u'yrengen ka'ri me?
Bilmedim so'zi yeki qi'zdi'n',
Bir-birine da'ri me?

*K. Yernazarov.*

Qosi'qti' woqi'p, qi'zlardi'n' ne tuwrali' dawlasqani'n so'ylep berin'.

Qi'zlardi'n' isi duri's pa?

Sizler u'yde ne jumi's isleysiz?

## Quslardi'n' paydasi'.

Awi'li'mi'zda bag'lar ko'p yedi. Wolar bir-birine jaqi'n jaylasqan. Ba'ha'r keliwi menen bag'lardag'i' miywe ag'ashlari' jasi'l tu'ske yenip, buri'ng'i'dan da beter bag'di'n' ko'rki shi'raylani'p, sari'-ala, aq-qi'zi'l gu'llerge toli'p turadi'. Usi'nday waqi'tlarda bag'lar ishinde bir shaqadan yekinshi shaqag'a ushi'p-qoni'p sayrap ju'rgen quslar da wog'ada ko'p boladi'.

Al, jazda bolsa, miywe ag'ashlari'nda, japi'-raqlardi'n' arasi'nan ani'q ko'rinip turatug'i'n almalar, almurtlar, a'njirler ko'zin'nin' woti'n alatug'i'n yedi.

Quslar bolsa ag'ashlarg'a miywelerge zi'yan keltiretug'i'n qurt-qumi'rsqalardi' jeytug'i'n yedi.

Bag'lardag'i' miywe ag'ashlari'na ayi'ri'm quslar uya sali'p, palapan shi'g'aratug'i'n yedi.

Bir ku'nleri do'gerek-a'tiraptag'i' balalar bag'di'n' ishine kirip, quslardi'n' uyalari'n buzdi'. Sonli'qtan, quslar bezip, bul bag'lardi' taslap ketti. Gu'z waqti' boldi', keyin qi's boldi'. Tag'i' ba'ha'r baslandi'. Biraq bag'lardi'n' ishinde buri'ng'i'day sayrag'an quslardi'n' sesti yesitilmedi. Bag'lardi'n' ishi ti'm-ti'ri's boli'p qaldi'. Ag'ashlarg'a zi'yan tiygizetug'i'n qurt-

qumi'rsqalar, ha'r qi'yli' shi'bi'n-shirkeyler de ko'beydi. Wolar a'ste-aqi'ri'n ag'ashlardi'n' japi'raqlari'n jewge kiristi. Buni'n' kesirinen geypara ag'ashlar quwrap qaldi'.

Keyin mektepte mug'allim balalarg'a quslardi'n' uyalari'na tiymew ushi'n quslarg'a ag'ashtan uya sog'i'wdi' tapsi'rdi'. Balalar wo'zleri quti'shadan soqqan uyalari'n ha'r bir daraqqa jaqsi'lap wornalasti'rdi'. Keyin heshkim quslarg'a zi'yan keltirmeytug'i'n boldi'.

Quslardi'n' bag'qa qanday paydasi' bar?
Balalar quslardi'n' uyasi'n buzg'ani' duri's pa?
Mug'allim balalarg'a ne aytti'?
Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## Yetikshinin' qosi'g'i'.

*(Bala tilinen)*

Yetikshimen — ustaman,
Qolg'a balg'a uslag'an,
Jaqsi' yetip tigemen,
Biraq meni qi'staman'.

Shegeni berik qag'aman,
Ha'mmen'izge jag'aman,

Yetik, ma’si, botinka,
Tufli buyi’rtpa alaman.

Qa’ne, tufli, yetigin’,
Jamap kemis-ketigin,
Go’nergendi jan’arti’w,
Menin’ su’ygen ka’sibim.

Mult ketpeydi tigisten,
Qaqi’ramas shegemnen,
Qa’wipsinbeysiz men tiksem,
Jawi’n, batpaq degennen.

Tigemen de maylayman,
Jasandi’ri’p saylayman,
Kelin’, kelin’ doslari’m,
Tek jaqsi’li’q woylayman.

*M. Seytniyazov.*

? Bala yetikshi bolg’ani’n qalay maqtani’sh yetedi?

**Naqi’l.**

Yerinbegen yetikshi boladi’.

Miynet yetsen’ pisesen’,
Ko’p uyi’qlasan’ isesen’.

## JAS WO’SPIRIM BALALAR — BOLAJAQ AZAMAT.

### Sara ha’m Sa’wle.

Sara woynap ju’r yedi,
Qoli’na bir alma ali’p.
Jan’a qaqshi’p ati’rg’anda,
Suw shelekke tu’sti bari’p.

Haw, dep qarasa suwg’a,
Turg’an yeken alma qalqi’p.
Almaqshi’ boldi’ shelekten,
Qi’zi’q, — dedi mi’yi’q tarti’p.

Ha’p! — dep jan’a uslag’anda,
Tag’i’ birew qoli’n sozdi’,
Suw asti’nda sa’wle yedi,
Qorqi’ti’p jiberdi qi’zdi’.

Nede bolsa shaqqan yeken,
Sara wonnan buri’n aldi’.

Sasqalaqlap qorqi'w menen,
Juwi'rdi' da ketip qaldi'.

Aytti' bari'p anasi'na,
Jan'ag'i' woynap ju'rgenin.
Suwg'a tu'sken almani'n'
Ja'ne suwdag'i' ko'rgenin.

Anasi' ku'lip jiberdi,
— Haw suwdag'i' sa'wlen' g'oy wol.
Suw mi'sal ayna ta'rizli,
Qori'qpa qi'zi'm, bati'r bol!

*M. Seytniyazov.*

Sara nege qori'qti'?
Sarani'n' apasi' wog'an ne dedi?
Turmi'sta suwg'a sa'wlenin' tu'siwin bayqap ko'rin'.

## Jumbaq.

Wo'zin'nen wozbas,
Izin'nen qalmas.

*(Ko'len'ke)*

Ay menen ku'ndey,
Ha'mmesi birdey.

*(Lampochka)*

## Naqi'llar.

Ma'rt wo'lse de, ma'rtlik wo'lmeydi.

Dosti'n' mi'n' bolsa da az,
Dushpani'n' bir bolsa da ko'p.

## Jumbaq.

Wo'zi qalta saattay,
Ko'rsetpes biraq waqi'tti',
Yelpildegen yeki til,
Ko'rsetip turar bag'i'tti'.

*(Kompas).*

## Papka ha'm shapka.

Minaw Won'g'ardi'n' shapkasi',
Anaw jati'rg'an papkasi',
Yekewi jati'p woylasti',
Isleyjaq isti si'rlasti'.

Kele sala taslaydi',
Qasi'mker isti baslaydi',

Jatami'z bizler shan'g'a bati'p,
Basqalar qarar tan' qali'p.

Won'g'ari'n' woni' woylamas,
Jatqani'mi'zg'a qi'ynalmas.
Wol da bir tu'ssin ha'lekke,
Tabalmay bolsi'n «shala wo'kpe», —

Desti de shi'qti' tambasqa,
Yendigi so'z bul basqa,
Iyesi tappay shi'rladi',
Ha'r jaqqa shawi'p zi'rladi'.

Apasi' aytti' wo'zin'nen,
Shi'qpaysan' sira' so'zin'nen,
Saqlamaysan' puqtalap,
Ashi'wli' qoydi' bir qarap.

Ku'lkige aldi'q Won'g'ardi'.
Qa'tesin yendi an'g'ardi',
Tambasti' ko'rse, papkasi',
Qasi'nda jati'r shapkasi'.

Yekewin basti' bawi'ri'na,
Apasi'na bardi' hawli'g'a

Bundaydan bolaman awlaq,
Saqlayman dedi puxtalap.

*A’. Seytjanov.*

Won’g’ardi’n’ papkasi’ menen shapkasi’ nege wo’kpeledi?

Sizlerdin’ aran’i’zda usi’nday woqi’wshi’lar bar ma?

## Mazmuni'.

### Tuwi'lg'an ma'ka'ni'm — go'zzal bostani'm.

Qaraqalpaqstan Respulikasi'ni'n' ma'mleketlik
gerbi ha'm bayrag'i' ........................................3
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n'
ma'mleketlik gimni ........................................4


**G'a'rezsiz O'zbekistani'm, ma'n'gige jasa!**

A'ziz O'zbekistani'm ........................................6
Tashkent ........................................7


**Bizin' Watani'mi'z — Qaraqalpaqstan**

Qaraqalpaqstan — menin' Watani'm ....................8
No'kis — Qaraqalpaqstanni'n' worayi' ..................9
No'kisim. M. Qabulova ....................................11
Watani'm bar. (Qosi'q). Ya. A'jimov ................12
Qaraqalpaqti'n'. (Qosi'q). B. Seytaev ..................14
Miynetkesh insan. ........................................15
Bizin' mektep bag'i'nda. (Qosi'q). S. Abbazov ...16


**Alti'n gu'z.**

Gu'z keldi ........................................17
Gu'z. (Qosi'q). K. Aymanov ..........................18
Nan qa'diri. (Gu'rrin') ....................................20
Gu'z qa'diri bir basqa. (Qosi'q). S. Abbazov ....21
Ti'rnalar. N. To'reshova. (Gu'rrin') ....................23

Mektep jerinde. (Gu’rrin’). ..................................24
Yer ju’rek adam. (Gu’rrin’). ..............................25
Balali’qti’ yeslew. (Qosi’q). N. To’reshova ..........27
Asqabaq. X. Saparov ........................................28

## Ana-mektebim — alti’n besigim.

Mektebim. (Qosi’q). Z. Yusupova ........................29
Ustazi’ma. (Qosi’q). G. Ju’ginisov .......................30
Yelimizdin’ jaslari’mi’z. (Qosi’q).
T. Jumamuratov ..............................................31
Quwani’p qaldi’. (Gu’rrin’) .................................32
Tazali’q qi’z Gu’layi’m. X. Saparov ...................34
Men woqi’yman. (Qosi’q). D. Nazbergenov ..........35
Na’psiqaw ari’slan. (Yertek) ...............................36
Кim bolsam? (Qosi’q). V. Mayakovskiy ..............37

## Paraxatshi’li’q ta’repdari’mi’z.

Balama. (Qosi’q). Q. Jumaniyazov ......................39
Qi’rg’awi’l (Gu’rrin’). T. To’remuratova..................40
Watan qorg’ar a’jag’am. (Qosi’q). S. Pirjanov ....42
Xali’qlardi’n’ urani’. (Qosi’q). X. Saparov ..........43
Joyti’lg’an ko’z. (Gu’rrin’). R. Azizxanov................44
Da’rtke jarag’an bala. (Gu’rrin’). S. Ma’jitov............45

## Ata-anani’ qa’dirle.

Ata wa’siyati’. (Gu’rrin’). S. Ma’jitov.....................47
Bir awi’z so’z. (Gu’rrin’) ................................48

Ata-ana aldi'nda (Qosi'q). X. Saparov ................50
Qu'diretli ku'sh nede. (Gu'rrin')............................51
I'rzaman men anama. (Qosi'q). Z. Zamatdinov ....52
Кempir apam. (Qosi'q). J. Qayi'rbaev ................53
Кu'tilmegen hu'jim. (Gu'rrin') .........................54
Qarli'g'ashlar. (Gu'rrin'). K. Ushinskiy ................56
Saw bolsi'n jan atami'z. J.Dilmuratov ...............58
Ana tilim. (Qosi'q). T. Qabulov ........................60
Wo'mir nuri'. (Gu'rrin') ...................................61
Alti'n ni'zam. N. Ma'mbetirzaeva .....................62

## Qi's baslandi'.

Qi's keldi. (Gu'rrin') ........................................64
Quslarg'a da'n salami'z. (Gu'rrin') ....................65
Qi'l duzaqta tabi'sqan uri'lar. M. Qarabaev ......66
Adam qoli' gu'l. (Qosi'q). X. Saparov .............68
Qar. (Qosi'q). Sh. Seytov .................................69
Miyras. (Yertek) ..............................................70
Qi's. (Qosi'q) S.Yembergenov..............................72
Ji'l kiyati'r. (Qosi'q). A. Dabi'lov .....................73
Yolka. (Qosi'q). M. Seytniyazov .......................74

## 14-Yanvar — Watan qorg'awshi'lar ku'ni.

Qanatli' qaharman. К. Aymanov .......................77
Biz ti'ni'shli'q gu'limiz. (Qosi'q).
Wo'. Sa'rsenbaev ..............................................78

## A’deplilik ha’m adamgershilik.

U’lkenlerdi hu’rmetle. ....................................79
A’deplilik. ..................................................80
Puldi’ kim urladi’. (Kamila) ..........................82
Qozi’. (Gu’rrin’) ..........................................84
A’kesi menen balalari’. L. N. Tolstoy .............86
Xali’qti’n’ danali’q so’zleri ...........................87
Jeti g’arri’. (Gu’rrin’) ...................................88
Bilip aldi’m. (Qosi’q). Sh. Atamuratova ............90
A’depsiz. (Qosi’q). M. Seytniyazov .................91
Mal fermasi’nda. (Gu’rrin’) ...........................92
Kishipeyil bala. (Gu’rrin’). V. Oseev ...............93
Jaqsi’ bala atansan’. (Qosi’q). A. A’bdimuratov ....95
Alg’i’s al. (Qosi’q). J. Aymurzaev ..................96

## Wo’z shan’arag’i’m — wo’z uyam.

Razi’man a’keme. (Qosi’q). N. To’reshova .........98
G’arri’ ha’m bala. (Qosi’q). X. U’bbiniyazov .....99
Kimler awi’radi’ ..........................................101
Densawli’q — teren’ bayli’q. (Ha’kim Uli’qpan-
ni’n’ wo’z balasi’na aytqan na’siyatlari’nan) ..........102
U’mbettin’ u’lesi. (Gu’rrin’). M. Niyazov ........103
Ba’rimizge unaydi’. (Qosi’q). T. Yeshanov .......106
Muratti’n’ atasi’. (Gu’rrin’) ..........................107
Jaman a’det. (Qosi’q). A’. Seytjanov ...............109

Ko'shemizdin' balalari'. (Gu'rrin'). Q. Bekmanov.....110

## Ba'ha'r baslandi'.

Ba'ha'r. (Gu'rrin') ........................................113
Quslar qayti'p keledi yeken.
(Qosi'q). S. Abbazov ....................................114
Ba'ha'r keldi. (Qosi'q). A' Seytjanov.................115
Jurtti'n' ba'ri jumi'sta. (Gu'rrin') ...................116
Sag'i'ndi'm. (Qosi'q). X. Saparov ......................118
Jaylawda. (Qosi'q). S. Nuri'mbetov ...................119

## 8-mart — Hayal-qi'zlar bayrami'.

Bizin' bayrami'mi'z keldi. (Yestelikten) .............120
Men anaman. (Qosi'q). U. Ka'rimullaeva ..........121
Ana. (Gu'rrin'). O. Tumanyan .........................122
Jaqsi' qi'z. (Qosi'q). S. Nuri'mbetov ...............125
Gu'ldi kimge bersem yeken? (Gu'rrin') ............126
Besik ji'ri' N. To'reshova ................................127
Ana. Qosi'q. S.Nuri'mbetov ..............................128
Yen' jaqsi' sawg'a. (Gu'rrin') ..........................129

## Nawri'z keldi.

21-mart — Nawri'z bayrami' ..........................133
Nawri'z — ji'ldi'n' basi', ba'ha'r bayrami'.
(Qosi'q). A'. A'jiniyazov ................................134
Nawri'z keldi bizin' mektepke.

(Qosi'q). T. Seytjanov ....................................135
**Miynet tu'bi — ra'ha't.**
Nan iyisi. (Xali'q ra'wiyati') ............................136
Wo'nerli bolg'i'm keledi. (Qosi'q). S. Pirjanov ...138
Umi'tpan' sizler mi'nani'. S. Pirjanov .............139
Buzawi'm. (Qosi'q). T.Ma'tmuratov.....................140
Qoylar menen iytler. («U'y haywanlari'» kitabinan) .......................................................141
Men atamday bolajaqpan. (Qosi'q). S. Abbazov...........................................142
Miynet Qaharmani'. (Gu'rrin'). K. Nazbergenov ...............................143
**Yertekler.**
Tu'lki menen yeshki. ......................................145
Quw qoraz. J. Seytnazarov...............................146
Duzaqshi' g'arri'. ...........................................148
Bo'ri menen iyt. .............................................150
Tu'lki menen qoyanni'n' quyri'q almasi'wi'. ......152
Atag'a hu'rmet. ..............................................154
Hiyleker qoraz. ..............................................156
Gedey ha'm dani'shpan. ..................................157
**9-may — Yeske tu'siriw ha'm qa'dirlew ku'ni.**
Belgisiz jawi'nger qa'biri. (Qosi'q). J. Qayi'rbaev ................................................160

Men uri'sti' ko'rgenmen. (Qosi'q). G.Nuri'llaeva ...161

**Jaz — wo'tedi saz.**

Jaz ma'wsimi. (Qosi'q). A. Dabi'lov .................163
Tay. (Qosi'q). Sh. Seytov. ...........................164
Pillekeshler. (Gu'rrin'). Jetkinshek ....................165
Paxta. (Gu'rrin') ..........................................167
Jaz keldi. (Qosi'q). Sh. Seytov .......................168
G'azdi'n' palapani' (Qosi'q) ..........................169

**Klastan ti's woqi'w ushi'n qosi'msha materiallar**

Mektebim. (Qosi'q). X.Saparov.........................171
Wo'jetlik. (Qosi'q). A'.A'bdimuratov...................172
Yeki qi'zdi'n' dawi'. (Qosi'q). K.Yernazarov .....173
Quslardi'n' paydasi' (Gu'rrin')..........................175
Yetikshinin' qosi'g'i'. (Qosi'q). M.Seytniyazov ....176

**Jas wo'spirim balalar — bolajaq azamat.**

Sara ha'm Sa'wle. (Qosi'q). M.Seytniyazov ........178
Papka ha'm shapka. (Qosi'q). A'.Seytjanov .......180

Baymurat Qutli'muratov,
Ni'sanbay Ta'jenov
Baekesh Qa'limbetov,

**WOQI'W KITABI'**

**2-klass ushi'n sabaqli'q**

*qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspasi'*
*No'kis — 2016*

| | |
|---|---|
| Redaktorlari' | G. Pirnazarova |
| | B. Zivarova |
| Dizayner | A. Jarimbetov |

Original-maketten basi'wg'a ruxsat yetilgen waqti' 16. 05. 2016-j. Formati' 70x90 1/16 . Ofset qag'azi'. Kegl 14. Tip «Pragmatika» garniturasi'. Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 12,0 baspa tabaq, 14,04 sha'rtli baspa tabaq, 15,62 yesap baspa tabaq. Buyi'rtpa № ... Nusqasi' 13158 dana.

Original-maket «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda tayarlandi'.
O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabineti ta'repinen baspa xi'zmeti menen shug'i'llani'w ushi'n 15.04.2016-ji'li' Al №114 **licenziyasi'** berilgen.

«Qaraqalpaqstan» baspasi', 742000. No'kis qalasi'. Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

«Sharq» baspa-poligrafiya akcionerlik kompaniyasi' baspaxanasi'nda basi'ldi'.
100000 Tashkent qalasi', «Buyuk Turon» ko'shesi, 41.

**Ijarag'a berilgen sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste**

| | Woqi'wshi'ni'n' ismi, familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qol tan'basi' | Sabaqli'qti'n' qayti'p tapsi'ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qol tan'basi' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqli'q ijarag'a berilgende ha'm woqi'w ji'li'ni'n' juwmag'i'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegishe bahalawg'a muwapi'q tolti'ri'ladi'.**

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' paydalani'wg'a birinshi berilgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, ko'shpegen, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'wlar joq. |
| Qanaatlanarli'q | Muqaba jazi'lg'an, bir qansha si'zi'li'p, shetleri jelingen, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'rali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli'q won'lang'an. Ko'shken betleri qayta won'lang'an, ayi'ri'm betleri si'zi'lg'an. |
| Qanaatlandi'rmaydi' | Muqaba si'zi'lg'an, wol ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlandi'rarsi'zli'q won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri jetispeydi, si'zi'p, boyap taslang'an, sabaqli'qti' tiklewge bolmaydi'. |